МАХ ДУГ

ИРОН ÆВЗАГ У БАЗЫРТÆ ÆФТАУÆГ...

7
2023

МАХ ДУГ
7
2023

НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Борис ГУСАЛОВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2023

МАХ ДУГ

7
2023

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, ГУСАЛТЫ Барис,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2023

НОМЫРЫ ИС:

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ
ХЪАЗИТЫ Мелитон 5

ПОЭЗИЙЫ ЗИУУÆТТÆ
БАГЪÆРАТЫ Созыр: 135 азы 7
ТОКАТЫ Алихан: 130 азы 11
БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег: 85 азы 16
СКИФИРОН: 85 азы 21
УАЛЫТЫ Лаврент: 85 азы 26
АБАЙТЫ Эдуард: 70 азы 31

ПРОЗÆ
ГÆБÆРАТЫ Юри. Сулайты хъæдгæс. *Радзырд* 38
ДЖИМИТЫ Кларæ. Темыр æмæ Аминæ. *Таурæгъ* 48

РОХУАТÆН ÆВГЪАУ
БАСИТЫ Мысост. Таймураз. *Радзырд* 61

АРФ ХЪУЫДЫТÆ ЦЫБЫР НЫХÆСТÆЙ 70

ИРОН НАРТИАДÆЙЫ АЗ
Валентинæ ДЫННИК. Алцæмæй æххæст хъайтар Нарты эпосы. *Уац* 72

«МАХ ДУГ»-Ы ПРЕМИЙЫ ЛАУРЕАТТЫ СФÆЛДЫСТАД
ГАБОЛАТЫ Зауыр. Мæ мидхъæлæс мæм сусæгæй фæдзуры. *Æмдзæвгæтæ* 85

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ. Контекстон пунктуаци куыд аивадон мадзал. *Уац* 88

ДУНЕОН ЛИТЕРАТУРОН КОНКУРС-ÆРКАСТ «БАЗЫРТÆ»
ТЪЕХТЫ Тамерлан. Зæл, ирон ныхас, нæ зæрдæты! 93

«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ
АНДИАТЫ Барис, АНДИАТЫ Регинæ. Ирон адæмон орнамент. *Уац* ... 97

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД
Кæхцы зарджытæ 114
Хæйрæджыты хабæрттæ 116
Таурæгътæ 122
Хъæлдзæг хабæрттæ. Ахуд æмæ фылдæр фæцæрай 138

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 143

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ

ФЫССÆГ ХЪУАМÆ КÆДДÆРИДДÆР УА ЙÆ ФÆРНÆЙДЗАГ НОМЫ АККАГ

Фыссæг, æцæг фыссæг, вæййы иууыл адæймагуарзондæр – искæй хъуагæй уæлдай комдзаг никуы акæндзæн, æвзæры хионы охыл никуы стаудзæн, мæлдзыджы къахыл никуы фæлæудзæн...

Фыссæг, æцæг фыссæг, вæййы иууыл æгъатырдæр – арвæй зæххы 'хсæн зæдтæ цы хъулон митæ фæкæнынц, паддзæхтæ сæ зæвæтсдæрджытимæ дур кæуыл ныффæлдахынц, адæм се скойæ дæр ризгæ кæмæй фæкæнынц, уыдæтты дæр уый ракалы хурмæ, æрæвæры сæ рæстæджы тæрхоны раз. Афтæмæй алчи дæр, зæхх, æрдз æмæ адæймагады раз ыл цы стыр хæс и, уый бæлвырдæй куы зонид, уæд нæ бирæтæ, æвæццæгæн, разы нал уаиккой æрмæст сæ хъысмæтæй нæ, фæлæ сæ райгуырдæй дæр.

Зæххы цъарыл иууыл æнцондæр искæй рæдыдтытæ нымайын у. Мæнæн дæр ныртæккæ мæ бон у, нымайон æмæ нымайон нæ куысты цухдзинæдтæ, – цъус не сты, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, сæйрагдæр аипп у мæнæ ахæм хъуыддаг.

Иу кæнæ иннæ бынатмæ искæй куы февзарæм, уæд ын йæ авналæнтæ, йæ удыхъæд, йæ арæхстдзинæдтæм лæмбынæг æркæсыны бæсты, тарст страус йæ сæр змисы куыд фæцæвы, – нæ йæ уынын æмæ дзы ирвæзт дæн, – афтæ мах дæр нæ сæртæ нытътъыссæм нæ хъæбысты æмæ нæ алчи дæр фæхъуыды кæны йæхирдыгонау: «мæнæй йын фылдæр бантысдзæнис, уæд æй ныххахх кæнын хъæуы», «мæ хæлар, мæ хион у, уæдæ – хорз», «мæсты кæмæ дæн, уый аргæвддзæнис, уæдæ йын схæцон мæ къухыл», «искуы мæ истæмæй фæхъыг кодта, уæд æргæвдинаг у...»

Уанцон хъуыддаг нæу уæдæ: нæхæдæг нæхицæй мауал æфсæрмы кæнæм, фæлæ нæ нæ ном куы ‘фсæрмы кæна, уæд уый дæр цас лæгдзинад у?

Хъыгагæн нæ айрох вæййы, дзырд цы адæймагыл цæуы, уый мæнæн чи у, кæнæ мемæ куыд у, сæйраг уый кæй нæу: нæдæр, иу-дыууæ азы ма кусын æмæ дзы стыр пенсийы ацæуоныл, мæ биографи ма уымæй дæр фæхъæздыг кæнонил хъуамæ ма хъуыды кæниккам; ноджы худинагдæр та, мæхи цард саразон, иннæтæ цыфæнды дæр кæнæнт, зæгъгæ, чи хъуыды кæны, уыдонæн у. Кæд адæм стæм, фыссæджы ном хæссæм, уæд, бынатмæ искæй æвзаргæйæ, раздæр-иу куыд уыдис, афтæ стыр къæлæтджыны бадæг хицауы амындæй ма аразæм нæ хъуыддæгтæ. Йæхицæн кас кæнын чи нæ зыдта æмæ кæмæндæр сир чи арæзта, ахæмты ма уромæм бæрнон бынæтты, фæлæ, фыссæджы бынаты кæй æвæрай, уый хъуамæ организатор дæр уа, нæ адæмы патриот дæр æмæ адæймагон адæймаг дæр, цæмæй:

1) иу литературæ цы дыууæ Ирæн аразæм, растдæр зæгъгæйæ та, цы ирон адæмæн, уыдон дæр иу кæна æмæ нæ фысджыты дæр;

2) æппынæдзух фæндаг гæрда æцæг аивадæн;

3) кусыны, рæзыны æмæ царды фадæттæ араза фысджытæн æмæ ног фæлтæр хъомыл кæнынæн дæр.

ХЪАЗИТЫ Мелитон,
Ирыстоны Фысджыты цæдисы æмсæрдар

БАГЪÆРАТЫ СОЗЫР – 135 АЗЫ

(1888 – 1928)

Бирæ цыдæртæ нырма бæрæггонд нæма сты Созыры сфæлдыстады, йæ поэзийы стыр дунейы. Фæлæ йын кæронмæ дæр базонæн нæй, кæронмæ дæр ын бамбарæн нæй – æцæг поэзийы уыцы миниуæгимæ нæ сразы уæвын хъæуы. Уымæн æмæ æнусты цæрæццаг уый тыххæй свæййы.

Тæхудиаг цардæй нæ цард Багъæраты Созыр. Тæхудиаг цардæй цæры æмæ цæрдзæн йæ поэзи.

МАЛИТЫ Васо

КЪУÆТТИ

Æнæ ’взаг æй, æнæ ’взаг, –
искæнунцæ ’й сæ кустаг.
Къуæтти, къуæтти, къуæзæнæг,
карди комбæл дæ зæнæг.

Ка сæ дæмуй æ дзурдæй,
ранæмунцæ ’й æмбурдæй.

Маци дзорæ æ сæрбæл,
нæ ин гъæуй тæрегъæд.
Къуæтти кæд æй – нæ хонхбæл
æвзæгутæ æруедзæд.

БУНГАРД

Дунгæ дæ æвзонгæй кæддæр расаста,
æ цæфтæ зæрдæбæл лæуунцæ.
Бавзарунмæ зинтæ дæу ма ниуагъта,
бунтæй дæ уедæгтæ ресунцæ.
Дæ цилпæ мæтъæлæй рæхцуй дæ сæрбæл,
бадуй дзи гъолон цъеу астъони.
Сауæнгæ нæ кæуис уæддæр дæ зинбæл –
цъеу ма дин разаруй хор бони.

КУВДГÆНГУТÆН

Ку базудтон хъæбæр раги мæ еунæг,
Уæд ма мæмæ цæмæн дзоруй уæ хонæг.
Ниммæ уагътæ, уæ кувдмæ дæр нæ цæун,
уæ минаси зæрдигъæлдзæг нæ фæуун.
Уæ астæу мин исарæх уй инæфун,
уæ карз дзурдæй фунæййæй дæр æстъæлфун.
Ниуазетæ, мæн хузæн дзи нæ гъæуй;
æнамондæй уæ хъазар лæг нæ мæлуй.
Ку фæххуæрун хебæраги мæ кæрдзин,
нæ мин фæууй, еунæг уогæй, уотæ зин.
Ку фæлледзун идарддæрмæ уæ дзолæй,
фулдæр уарзун уæд алкедæр изолæй,
Фал дуйнебæл зин цæрæн æй еунæгæн.
Хаттæй-хатт, цид, исæнбал ун берæгъæн.
Неци зонун, зæрди незæн нæ зæгъун, –
растисафæг, мæнгæвдесæн нæ лæуун.
Неци зонун, нæуарзон уин цæмæн дæн:
некæд ерун хуæздæр над дæр мæ фæндæн.
Нæ фæббоз дæн мæ ниййерæг-мæ мадæй,
цæмæн задæй æ биццеуи æгадæй.
Цæмæн хæтун бæгъæнвадæй, бæгънæгæй,
цæмæн цæрун æскъудздзагæй, еунæгæй?
Ниммæ уагътæ, уæ кувдмæ дæр нæ цæун,
уæ минаси æнæ ’фхуæрдæй нæ фæуун.

КЪОСТАЙ ФÆСМÆРДÆ

Хуæрзигурд лæг, бæстæ уарзгæй,
нæ фæммæлуй хуæрззæрæй,
Æвæццæгæн, гъезæмарæй
рæхги мæлун хуæздæр æй.
Нур дæр ма нин ку цардайдæ –
бæргæ нæ гъудæй æ сæр.
Уæд абони игъустайдæ
нæ бæрзонд хуæнхтæй æ гъæр.

Æ фудæбон æ уарзонтæн
ниххæлар æй сæ фæндон.
Æ фæсмæрдæ нæ мæгуртæн
исаккаг æй цæрæнбон.
Æ фæсмæрдæ зæрдирайгæй
æстугути ирæзæн.
Нæ фæлмæн цъух зæрди дуар æй,
нæ цъухæй æй имисæн.

НИФСГИН

Лæг, дан, æ нифсæй æй,
æмбурди дæ бартæ
агорæ ду дæр.
Гъуддаг гъæлæсæй æй.
Æмбурдмæ гъæлатæ
æрхонæ фулдæр.

Уо син кæнгæ фиййау,
æлгъетæ дæ мади,
ходæ син: «хе-хе» ...
Нæрсæ хæсгæ хуййау,
цардæн дæр æ цади
æвдолæ дæхе.

ТÆЛÆТГÆНГУТÆН

Зæнхиуарæг уин адтæн...
Мизд агорæг уи н' адтæн.
Æрвæнстайтæ мæ кустбæл.
Исистайтæ мæ ухстбæл.

Уæ уорс бицъо фæззиндтæй –
нæбал гъудтæн уæд уе 'хсæн.
Нæуæг дуйне æрзилдæй,
хуæрзгæнæгæн зæрдресæн.

Ку бахастайтæ уæ гъаст,
ку рахъал айтæ фунтæй,
мæ хæдзæрттæй уæхæн маст
исистайтæ сæ бунтæй.

Фал уой фæсте уин уæддæр
ку фæттахтæй уæ уорс сæр,
уæд иссайтæ нæхецон.
цæстфæлхатæг, фæдесон.

Уæ рагон маст нæ тайуй,
мæ хъалон уин æрхи тас.
Æрдæгмардмæ нæбал уй
лæги хъаурæ, лæги тас.

ТОКАТЫ АЛИХАН – 130 АЗЫ

(1893 – 1920)

Алихан хæрз æрыгонæй бинонычгæй сахуыр кодта, йæ зæрдæмæ арф айста уырыссаг æмæ дунеон дзырдаивады стырдæр хæзнатæ, уыдоны фарн ахъардта йæ туджы, систы йын хицон. Æмæ райгуырди ног аивад-феномен. Нæ нæртон дуне æмæ æндæр адæмты поэтикон дунейы кæрæдзиуыл бандзæвдæй цыма цæхæр акалд æмæ уый рухсмæ сæдæ хъуытазау æмæ сæдæ мырмырæгау нырттывта, ныййазæлыд ирон æвзаг. Дзырдтæн мидæджырдыгæй уыди цыренгæнæг тыхтæ – цардбæллон, фæрныг ирон лæппуйы зонд æмæ зæрдæ. Адæмы æнусон удхарæй, бæллицтæй дзаг зонд æмæ зæрдæ.

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

ЦЫКУРАЙЫ ФÆРДЫГ

Сонет

Мæнмæ цыкурайы фæрдыг ныр ис.
Æдзух вæййы мæнмæ æппæт, цы курон.
Уый нæу зæххон, уæларвонтæй у – хурон,
Дзæбæх кæны фыдниз, уый зоны рис.
Нæ радта уый мæнæн ыстыр дзуар Дзывгъис,
Нæдæр та Сафа, Уацилла, Æртхурон.
Æз калмæй байстон уый – уыди фыдхъулон,
Цæхæртæ калгæ сау маргæй сыгъдис.
Фæндонæй æз фæтæхдзынæн уæларвмæ,
Æркалдзынæн нæ зæхмæ Рухсæй тын.
Мæ ауон бæстыл райдайдзæн хæтын.
Дæлдзæхæн та ныккæсдзынæн йæ арфмæ,
Дунетыл таудзынæн рæсугъддæр фын.
Æз талынгæн æрхаудзынæн йæ тарфмæ.

* * *

Мæн сызгъæринтæ нæ хъæуы,
Зæрдæ уыдоныл нæ кæуы.
Мæн хъæуы æртæх.
Уæ, æртæх! Æртæх ды махмæ,
Ды æртæх мæ хуымы хахмæ,
Уалдзыгон æртæх.
Курын. Кувын æз æртæхмæ,
Кæд æртæхид уый мæ зæхмæ.
Уæ, мæ куывд, фæтæх.
Ды фæтæх, мæ куывд, Хуыцаумæ.
Уæ, æртæх, æртæх, æрхау-ма,
Бапырх кæ нæ зæхх.
Зæхх куы бапырх уа æртæхæй,
Уæд æрттивдзæни дзæбæхæй,
Калдзæни йæ тæф.
Фæлмæн кæрдæг уæд цъæх дардзæн,
Фæлмæн фынтæ зæрдæ зардзæн
Уалдзыгон æхсæв.

ИЗÆРÆЙ

Хъæдмæ мæ тагъддæр фæцæуын фæнды, –
Зарæг цъиу диссаджы зарæг кæны
Хъæды изæрæй
Бæласы сæрæй...
Булæмæргъ, булæмæргъ, ма фæтæх дард,
Ма фæтæрс, ма фæтæрс, бæласыл бад.
Азар мын, цæй,
Ма тæрс мæнæй...
Зæрдæ æнцадæй ныр – хъæлдзæг, æнкъард,
Диссаджы зардæй мæ зæрдæ æрцард.
Хъусын, лæууын,
Худын, кæуын...
Азар мын, азар мын, булæмæргъ, цæй...
Райдыдта, райдыдта тагъддæр, хъæрæй.
Ма уадз дæ зард,
Ма бад æнцад.

Дидинæг, дидинæг, ракал дæ тæф,
Диссаджы тæфæй ды дзаг кæн уæлдæф.
Рæз мын ды дæр,
Тæф кæн фылдæр.
Хæхтæй фæтулы, фæтулы нæ хур...
Азар-ма, азар-ма, цæй, ды, мæ хур,
Уæ, цъиу, мæ бон.
Æз ныр кæуон...
Хæхтæй нæ хур дæр бынтондæр ныттылд.
Мигъ ма сырх-сырхид йæ сæрмæ фæзынд.
Тулын æз дæр
Хъæды дæлдæр.

ФЫЦЦАГ ФÆКАСТЫ УАРЗТ

Фыццаг фæкасты уарзт –
Æнæтæригъæд маст,
Лыстæгмур хуры тын,
Дзæнæты царды фын,
Æнæ дуар, æхгæд,
Æнæ фæд-фæды фæд,
Тыхджын арвы гæрах,
Æнæхуысгæ цырагъ,
Æнæмæлгæ мæлæт,
Зæрдæуынгæ дзæнæт.

ÆРÆДЖЫ РАЗЫНГÆ КЪУХФЫСТЫТÆЙ

МÆ ЗÆРДÆ

Зæрдæйы минас нæ хъæуы,
Мард фыд нæ кæны хæргæ.
Минасыл зæрдæ нæ кæуы,
Зонæг æй куы уаид бæргæ.
Зæрдæ ныр кафын нæ зæгъы,
Зардмæ фæкæны кæугæ.
Зæрдæ ныр хъæлдзæг нæ кæны,
Сау зæрдæ, гъеныр кæугæ!

Фæздæджы тухæн фæкæны,
Æдзухæй йæ зæрдыл кæуы.
Хъæлдзæджы бон ыл нæ кæны,
Æдзухæй æнкъардæй лæууы.

Фыдгойæ зæрдæ нæ тæрсы,
Уадз ныр йæ фыдгой кæной.
Фыдгой мастæн нæ хæссы.
Уадз цæй фыдгойтæ цæрой...

Чи дын базондзæн дæ конды?
Чи зæгъдзæн ц' агурыс, уый?
Чи дын базондзæн дæ зонды,
Чи уыдзæн, чи уыдзæн уый?

МÆХИМÆ ХÆЦЫН

Ныр, цымæ, мæхицæн цæмæн кæнын зын?
Ир! Сымах цæмæн хæрам кæнын мæхимæ?
Æцæг хорз мæ къухæй Ирыл куы фыссин фын,
Уæд мыл уайдзæф сæмбæлид цæфимæ.

Ничи мын æрхæсдзæн мæ фыдæбонæн хуын,
Арфæтæм мæм ничи æрцæудзæн нæхимæ.
Иууылдæр зæгъдзыстут: бахæца дыл рын,
Æмæ мæ ничиуал бауадздзæн йæхимæ.

Æз уын æнæ фыдæбонæй дæр хуын,
Суангдæр хæссын кæнин нæхимæ,
Мæхи дæсны скæнин æмæ-иу фын
Гæдыйæ сымахæн радзурин фæндимæ.

Мæнæн-иу лæгъстæмæ чи кæрдзын, чи хуын
Суангдæр нæхимæ хæссиккат цæххимæ,
Сау бæгæны уæд мæнæн суаид æнæ зын,
Æз уымæй бафсæдин кæфимæ.

Стæй мæ цухъхъа нæ уаид цъæх тын,
Æз уый сгæлладæй аивин нæхимæ,
Уыдон иууылдæр нæ уаиккой зын,
Фæлæ мæн куы уаид стыр зонд мæтимæ,
Уæд æз мастимæ хъæрзын
Райсин Иры тыххæй мæхимæ.

* * *

Мæ зæрдæ у æнкъард, фæтагъд кæ ды, фæтагъд,
Уæ, æфсымæр, рацу тагъддæр.
Мæ бæстæй дæн æз дард, æркæн-ма мын ды сæ цагъд,
Уарзын, уарзын æз сæ цагъд дæр.

Мæ хохæн у мæ цард, мæ хохы цагъд – æнкъард,
Цæй, æрцæгъд, кæуон, æз ниуон.
Æркæн, æркæн дæ зард, мæ хохы мын куыд фæтард,
У æнцон хъæрзын мæ риуæн.

Мæйдар æхсæв цæуын, кæуын æдзух, кæуын,
Рацу, рацу ды мæ размæ!
Уынгæг ран æз лæууын, нæ дæ хъæуын? Хъæуын,
Уæд æрбалæуу тагъд мæ фарсмæ...

Мæ бæстæй дæн æз дард, мæ уынгæг куыд, мæ зард,
Гъе, афтæ æз æрвитын афон.
Кæдмæ уыдзæн мæ цард, кæм æрцæудзæн мæ мард,
Рæзгæ, рæзгæ тагъд æнафон.

Мæ зæрдæйы мæт ис, уаед та кæнæм цæдис,
Æргъом тагъддæр мах фæласæм...
Бæстыл иу уд кæд ис, хъæр дæм кæнын фæдис!
Мах нæ æргъом нал фæразæм.

Ист сты чиныг «Цыкурайы фæрдыг»-æй, 2022 аз

БРЫТЪИАТЫ АСЛÆНБЕГ – 85 АЗЫ



(1938 – 2022)

Аслæнбег у сывæллонау æнæхин адæймаг, æмæ йæ зарæг дæр афтæ у. Уый гуымсæгыл нæ гыбар-гыбур кæны, фæлæ цæгъды уадындзыл... Фæлгонц саразынмæ, ныв кæнынмæ, цауты æцæгдзинад равдисынмæ Аслæнбег арæхсы иттæг хорз.

АБАЙТЫ Эдуард

ГЫЦЦИЙЫ ЗАРÆГ

Уæртæ рудзынгæн йæ авгыл
Салф ыскодта цил.
Мæн йæ мидбылхудтæй тавы
Хъызты дæр Гыцци.

Ниуы уад æргъæвст тæрхъусыл,
Уаддымгæ – хъæхъхъаг.
Æз мæ мады хъæлæс хъусын –
Хъарм, фæлмæн, зæлдаг.

Лидзы фын мысты хыртт-хырттæй,
Скъæты уасы стур.
Хъуысынц мæм мæ мады дзырдтæ:
«А-лол-лай, мæ хур!»

МÆ САБИОН БОНТÆ МЫСЫН

Мæ сабион бонтæ
        æууæнкæй фæкæсынц мæ фæстæ,
Нæ цардæн йæ хурварс
        æхсызгондæр удæн цы и?!
Фæмысы сæ зæрдæ –
        сæ ивгъуыды фарнæй фæхъæстæ,

Мæ фынты сæ фенын –
аерхæссынц та базырджын цин.
Æз уалдзыгон донбыл
зæрдæрухсæй бадын куыд уарзтон:
Куыддæр-иу сæуæхсид
нæ хæхтæн сæ цъуппытæй скаст,
Фæуагъта-иу афтæ
æнæнцой зæрватыкк йæ ахстон.
Куыд цингæнгæ тахти
мæ хъæлæс уæларвмæ æваст!
Нæ Терчы пырхæнтæй
æрттиваг æрдынтæ фæрæзы,
Кæфахсæгау къалиутæ
малмæ фæдары хæрис.
Лæппуйы цы мæт ис –
бæгъæввадæй саумæр дæлвæзы
Цырд барæгау уайы,
йæ быны бæхы бæсты – уис.
Мæ сабион бонтæ
ныронг дæр фæкæсынц мæ фæстæ,
Ныр дæр ма фæдомынц
сыгъдæг монцтæн бахæрын ард:
Куыд бафидон, адæм,
уæ хæрзтæй цы бафтыд мæ хæстæм?
Мæ бæллицтæй бирæ
фыдгæнæгау фесæфта цард.

ФÆСИВÆД КÆМ ЗАРЫД...

Мæ сабийы бонтæ –
æнæфæткон рæстæг,
Фæрсы мæ мæ кæстæр:
– Æргом-ма мын зæгъ,
Цы амонды фарнæй
дæ зæрдæ фæхъæстæ?
Цы цинтæ æййæфта
нæ фыдæлты зæхх?

– Æз зарæг куыд уарзтон,
мæ уд дын – æвдисæн.
Лæппуты хъæлæстæ –
мæ зæрдæйы арф,
Сæ зарджыты зæлтæй-иу
бацыдтæн дисы,
Æхсæв сын цырæгътæ
ыссыгъта-иу арв.
О, рагæй-æрæгмæ
фæсивæд кæм зары,
Уым дардыл йæ фарнæй
хæдзæртты ис цин,
Сывæллон дзы фагæй
рæвдауæнтæ ары,
Йæ уазæгæй буц у
нæртонкъух æфсин.
Нæ зæххы фæдисмæ
æрбамынæг зарæг,
Æвдисын сæ бахъуыд
лæгдзинады фарн.
Нæ райгуырæн бæстæ
фæхонæм ныййарæг,
Нæ цардæй йын фидæм
йæ мадæлон хъарм.
Мæ саби, дæ бонтæ –
æнæфæткон рæстæг,
Ныр азымджын масты
мæ урс сæр фæцис:
Нæ хуыздæр лæппутæн
цæрын æз сæ фæстæ,
Сæ зараг фæндырæн
æрбаскъуыд йæ хъис.

ТÆХУДИАГ ФÆНДОН

Мæ ныфсы фидар – буц мады æгъдæуттæ,
Мæ фыды цытæй нæй мæнæн уæлдæр.
Кæд-иу фæхаудтæн бирæ хатт нæ хæхтæй,
Сæ фарн хæссын мæ зæрдæйы уæддæр.
Мæ мад фæцард ирон æгъдауы кадæн,
Куырттатаг саг – мæ фыды ном уыдис.
Æз тынг дæсны ирон æгъдæуттæм нал дæн,
Ирон дзырдмæ нæу арæхстджын мæ сис.
Хуыцаумæ кувын – иу хорзæх, тæхуды!
Кæстæрты удтæм фехъуысæд мæ хъæр:
Ирон æвзаг ис райгуырдæй мæ уды,
Мæ туджы уымæй равзæры цæхæр!
Хъысмæт лæджы æртъæпп кæны уырдыгмæ,
Æнæрцæфты дæр бабын кæны хæст.
Хъæды тæлмыл ныппырх вæййы тыхдымгæ, –
Æмуд уæм – уый нæ Ирæн у йæ хæс.
Ирон фарн цуды, риссы йыл мæ зæрдæ,
Кæстæрты уавæр – сагъæссаг ’мæ хъыг.
Кæд не ’взагæн йæ уавæр у æвзæртæй,
Уæддæр æгъдауæй абон уæм фæрныг.

ХЪÆЛДЗÆГ УАРЫН

Хурдзаст уарын – алæмæттаг хъистæ,
Сæрды тавиц быдыртæн хæссы.
Донбыл та цæссыг кæлы хæрисæй,
Сонт уылæнтæй райхъусы сыр-сыр.
Хъæлдзæг уарын
Зæххы къори найы.
Дисы бафтыд
Сабитыл мæ уд:
Арвæрдыныл
Дауджытæм фæуайынц,
Алы уынджы
Азæлы сæ худт.

Царды цинад
Хуры тынтæй уафынц,
Никæмæн дзы бакæнынц
Æвгъау.
Булæмæргъы
Зарынæй æййафынц,
Суадонау
Сæ зæрдæтæ – рæдау.
Царды кар сæм макуы бафтæд рисæй,
Ма ныццæвæд мады зæрдæ хъыг.
Доны был æртæх кæлæд хæрисæй,
Мады цæстæй ма кæлæд цæссыг!

СКИФИРОН – 85 АЗЫ

(1938 – 1991)

Ирон аив литературæйы арвыл æхсаргарды æрцъыккау уыцы иу ферттывдæй йæ ном чи ныффыста, уыдонæй иу уыди Тедеты Рюрик (Скифирон). Йæ литературон бынтæ бирæ не сты, фæлæ сæ зыны дуджы комулæфт йе ‘ппæт знæт уылæнтæ æмæ ныхмæдзыдтимæ. Поэзийы ссардта йæхи сæрмагонд хъæлæс, æмæ уый уыди уæлахиз Олимпы цъупмæ йæ «уæззау дзуаримæ» цæугæйæ.

БУКУЫЛТЫ Алыкси

* * *

Куы схуыссай,
куы нал судза рухс дæ уаты, –
дæ цæсгом-иу хъæццулæй бамбæрз...
æндæра фендзæнис исчи,
дæ дзыккутыл æмæ дæ ныхыл,
дæ уæлтъыфæлттыл,
дæ уадултыл æмæ дæ хъуыртыл,
дæ былтыл
кæй ризынц, кæй рæзынц
æртдзых дидинджытау
мæ пъатæ!..

* * *

Кæмæн у амæлын æнцон?
Кæмæн у амæлæт æнцон?
Цæмæ бæллæм,
цæуыл вæййы нæ зард,
Цæмæн тæрсæм
цæсты гагуыйау мах,
Цæмæй бады
цагъары хъул дæр сах, –
Гъе уыцы стыр
нæртон хæрзиуæг – цард.

Зын кæм вæййы,
　　　　　　æнæбайрайгæ зын:
Куы – фарнамонд,
　　　　　　куы – сон æмæ фыдрын, –
Уым уагæр афтæ,
　　　　　　уагæр афтæ мæт
Кæй номæй бафты
　　　　　　адæргæй лæгыл,
Кæй баулæфтæй
　　　　　　сдзынга вæййы пыл,
Куыд зын хъуамæ уа уый,
　　　　　　ома мæлæт!..

* * *

Мæ зонгæтæ мæрдтæм цæуынц мæ разæй,
Мæ хæлæрттæ æрбайсæфынц æваст...
Кæмæдæр ма куы авæрдтаин нуазæн,
Кæмæндæр ма куы не скодтаин маст...
Æз нал ыскæнын исдугмæ кæугæ дæр,
Мæ уæнгтæ мын æрызгъалы фыдуац...
Хъуыдис ма мæ цыдæр зæгъын кæмæндæр,
Кæйдæр къух хъуамæ райстаин фыццаг...
Уæд та мæ, о, мæрдты бæстæ куы уырнид,
Цæмæй æвæрин фембæлынæй ныфс...
Дзæнæт цы у! Зындон дæр дзы куы уынин...
Фæлæ кæм и?!. Ыстæгдартæ зынынц...
Мæхæдæг дæр дымгæ боны цырагъ дæн,
Мæнæн дæр афтæ ахуысдзæн мæ зынг...
Мæт мыл кæндзæнис, чи мæ ’фхæрдта раздæр,
Кæй нæ уарзтон, уыдзæнис уымæн зын...
Æбуалгъ у цард... Куы аивгъуыйæм иугæр,
Куы нал нын вæййы раздæхæн мæрдтæй,
Уæд ныл кæнынц æрдиаг æмæ ниугæ,
Сæхи хæрынц фæсмон æмæ мæтæй...
Æбуалгъ у цард... Йæ удæгасæй адæм
Лæгæн йæ ауон ставд дурæй æхсынц...

Нæ йын бауадзынц иу боны цард адæн,
Сæ уæлныхты йæ ингæнмæ хæссынц...
Æмæ та стæй æнусты дæргъы афтæ
Зæххон лæгæн йæ цæссыгтæ, йæ куыд:
«Кæмæндæр хъуамæ кодтаиккам арфæ...
Кæйдæр ма не ’хсæн барæвдауын хъуыд».

* * *

Фæткъуы бæлæстæ
Ракъуыбыр кодтой,
Уалдзыгон фæткъуы бæлæстæ...
(Митхъулон уддзæф та
Дыргъдоны хъазы).
Æмпылд сыфтæртæ
Фаронæй нырмæ
Къалиуты цъуппытыл ризынц...
(Митхъулон уддзæф та
Дыргъдоны хъазы).
Æмпылд сыфтæрты
Рухс хур нæ тавы,
Нæ сæ сийын кодта тымыгъ...
(Митхъулон уддзæф та
Дыргъдоны хъазы).
Се ’мбæлтты уæлдай
Бæгънæг къалиутыл
Ныззезелæг ысты адон...
(Митхъулон уддзæф та
Дыргъдоны хъазы).
Цæрдуд сыфтæртыл
Сæхи нымайынц
Ацы æнæныгæд мæрдтæ...
(Митхъулон уддзæф та
Дыргъдоны хъазы).

ÆВИППАЙДЫ

Ныййарæджы рухс цæст æрцъынд и,
Æвиппайды нал ис нæ мад...
Судзаггаг мард ныл æрцыди,
Судзаггаг мард...
Ныййарæджы бæсты йæ къуымты
Йæ чызджытæ зилынц кæугæ...
Цудгæ-кæлгæ бон сæ ’ркъуырдта,
Цудгæ-кæлгæ...
Ныййарæгæн алы цæссыгæй
Йæ лæппутæ рухсаг зæгъынц...
Нал и фылдæр маст сæ хъыгæй,
Нал и зæххыл...
Ныййарæгæн исæм къæрисæй
Йæ армæйконд уазал кæрдзын...
Адæм кæрзынц æмæ риссынц,
Адæм кæрзынц...
Ныййарæджы арфæ – зын азым
Уынæргъы йæ хъæбулты ’хсæн...
Бон уа, æхсæв уа, – дзыназæм,
Бон уа, æхсæв...
Ныййарæджы буцхаст хъæбултыл
Ныр нал баузæлдзæн сæ мад...
Сау мигъ æрхауди йæ хуртыл,
Сау мигъ æруад...

ÆНÆХОНГÆ УАЗÆГ

Дæлдæр абад, уæлдæр абад мын дзурынц,
Хъуынæрфыгæй, фыдæхæй мæм кæсынц.
Цæстæнгасæй мæ сæрысæфтмæ сурынц,
Уынын æй хорз, кæй дæн сæ цæсты сындз...

Нæ мæ кæнынц æфсæрмы æмæ аргъуц,
Нæ мын кæнынц тæригъæд æмæ кад.
Мæ зæрдæ сриссы, балхъивы йæ агъуд,
Цыма сты фыд, цыма æз та дæн кард...

О стыр Хуыцау, куынæ мæм уыди хонæг,
Æнхъæлмæ мæм куы ничи кастис, уæд
Куыд радомон кæйдæр фынгыл физонæг,
Куыд ныууадзон кæйдæр уынджы мæ фæд?!.

Мæн аххос нæу. Хуыцау æви дæлимон
Кæйдæр фынгыл æрбадын кодта мæн,
Цæмæй – æнусмæ... Афтæмæй дзы иу бон
Нæ бафæразин хин æмæ кæлæн...

Æниу æй зонын: ацы фынгмæ, ардæм
Æнæ хонгæйæ алчидæр æрцыд.
Фысым дзы нæй, ам уазджытæ сты адæм,
Фынгæвæрæг дзы иунæг Хуыцау уыд...

Фæлæ сæ чи куыд раздæр æрцыд, афтæ
Йæхи ныммайы барджындæр лæгыл.
Дæлдæр абад, уæлдæр абад – сæ арфæ,
Куы срасыг уой, уæд та кæндзысты хыл...

* * *

Сонт лæппуйы ратон-батон систой,
Знæтæй йæ нæмынц.
Къахæй-къухæй йæ цæвынц.
Уас, фæхист уой!..

Уый зæрдæхæларæй зарыд, зарыд,
Никæй дардта хъыг.
Афтæ йын бæргæ, бæргæ нæ хъуыд,
Фæлæ туг ныууарыд...

Фистæгæй, дам, радугъ-бадугъ ма кæн,
Ма, дам, у æвзонг.
Сидынц ын ахъаззæгтæ йæ мадæн,
Здухынц ын йæ цонг...

Охх, нæмынц æй, фæлæ йæ нæ уадзынц
Кæуын дæр, кæуын.
Æз, мæхи тыхуромгæ, лæууын:
Ма йын байсой, ма йын асæттой йæ уадындз...

УАЛЫТЫ ЛАВРЕНТ – 85 АЗЫ

(1938)

Поэты утæхсæн дæсгай азты дæргъы никуы банцадис æмæ цадæггай хуыдта «сабыр лирикæйы» бæстæмæ. Уæззау фæлварæг æмæ фæрсудзаг фæндæгтыл ын поэзи ссис боны рухс дæр, æхсæвы тар дæр, мæйрухс æхсæв дæр, стъалыты цæхæр дæр, ныййарæг мад дæр, уарзон чызг дæр, фыдызæхх дæр.

ХОЗИТЫ Барис

ЗÆРДÆЙЫ УАДЫНДЗ

АРФÆ

Бузныг, хъæды маргъ,
Ды мæм къалиуæй авдæнмæ зарыдтæ,
Уыдтон дæ мæ фыны
Æхсæв уа,
Йе боны рæбыны,
Ыстæй-иу куы цыди
Фæззыгон уарынтæ,
Уæд-иу дæм æхсайдта мæ зæрдæ.
Бузныг, кæй мæ кодтай ахуыр
Тæхын дæр, зарын дæр.
Æз, дæу фæзмгæйæ,
Бон уа, æхсæв уа
Мæ зæрдæйы сагъæстæ зарыдтæн...
Суадонæн – арфæ:
Куы-иу дзы нуæзтон, –
Кастæн-иу джихæй йæ арфмæ,
Уыдтон дзы стъалыджын арв дæр.
Æмæ мын-иу кодта йæ тарфæй,
Йæ хæл-хæлæй аргъау.
Йæ сатæгæй тахтæн
Сусæны тæвды дæр маргъау.
Йæ сыгъдæг мæ риуы фæхастон æз дисæн,
Умæй æхцон уыд мæ удæн.
Мæн чи зоны, уыдон,
Мæн чи уарзы, уыдон – æвдисæн...
Зæрватыкк, бузныг!
Хæс фидауы йæ фыстæй:
Иу æмæ дын дыууæ хатты
Нæ байтыгътон рудзынг
Мæ уатмæ, мæ тыргъмæ:
Хуыцаумæ ды хастай
Тыхст лæгæн йæ фыстæг

Ыстъалыджын арвы тыгъдадмæ.
Уый дæр куыннæ,
Фæлæ дын бузныг:
Ахуыр нæ кодтай амайын, аразын
Цæрынæн хæдзар,
Адæмæн уымæн дæ уарзон, хæлар!

* * *

Æз мæ хæлæртты сафын,
Радгай сæ сафын:
Удмæ фемхиц ис
Удхайраг сау фын.
Хур мæ удæй æфтауы,
Тар мыл уазал æфтауы.
Æз мæ хæлæртты сафын.
Æз мæ хæлæртты уарын
Дымгæтæн,
Фæндæгтæн,
Мæрæн.
Æмæ зилы мæ сæрмæ
Саубазыр халон.
Уый хæстæгæй-хæстæгдæр кæны
Мæ фыды къæсæрмæ,
Мæ цæрæн мæсгуытæ мын халы!

* * *

Ды ме знæгтæм ма хъус,
Мæ хæлæртты ма фæрс:
Бæласыл фос ысуадысты, æмæ бахус.
Ды ме знæгтæм ма хъус.
Фæнды дæ мæ удмæ ныккæсын?
Уæд бамбар:
Цы фæдзуры къутæрæн маргъ,
Къутæр цæмæн узы маргъæн йæ ахстон,

Цæмæн тайы тары мыдадзын цырагъ
Аргъуаны къулыл ныхæстæй...
Кæд мæ нæ бамбарай
Уыдоны фæстæ,
Курын дæ, ма мын кæн аргъ
Искæй ныхæстæй.
Дæ зæрдæйы бафæрс.
Ма тæрс,
Зæрдæйæ растдæр
Ничима радта дзуапп
Уарзтæн!

ДÆ РУХС

Æз федтон дæу фæцæйцæугæ, дæ рухс
Ныгуылгæ хурау ивылди дæ фæстæ.
Кæд у мæ сæр Сæнайы сæрау урс,
Уæддæр мæ гуыр æрбалвæстон дæ цæстмæ.

Уыдтæ кæддæр зынг бæллицты тыхтон,
Æмæ-иу фесты ме 'хсæвтæ æгъуыссæг.
Амуры арты уыдон æз сыгътон,
Фæлæ мæм ды нæ фæзындтæ æххуысмæ.

О Стыр Хуыцау, цы бавзæрста мæ уд,
Уый мин удæн дæр фаг уыдаид мастæн.
Уæларвон зæдау дæ ныр дæр рæсугъд.
Æвæццæгæн, зæрондгæнæн нæй уарзтæн.

Æндæр мæ риуы ног цы ссыгъта арт,
Æваст цæмæй фæрæсугъддæр мæ цард?

НЫФС

Мæ фыстыты æз агуырдтон мæхи,
Фæлæ Хуыцауæй хи ссарын зындæр у.
Тæхуды, æмæ чи саразы хид
Йæ зæрдæйæ йæ зæрдæмæ æндæрæн.

Мæ фæндагыл къæйдур дæн æз – мæсыг.
Сæттын æй мургай, халын æй, – кæм ис?
Мæ фыдбылыз мæм уый сæрæй кæсы,
Æмæ мын у мæ хъуыддæгты сæрниз.

Фæлæ кæм нæ дæн Нарты тугæй сæрст!
Мæ уæлахиз нæ агурын цæссыгæй.
Йæ бындурæй æрцæудзæн уый ыссæст,
Æмæ кæсдзынæн Мæсгуыты Мæсыгæй.

АБАЙТЫ ЭДУАРД: 70 АЗЫ

(1953)

Не ‘мдугон поэт Абайты Эдуард йæ удæй арт цæгъды, цæмæй махæй алкæкуыл дæр дзагцæстæй кæса ирон дзырды хур. Цал æмæ нын цал ныхасы бахызта рохуатæй, цал æмæ нын цал дзырды раздæхта фæстæмæ йæ уацмысты! Æрми йын сты нæ мадæлон æвзаджы æвæрæнтæ, æмæ сæ сфæлдисы æвæджиауы налхъуыт-налмастæ.

КЪАДЗАТЫ Станислав

ДÆ БÆХ – ÆФСУРГЪ, ДÆ ДЗЫРД, ПОЭТ, – ДÆ ЕХС

* * *

Къостайау чи рыст адæмæн сæ ристæй,
Иратаманы номхæссæны Нар?!
Сæнардзæкъæн ныр чи стухы æвзисты,
Сымæры тæф ын нал фæкæны, нал.

Æрттивагæй æвзист нæ вæййы алцы,
Цъæхдзаст хæйрæг у, ма йæ рахон зæд!
Уæдæ куы уынай комкоммæ ды арсы,
Уæд ын куыд хъуамæ агурай йæ фæд?..

Дæ бæх – æфсургъ, дæ дзырд, поэт, – дæ ехс,
Ды афтæ цæв дæ ефс кæнæ дæ уырсы,
Дæ армыдзыхъхъæй ехсы хъæдæй чъепс
Куыд фæхауа дæ бæхы агъд – чъылбысæй...

Ды дæ, Къоста, мæ ард æмæ мæ сомы,
Ныуæрст цæхæрау хъахъхъæнын дæ фарн,
Цæмæй мæнæн сæлавырау мæ номæй
Зынаргъдæр ма суа искæдбон мæ царм...

* * *

Мæ кæуындзæг хъуыры æлхынцъæй фæбадти, –
Йæ кæрдзыны ном дæр куы нæ зоны саби.
Ысдойны, ныйирд сты йæ цæстытæ донмæ,
«Æри дон» зæгъын та иронау йæ бон нæу.

Гъе афтæ нæ рæзгæ сывæллæтты уарзæм,
Æрмæстдæр кæстæрæй дон нуазæм, дон нуазæм.
Нæ арфæйы «донарæхæн – дæ цард» хъарæм,
Фæлæ сæ мах афтæмæй дойныйæ марæм...

Былдауæн сын акæнæм не ’взаджы мыртæй,
Мæлæг удæн донæй куыд сæрдай йæ былтæ.

Ысуадзæм сын, гормон, ысуадзæм æмбойны
Сæ мадæлон æвзагæй уæдæ сæ дойны!

Сывæллоны дзыхæй куыд æлвасыс уидыг,
Дæ тала бæласæн куыд марыс йæ уидаг?!
Уый чи загъта: «Иуæн дыууæ дæр æфсад у?!»
Туг тугæй нæ ивынц, тыхджын дæ, туг, сабух!

* * *

Пысырайы уыраугæ сыгъд нæ бавзæрстай,
Дæ къахы бын дæр никуы фæныхст сындз,
Лæппуйау Терчы знæт гуылфы нæ бафсæрстай,
Къуымæлы дæр дын никуы бахауд бындз.

Цы дæ рауайдзæн афтæмæй, цы? Бадт дзуллаг!
Сылы дæр ма куы схуырх вæййы, куы схуырх.
Фæлмæнком цæвæг дзалайы кæм бацъула,
Уым дурбыны куыннæ фестдзæни хырх?!

Фæзæгъынц, ном æрмæстдæр у фæзилынæн,
«Сослан» ном дæр бæргæ хæссыс – нæртон.
Алæфтимæ лæджыхъæд хъæуы симынæн.
Дæ ном та циу? Фæдæгъдхæтæлæй топп!

Пехуымпар загъта: «Айк мæцъисæй тулдзыстут,
Уæ дыууæ иуæн – агуыры æфсад».
Куырдадз у цард, йæ цæхæры мах судздзыстæм,
Æнæ сæрыдæй ма баззай, Сослан!..

МÆ ФЫДЫМАД МЕЛЕС ХÆМЫЦОНÆН

Мæ фыдымад – Хæмыцон,
Куыннæ йæ хъуамæ мысон,
Куыд-иу былта йæ цъында,
Йæ цæстыты æрцъындмæ?!
Мæ хъустыл й' амынд уайы:
«Цъындайау цард цæстгай у.
Нæ дзы фæхæст дæ иуыл, –
Дæ цъында фехæлд иууыл».

Цъындадзæстытау – м’ азтæ,
Ныххауынæй сын тарстæн.
Хæмыцонæн йæ ныстуан
Дзæнгæрæгау æз хъуыстон...

Мæ фыдымад – Хæмыцон,
Куыннæ йæ хъуамæ мысон!
Йæ хъæды уыд, йæ уæнджы
Зæрондæй дæр – нæуæг чындз.

Йæ разæй цыд йæ тухæн.
Æддæг-уæлæ йæ къухтæ
Уый не ’рæвæрдта никуы.
Цæмæфæнды фæринк уыд!

Æхсæвæй, дам, цы кайыс –
Дæ цардæй дын уæлдай у...
Кæд уый тыххæй ды афтæ
Дзæвгар азтæ фæцардтæ?!

Хæмыцоны фæзмгæйæ,
Æз ме ’хсæвæй фæтонын,
Мæ рæнхъытæ фысгæйæ.
Ныр дæр та мыл ысбон и...

СÆРМÆТÆН

Цъæгъæдзы уæфтийау нæ зоныс æнцой,
Нæ сæрыл нын разилын кæныс куырой,
Дæ нывонд, дæ фæхъхъау, дæ рынтæ, уæддæр
Ды махæн нæ зæд дæ, нæ чысыл зæрдæ.

Хæдзардзаг бинонтæ дæуыл сты æфтыд,
Æнæ дæу та абон нæ хæдзар – афтид.
Æгуыппæгдзинадæн та стæм мах фысым,
Æрмæст нæм нæ зæрдæты гуыпп-гуыпп хъуысы...

Хæлхæлгæнаг суадонау, иу бон куы уа,
Уæд байгом кæндзынæ нæ хæдзары дуар,

Фæсурдзынæ пъæззы, æгуыппæгдзинад,
Æмæ та нæм базмæлдзæн, базмæлдзæн цард...

* * *

Мæ зæрдæйы риуыгъд мæ зæрдæйы цæфимæ сиу.
Зиу ракæнæм, лæппутæ, ракæнæм, лæппутæ, зиу!
Уыгæрдæны кæрдæг æмгуыдын æркодта фырзад,
Нæ цæвджытæ исæнт кæрæдзийы дзыхæй сæ зард.

Хал халæн æххуыс у, хал халæн æххуыс у, æххуыс,
Æмæ кæд мæнæн дæр дзæгъæлы нæ уаид мæ куыст.
Нæ уыгæрдæн – денджызау, диссагдæр ма дзы цы уа,
Нæ уистæ – уылæнтæ, кæрæдзийы сурынц цыма!

Мæ дысæлгътæй асæрфын ныхæй дыууæрдæм мæ хид,
Æхсызгон фæлладæй æруагътон мæ уисгæрон хи,
Фæлæ нæу куысты кæрон, арвмæ уыдзæн ныр мæ каст.
Куыд ива арв, афтæ мæ цæсгом дæр ивдзæни раст.

Къæвдайы хур бæстæ куы кæны дзæгæрæг, тæппал.
Æрбацæуы къæвда, æвзистцæфхад бæхау – цапуал.
Æрбахæстæг хурхæтæн, хурджын вæййы уæд бæргæ,
Фæлæ уал ныртæккæ куы зæхмæ кæсын, куы – хæрдмæ...

* * *

Цы хорз у, цы, хи къухты тухæн:
Мæ къабуска байдыдта тухын.
Сты тугылскъуыд дзедырæг, хъалгъæн.
Мæхицæй æз уый тыххæй хъал дæн.

Фыр цин арæх расайы мастмæ –
Мæ чылауи фыр задæй ’рсасти.
Æмæ ныр мæхимæ быцæу дæн,
Куыннæ йæм сæвæрдтон быцæутæ?!

* * *

Дæ цырд сыххуытт! Цæй чысыл хъуыд,
Цæ, амондæн, уæвгæйæ!..
Ныссурон дæ! Цыртсурæтау
Куы баззадтæн лæугæйæ...

Цæй цин гуыра мæ цъингуырæй,
Фæцъелф кодта ’мæ нал ис?!
Кæд м’ амонд нæу, уæд албон дæр
Мæ цæстытыл куыд уайыс?..

Уæд иунæг уысм куыд сси æнус,
Нæ уыдтæ кæд мæ хъысмæт?
Цæстфæливæн? Цы фæивын
Æнус уæд уыцы уысмыл?!

* * *

Æнгуз ызгъæлын афон
Ысиллæг та ис халон...
Æнгуз бæласы сæрæй
Æруад бынмæ æхсæрæг,
Йæ фæрнæйдзаг къабицы
Æфтауц кæндзæн йæхицæн.
Чысыл фалдæр фæхъуызы
Гæбæц-гæбæцы уызын,
Йæ рагъыл та – сырх фæткъуы.
Уый фæззæгæн йæ фæтк у!..
Ды дæр ныззмæл, сымсымæг,
Æрæййафдзæн дæ зымæг!..

* * *

Цæссыгау рантысæм сыгъдæгæй,
Хуыйынц нæ дæлхъуырты æгънæгæн.
Табу Хуыцау æмæ мæ мадæн,
Кæй мыл нæ бауагътой къæм бадын!..

Дæ айдæн цасфæнды куы сæрфай,
Уæддæр дæ чъизи хуыз нæ сæфы.
Сыгъдæгдзæсгомæй-иу æм бакæс,
Æмæ йæ, чи дæ, уымæй ма фæрс...

Хъæнтæ бæрæггæнæн у рæстæг,
Тæрсын, куы мын зæгъой мæ фæстæ:
«Мæрдты кæм ис – дæлдæр ныххауæд,
Куы нæ райгуырдаид фæлтау уæд!..»

ФÆНДЫ МÆ...

Ис алцæмæн райдайæн æмæ кæрон,
Йæ сабийы зондмæ æрцæуы зæронд.
Мæ зæронды бонты мæ ногæй фæнды
Бæгъæввадæй здæхын мæ рагон фæдтыл.

Фæнды мæ, куы та райсин ногæй æцæг
Мæ къухтæм кæддæрау хъæл æмæ лæдзæг.
Кæстæрæн мæ карæны рамбулын циу?!
Зæронд гал нæ халы йæ ауæдз, æниу...

Фæнды мæ мæ сау тута бæлас цæгъдын,
Йæ быны нæ зады кæттаг куыд уа тыд,
Æзфæраздæронæй та хъазтимæ мерс
Куыд кæнæм. Ехх, уыцы рæстæджы ма фест!..

Фæнды мæ дæ таурæгътæм хъусын, Бола,
Сæрмæт сæ куыд зона, мæнæй та – Сослан.
Фæнды мæ, куыннæ сæфа хистæрты фарн,
Фыдæй-фыртмæ-иу ыл куыд дарæм нæ арм.

Фæнды мæ, мæ нывæрзæн урс дзæнхъа дур,
Мæ уæлæ та – лакъон, ызмисæй хъæццул
Куыд уа, æмæ Терчы уынæрмæ ыстæй
Куыд бауон йæ былыл æнусон фынæй.

Ис алцæмæн райдайæн æмæ кæрон,
Йæ сабийы зондмæ æрцæуы зæронд.
Мæ зæронды бонты мæ ногæй фæнды
Бæгъæввадæй здæхын мæ рагон фæдтыл...

ГÆБÆРАТЫ Юри

СУЛАЙТЫ ХЪÆДГÆС

Радзырд

Ахæм зивæгæй цыдис хъæды хæрдвæндагыл, ахæм, æмæ…

Фæлæ цы акæна, фæндаг хæрд кæй у, уымæн цы йæ бон у – фæз æй куынæ скæндзæн, мыййаг, цы нæ хъæцгæ йын ис йæ хæрдыл дæр æмæ йæ уырдыгыл дæр! Уæддæр мæсты кæны, уæддæр йæ пырх скалы. Йæ ныхы хид куы асæрфы, уæд уыцы бынозæй зæрдиаг оффытæ дæр ныккæны. Æмæ та ахъаззæгтæ ныссиды, йæ фæлмæн бандонæй кæй тыххæй фæхауæггаг, уымæн дæр æмæ, хъæдгæсæй кусынил цы бон сразы, уыцы бонæн дæр.

Сули. Сулайты Сули, Сулайты хъæды хъæдгæс.

Æмæ нæ рамæрдтыхай уыдаид ацы судзгæ æнтæфы, бадтаид йæ мæгуыр хъæдзары, хъæды мæтæй куынæ мæлы, мыййаг, – сыгъд ыл ссæуæд, фæлæ, дам, знон, уалæ Арсийы æрдуз кæй хонынц, уый сæрмæ чидæр хъæд цагъта, æнæхъæн бон, дам, йæ фæрæты къупп-къупп нæ банцад… Арсийы æрдузы сæрмæ та цæй сугкалæнтæ ис, æвæрд хъæд куы у! Нæ, уым иунæг калинаг бæлас дæр нæй, æмæ, ахæм ран æнæхъæн бон хъæд чи цагъта, уымæй Сулимæ, æнæхъæн мæй цæмæй фæцæра, уыйбæрц куыд нæ æрызгъæлдзæн!..

Йæ сыхаг Бысал ын аппæлыд хабар – уый уыд знон хъæды ’рдыгæй. Йæхæдæг горæты уыд йæ хъуыддæгты фæдыл æмæ дзы æнæхъæн бон рахау-бахауæн бахъуыд. Зæгъгæ та йын æй дысон кодта Бысал, Сули горæтæй куы ’рбацыд, уæд, фæлæ æгæр æризæрмилтæ, æмæ ма уыцафон кæдæм ацыдаид…

Æмæ абон рафæнд кодта Сули: алæ-ма, уæдæ чи уыдаид уыцы фыдбоны хъæддзау, цалынмæ сæ нæ раласта æмæ сын сæ бынат не ссардта, уæдмæ йæ базонын æмæ «æрдуцын» хъæуы. Хъæд цæгъдыны бар кæм нæй, ахæм ранæй æнæхъæн бон кæй фæрæты къупп-къупп хъуыст, уыцы хъæдцæгъдæджы. Æмæ фæллайы, фæллайгæ та куыд нæ кæны ацы судзгæ тæвды хъæды хæрдвæндагыл – уæдæ йæ къæхтæ тыхист фыр буцæн кæны! Фæлæ йæ фæллад æнæхъуаджы кæй нæ фæуыдзæн, уымæй йæ ныфс ис æмæ…

Æмæ ма иу хабар: ахъаззæгтæ кæмæн ныссиды, уыдонимæ кæд

фембал кæны Бысалæн йæхи дæр... Йæ хæрзгæнæджы. Уымæн æмæ йæ зоны, хорз æй зоны, Бысал йæ дзыхы кæй ницы уромы. Уый йын бацагъта йæ хъусы зноны хъæдцагъды хабар æмæ ныр фæдысмудæг куыдз фестдзæн, районы хъæды хæдзаразды хицауæй суанг иуыл уæлдæрты онг фæндæгтæ снæмдзæн æмæ йæ сбæлвырд кæндзæн, ахæм æмæ ахæм бон, ахæм æмæ ахæм ран хъæд ныццæгъдыны тыххæй хъæдгæс искæуыл акт сарæзта æви нæ…

Ома Сули, Сулайты хъæды хъæдгæс.

Зоны йæ Сули, фидарæй йæ зоны, афтæ кæй бакæндзæн, æмæ хъуамæ уымæн дæр йæ былтæ айсæрда, уæдæ куыд. Кæннод æй банымудздзæн. Уæдæ цы кæндзæн, нæ бацауæрддзæн.

«Æмæ ныр уый цас лæгдзинад уыдзæн Бысалæн, – цыма йæхиимæ ныхæстæ кæны Сули, – уæдæ цавæр диссаг у, исты базыдтай, фехъуыстай, уæд æй æнæмæнг хъуамæ ныццитт-цитт кæнай?.. Куы ницы уæз дыл цæуа, уæд цы дæ уæлфад гал лæууы! Дæ дзыхыл хæц æмæ фæци, дæхимæ искæй цæмæн знаг кæныс?.. Фæлæ Бысал уыдонæй нæу, нæ, дзыхыл хæцын нæ зоны…»

Æмæ та фæхауæггаг уыдзæн ацы бынатæй дæр, фæлмæн бандоныл бадыны йеддæмæ йын кæм ницы куыст уыд, уыцы бынатæй куыд фæхауæггаг, афтæ. Бæргæ йæм уæд дæр куы уыдаид йæ абоны зонд, уæд уыцы удылтухгæ бынат нæ фесæфтаид. Цас куыст ын уыд, цæуыл фыдæбон кодта – абонау æй Сулайты хъæды рахау-бахау кæныны сæр куынæ хъуыд, мыййаг! Мæнæ пенситæ кæм нысан кæнынц, уым куыста. Районы тæккæ центры. Ахæм дзæбæх рухсдзаст хъарм хатæны бадт, æмæ хуыздæр нæ хъæуы! Йæ куыст цы уыд – ницы, æрмæстдæр искæмæн исты гæххæтт, мæнæ справкæ кæй хонынц, ахæм гæххæтт афыссын. Стæй уыцы гæххæттытæ дæр алы хатт хуымæтæджы гæххæттытæ кæцæй уыдаиккой, æмæ-иу ын чидæртæ куыд нæ хъуамæ «алæггад» кодтаиккой хуымæтæджы гæххæтт чи нæ уыд, ахæм гæххæтт ныффыссыны тыххæй…

Фæлæ уæд нæ хъуыды кодта ахæм цæуылдæртыл, ома, дæ къæбæр цы сойы тулыс, уыцы сойæ ма кæйдæрты былтæ айсæрдын дæр кæй фæхъæуы…

Æмæ дзы смидæг.

Уый дæр йæ сыхаг Бысалы дыккагхæдзар уыд, чи йæ банымыгъта, уый, Хуыцаумæ нымыгъды фæуа! Сули кæм куыста, уыцы уагдоны

куыста уый дæр. Фæлæ уымæн йæ кусинæгтæ йæ сæрæй уæлдæр уыдысты, фæлмæн бандоныл ын цæй бадæнтæ уыди – йæ фыдæбон, мæнæ уаргъ дæр кæуыл сæвæрынц æмæ уæрдоны дæр кæй сифтындзынц, ахæм хæрæгау йæ разæй цыди. Бысалы дыккагхæдзарæн. Суг сын ныссæтт, дон сын æрбахæсс, арт сын скæн, зымæг-зымæгдæргъы уæлхæдзарæй мит кал, агъуысты алыварс сыгъдæг кæн… Æмæ дæм ахæм удисгæ куысты тыххæй дæ мызды капеччыты йеддæмæ хаугæ дæр макæцæй мацы кæнæд! Уый та, Сули, иу ран бадгæйæ, йæ цард къахæй ассон-ассон кæны.

Æмæ йæм уæд Бысалы дыккагхæдзары былтæ айсæрдыны хъуыды куы ’рцыдаид, абон ын йæхи былтæ айсæрдыныл куыд хъуыды кæны, афтæ, уæд нырма дæр нæ бадид уыцы фæлмæн бандоныл – Хуыцауы хæдивæджы хуызæн дзы нæ бадид?! Фæлæ, гъа, цы зæгъа йе ’нæрхъуыдыйæн…

Ноджы ма дзы иу куы схъæбæр уыдаид! Уыцы лæгæй, йæ бынат кæй тыххæй фесæфта, уыцы лæгæй… Æмæ дзы цæмæннæ хъуамæ схъæбæр уыдаид иу – цæхæры йæ баппæрста, судзгæ цæхæры!

Уа-а-лæ йæм хохы тæккæ рæбынæй кæцæйдæр æрцыд. Сулимæ. Мæ мад, дам, амард æмæ, дам, кæй амард, уый тыххæй мын справкæ ратт, цæмæй ын йæ пенси æрæхгæной. Афтæтæ-уфтæтæ йын фæдзырдта. Сули йæ бæргæ æрфæрстытæ кодта афтæ дæр æмæ уфтæ дæр: рынчындонмæ йæ æркодта, мыййаг, кæнæ йæм дохтыр скодта æви нæ, уыдæттæй…

Уый дын, уыцы лæг, йе ’рмттæ кæрæдзийыл цы хост ныккодта! Æ, де знаг, дам, уыйау макуы фæуа – цæй рынчындон æмæ ма, дам мын цæй дохтыртæ-йедты кæйттæ кæныс, цæрдтæй, дам, мæрдтæм хæстæгдæр куы уыд! Ома йæ мад, уыцы лæджы мад. Афтæ хæстæг, дам, уыд уыцы бæстæм, афтæ, æмæ, дам æй фæстæмæ раздахын Барастыры бон дæр нал бауыдаид… Уый цахъхъæн, дам, нæ хъæуы дур дæр нал уыд, дур…

Афтæтæ йын фæдзырдта, гъе, уыцы лæг чи уыд, уый. Æмæ йын йæ паспорт Сулийы раз æрæвæрдта, йæ мады паспорт. Сули дæр ын афыста гæххæтт, уæдæ йын цы хъуамæ акодтаид – цы бон ын загъта, уыцы бонæй йын æй ныффыста.

Фысгæ та йын æй кæд ныккодта Бысалы дыккагхæдзары цур. Раст ын уыцы рæстæджы йæ кусæнуаты рудзынджы саст авг ивта æмæ

сын хъуыста сæ ныхæстæм. Федта, Сули йын гæххæтт куыд ныффыста, уый дæр. Стæй лæг куы ацыд, уæд афарста Сулийы – афтæ æфсоны, куыдфæндыйы иударон фарст æй акодта, уыцы лæгæн йæ мад чи уыд, кæцы хъæуæй уыд… Æмæ дын раст уыцы хъæуккаг сиахс куы разынид Бысалы дыккагхæдзар. Уый дын уыцы хъæуккаг искæуыл амбæлд, æвæццæгæн, искæйты афæрстытæ кодта – куыд нæ хъуамæ афæрстытæ кодтаид, æмæ… Æмæ дын иу цалдæр боны фæстæ Сулийы кусæнуаты куы фæмидæг уаид:

– Уыцы лæг дæ фæсайдта, – къахæркъуырæджы, хинæйдзаг каст æм кодта.

– Кæцы лæг? – бафарста йæ.

– Мæнæ йæ мады амарды тыххæй гæххæтт кæмæн ныффыстай, уыцы лæг.

Сули хорзау нал фæцис:

– Уый та куыд?.. Ома, куыд мæ фæсайдта, чердæм мæ фæсайдта? Нæ амард йæ мад?..

– Амард. Фæлæ æртæ азы размæ… Æртæ азмæ йын нæ сарæзта, ды йын кæй ныффыстай, уыцы гæххæтт, цæмæй йын йæ пенси истаид.

Æмæ йæ къахæркъуырæджы хинæйдзаг цæстызултæ скъæфæгау акодта Сулийы кусæнуатæй.

Уый та, Сули, ахæм исты фехъуыстаид æмæ йæ йæ хъусы иувæрсты ауагътаид? Сбæрæг кодта, Бысалы дыккагхæдзар раст кæй уыд. Æмæ сæрвыста уыцы лæгмæ. Ахæм карз ныхæстæ йæм сæрвыста, тæргæ бæхыл æм куыд æрмидæг уыдаид! Æрмидæг уыцы лæг, уæдæ цы кодтаид, тæргæ бæхыл æви фистæгæй, – фæлæ йæм цæугæ æркодта.

Æмæ, дам, ды кæй фæсайдтай, ды, дам, къуырма æмæ æнæсмудæнылкæй банымадтай…

Дæ хорзæхæй, ма, дам мæ фесаф, ныллæгъстæ йын кодта уыцы лæг. Æмæ йæ нæ фесæфта. Куыд нæ стæй, фесæфта йæ! Исты æрра уыд, мыййаг, бынтон æрра – æртæ азы æнæзакъонæй цы пенси фæиста, уымæн ын йæ тæккæ æмбис æрбахæссын кодта…

Уæдæ куыд хъуамæ бакодтаид Сули? Йæ хъуыддаг ын, кæдæм æмбæлд, уырдæм балæвæрдтаид, уымæй ууыл цы бафтыдаид, цы йыл дзы хъуамæ бахæцыдаид искæй тæригъæд æмæ искæй карз æлгъысты йеддæмæ? Ницы. Æмæ йын афтæ комкоммæ, æнæ дæлæ-уæлæтæй загъта, æртæ азы дæргъы, дам, æнæзакъонæй кæй фæистай, уыдоны

æрдæг мын мæ разы æрнымай, иннæтæ, дам дын, æртæ азы размæ чи амард, уыцы мады æхсырау батайæнт!..

Фæлæ уæд… Æниу ныр дæр мæлæты хабедзентæй нæу фæцарæхст æмæ æрхъуыдымæ, фæлæ уæд ахæм цæмæдæрты бынтон нæ арæхст. Æндæра цас диссаг уыд, æмæ уыцы сырх тумантæй иу-дыууæ Бысалы дыккагхæдзары дзыппы атъыс... Цæмæй иннæ тумантæ йæхицæн дæр йæ мады æхсырау батадаиккой. Фæлæ нæ фæцарæхст ахæм цæмæдæр, æмæ уый бæсты дæр Бысалы дыккагхæдзар йæхæдæг фæцарæхст: акæстытæ, айхъуыстытæ, асмыстытæ кодта, æмæ, куы никуыцæй ницы райхъуыст, уæд хабар районы хицæутты хъусы бацагъта. Ахæм æмæ, дам ын ахæм факт йæ разы æрæвæрдтон æмæ, дам, йæ фæстиуæг кæм ис?..

Æмæ йыл æрхæцыдысты. Бæлвырддæр зæгъгæйæ, æрхæцыдысты уыцы лæгыл, æрмидæг æй кодтой хохæй, бакъуыммæ йæ кодтой, æмæ ма уый дæр цы акодтаид, мæгуыр, – басаст алцæуыл дæр. Æртæ азы цы фæиста, уыдоны раст æмбис Сулийы раз кæй æрнымадта, суанг ууыл дæр…

Æмæ ныр Сули райдзаст хатæны фæлмæн бандоныл æвæлмонæй бадыны бæсты Сулайты хъæды æхсныфвæдтæ агуры…

О, мæнæ куы схæцæ Арсийы æрдузмæ æмæ йæ куынæ фæхатыд… Схæццæ, уæдæ цы кодта. Æмæ райдыдта хъæды æрдузы алыварс разил-базил кæнын. Раст разынд Бысал, нæ йæ фæсайдта – уыдис дзы ногкалд бæлæстæ, фæлæ уыцы бæлæстæй иу дæр нал уыд бынаты, ницыуал дзы уыд сæ бындзæфхæдтæ æмæ се ’хсæдæнты йеддæмæ. Æвæццæгæн, уыцы хъæддзау æд галтæ ссыд хъæдмæ æмæ, цы бæлæстæ ракалдта, уыдоны афардæг кодта…

– Уæ, дæ цард, дæ бонæй æхсæдæнты йеддæмæ куыд ницыуал баззад, гъе!.. – къæхтыбынæй ныууынæргъыдта Сули.

Æмæ куыд нæ хъуамæ рафыхтаид мæстæй – ацы æнтæфы æнæхъуаджы фæхырхта Сулайты хъæды хæрдвæндагыл?..

Уымæй фыддæр та цæуыл смæсты йæхимæ: цалынмæ айонг схæццæ, уæдмæ дæр фæндагыл цалдæр раны фехсайдта йæ зæрдæ, цалдæр раны схæцыд йæ цæст ногласт сугты фæдтыл…

Иугæр дæ зæрдæ фæкъæпп кодта, фæд федтай, уæд бавдæл æмæ аздæх фæстæмæ, цæуыл ма дæхи фыдудæй марыс!

Æмæ рацыд. Мæстыйæ, ахъаззæгтæ сидгæ. Йæ фæлмæн бандон

кæй тыххæй фесæфта, уымæн дæр, Бысалы дыккагхæдзарæн дæр æмæ Бысалæн йæхицæн дæр. Мард, дзуар дзы никæмæнуал ныууагъта.

Уым дæлæмæ уырдыгвæндагыл цыд хъуырхъуыргæнгæ. Загъд кодта йæхимæ, йæхимидæг алывыдтæ калдта Бысалæн дæр – фæлтау ын куы ницы загътаид… Фыдæбойнаг фæцис, æмæ цæй тыххæй – бынтон æнæхъуаджы. Гæр, бæлвырд-бæстонæй ницы федтай, ницы зоныс, æмæ дæ дзыхыл хæц, исты зæгъыны тыххæй дæ бегарайы куы ничи тæры, мыййаг!

Хъæды дзыхмæ йæ бирæ нал хъуыд, афтæ йæ хъустыл машинæйы уынæр ауад. Машинæ, йæ уынæрмæ гæсгæ, иудзæвгар ссыд хъæды фæндагыл æмæ æрлæууыд.

Сули хъуыдыты ацыд. Хъуыды та ма цæуыл хъуамæ кодтаид машинæйы уынæры йеддæмæ. Чи у, цæмæ хъуамæ смæрдтыхай уыдаид хъæдмæ, кæд суг кæнынмæ не ссыд, уæд?.. Хуыцау æй куы саразид, цæмæн хъуамæ фæуа æнæхъуаджы цыд...

Æмæ фæндаггæрон иу зæронд кæлдымыл æрбадт Сули. Уыцы дзæбæх сатæджы æхцонзæрдæйæ куыд нæ хъуамæ æрбадтаид! Стæй йæ дзæвгар абадын кæй бахъæудзæн, уый дæр ын хъыг цæмæн хъуамæ уыдаид, исты дзæгæрæг хуры тæвдмæ куынæ æрбадт, мыййаг!

Уæдæ куыд – бахъæудзæн æй абадын, анхъæлмæ кæсын, куыд нæ йæ бахъæудзæн – чидæриддæр у, æвиппайды кæцæй балæудзæн йæ уæлхъус. Уымæй йын цы пайда хъуамæ уа? Йæ уæлхъус æвиппайды алæууынæй. Ницы. Уæдæ хъуамæ банхъæлмæ кæса, йæ фæрæты хъæр кæд райхъуысдзæн, уымæ, стæй йæ хъуамæ иу дзæвгар уадзгæ дæр бакæна, уæдæ куыд… Цас фылдæр абада уыцы сатæджы, цас ын фылдæр бæлæстæ ракалыны фадат радта, уыйбæрц æм дзы фылдæр æрызгъæлдзæн, уæдæ цы…

Æмæ бады Сули, бадынæй кæм нæ фæлмæцы, уыцы сатæджы. Бады æмæ æнхъæлмæ кæсы. Фæлæ нæ æмæ нæ хъуысы фæрæты хъæр. Машинæйы уынæр куыд бамыр, афтæ æмырæй лæууыд хъæд дæр, æдзæм æмырæй. Рæстæг та цыд. Æмæ куыдфæстагмæ уыцы æмырæй, фæрæты хъæр кæй нæ хæлдта, уыцы æнæхайыры æмырæй тыхсын райдыдта Сули. Афтæ тынг райдыдта тыхсын, æмæ, ахæм комæйкургæ сатæджы кæй бады, уый дæр æм нал хъардта. Æмæ сыстад. Сыстад æмæ араст йæ фæндагыл. Ахъаззæгтæ сидгæ. Ныр фæфылдæр сты, ахъаззæгтæ сидын кæмæн хъуыд, уыдон: йæ фæлмæн

бандон кæй тыххæй фесæфта, уымæн дæр, Бысалы дыккагхæдзарæн дæр, Бысалæн йæхицæн дæр æмæ, уыцы машинæйыл чи хъуамæ ссыдаид, уымæн дæр.

Машинæйы уынæр кæм бамыр, уырдæм куы ныввахс, уæд æрлæууыд. Иугæр, чидæриддæр у, суг кæнынмæ не ссыд, уæд ма цы хъауджыдæр у Сулийæн, цæмæн хъуамæ смæрдтыхай уыдаид, уый, фæлæ йæ цыма йæ цымыдис йæ фæччийæ æрцахста… Цыфæндыйæ дæр куыд нæ хъуамæ акæстытæ æмæ айхъуыстытæ кæна фæйнæрдæм. Æмæ лæууы, ракæс-бакæс кæны, хъусы. Фæрæты хъæр æм, уалæ æрдæбонсарæй кæм бадт, уырдæм дæр дзæбæх фехъуыстаид, фæлæ ам иу дæр нæ хъуысы æмæ иннæ дæр. Æнцойбон уыд, æмæ кæд исчитæ баулæфынмæ, сатæг уæлдæфы аминас кæнынмæ ссыдысты, уæд хъуамæ иуцалдæр уæддæр уой, æмæ, иуцалдæр адæймаджы кæм уа, уырдыгæй та хъæлæба куыд нæ хъуамæ хъуыса.

Хъуамæ дзы хъуыса, уæдæ дзы ма хъуамæ хъуыса…

Ахызт фæсвæндаг. Йæ ных хъæдыдзыхы æрдузты 'рдæм скодта. Фыццаг æрдузмæ куы бахæццæ, уæд кæсы, æмæ дæлæ машинæ, зонгæ машинæйы хуызæн æм чи фæкаст, ахæм: сау дæргъæй-дæргъмæ машинæ. Æмæ йæм кæсы Сули. Машинæмæ. Кæй машинæ хъуамæ уа, уый йæ уадиссаг цæмæн хъуамæ æндæвтаид, ам цæмæн лæууы, ам, ууыл хъуыды кодта. Стæй фæкаст æрдузы фаллаг кæронмæ дæр, æмæ йæ цæстытæ андæгъдысты – бæлвырддæр зæгъгæйæ, сæ цæстытæ кæрæдзийыл андæгъдысты… Сули æмæ йæм æрдузы фаллаг кæронæй чи нымдзаст, уыдонæн. Дыууæйæ уыдысты, æрмæстдæр сæ дыууæ. Сæ районы хицау, районы фыццаг лæг Гаспар æмæ сæ бухгалтер, æви цы хæрæджы дымæг уыдис – ставдкъах æмæ фæтæнсин Дзудзуна. Сæ быны цыдæр хуыссæнæмбæрзæнгонд, афтæмæй хъæбыс-хъæбыс бадынц. Ома, куыд бадтысты хъæбыс-хъæбыс, афтæ бадгæйæ баззадысты, Сулийы куы ауыдтой, уæд.

А Сули чи у, уый сæм цас хъуамæ фæкастаид – разылд æмæ рацыд. Нæ уыдис, нæ, рæвдз æрхъуыдымæ… Йæхицæй хъуыды кæны Сули: æгæр, уæдæ, цавæр диссаг у – машинæ федтай, уæд раздæх æмæ рацу, цалынмæ сын сæхи не суыдтай, æмæ дæ сæхæдæг дæр нæ ауыдтой, уæдмæ... Нæ, хъуамæ æнæмæнг схъыримаг уыдаид æрдузмæ бахизæны, æмæ йæ былцых кæстытæй машинæйыл дзуæрттæ æфтыдтаид, цалынмæ…

* * *

Ӕмӕ йын ӕхсӕвы йӕ кӕрты дуар дӕр чидӕр фӕдисы хост уымӕн ныккодта. Сулийӕн. Дуары раз лӕууыд иу ӕнӕзонгӕ лӕг. Лӕппулӕг уыд къӕсхуыртӕгонд, цыдӕр ракӕнонхуыз кӕстытӕ бакодта Сулимӕ. Районы хистӕр, дам мӕ ӕрбарвыста, райсом, дам дӕм сӕумӕцъӕхӕй ӕнхъӕлмӕ кӕсы йӕ кусӕнуаты.

Ӕ, йӕ сӕумӕцъӕхтӕ йыл куыд нал ӕрцыдысты, гъе!..

Сули хъуыдыты афардӕг, ӕнӕхъӕн ӕхсӕв ӕм хуыссӕг ӕмгӕрон не 'рцыд. Цыма та цыдӕр бӕллӕхы бахауд, цыдӕр та йыл цӕудзӕни йе 'нӕрхъуыдыйы аххосӕй. Цыма та… Цыма та хъӕдгӕсы бынатӕй дӕр афтид абаддзӕн… Абаддзӕн, уӕдӕ цы кӕндзӕн, фӕлӕ ма цы гӕнӕн ис, цы ма бачындӕуа? Хъуыды кодта иуӕрдӕм, хъуыды кодта иннӕрдӕм, фӕлӕ ницы сӕрфатыл хӕст кодта йе змӕст хъуыдыты.

Цӕуын та йӕ ӕнӕмӕнг хъуыд: иугӕр ӕм районы хицау йӕхӕдӕг, сӕрмагондӕй йӕхи номӕй ӕрбарвыста, уӕд ӕм хъуамӕ ныццӕуа, уӕдӕ куыд – ӕлдар фыдлӕг у, лӕгдзарм тӕнӕг у…

Райсомӕй раджы ӕрхызт сосӕвӕндагмӕ ӕмӕ, горӕтӕй районмӕ чи цӕуы, уыцы автобусыл абадт. Куыддӕр автобусӕй ӕрхызт, афтӕ йыл амбырд сты, районы центры сӕ бонасадӕн сӕумӕцъӕхӕй кӕмӕн райдайы, уыцы лӕгтӕ. Зонгӕ йын уыдысты иууылдӕр, уӕдӕ йын нӕ уыдысты зонгӕтӕ – уал азы се 'хсӕн фӕкуыста, кӕмӕндӕрты-иу дзы йӕ къух дӕр куыд нӕ ацарӕзтаид, ӕмӕ йӕм дзы чидӕртӕ хорз зӕрдӕ дӕр куыд нӕ дардтаикой… Ӕмӕ йӕ уыцы цымыдисӕй афарстой, афтӕ раджы уый та цы уынгӕджы бон ӕрхаста, исты хорз хабары фӕдыл уа ӕви истӕуыл тыхсы, уыдӕттӕй. Ӕмӕ сын загъта йе 'рцыды сӕр. Уӕртӕ, дам, мӕм (йӕ сӕрӕй сын, хицау кӕм бадт, уыцы стыр агъуыстмӕ ацамыдта) хицау дзуры, ӕмӕ атындзыдта стыр агъуысты 'рдӕм.

Уыдон джихӕй баззадысты. Бонасадӕн кӕнын чи уарзта, уыцы лӕгтӕ. Дӕлӕмӕ дӕр, уӕлӕмӕ дӕр – хъӕдгӕс, Сулайты хъӕды хъӕдгӕс, ӕмӕ йӕм кӕд дзуры йӕхӕдӕг... Ӕндӕр исчи нӕ, дӕлдӕртӕй чидӕр нӕ, фӕлӕ иууыл фыццаг лӕг… Йӕхӕдӕг!

Хистӕры химӕисӕны бирӕ кӕйдӕрты баййӕфта Сули. Директортӕ, цыдӕр хицӕуттӕ-йедтӕ уыдысты, бадтысты ӕмӕ ӕнхъӕлмӕ кастысты, мидӕмӕ кӕд баирвӕздзысты, уымӕ. Ӕмӕ

баджитæнтæ кодта Сули: адон цалынмæ мидæмæ цыд фæуой, цалынмæ сæ хъуыддæгтæ скъуыддзаг кæной, уæдмæ йыл йæ бон ам ацæудзæн…

Фæлæ йæ катай бирæ нæ ахаста – хицаумæ бахизæны сырх стъолы уæлхъус чи бадт, йæ къæхтæ Дзудзунайы къæхтæй лыстæгдæр кæмæн уыдысты, æмæ бынтондæр сины мур кæуыл нæ уыд, уыцы чызг йæ размæ рауад, мидбылхудгæ йын йæ цонгыл фæхæцыд æмæ йæ, уыцы директорты æмæ хицæутты-йедты къæпдзыхæй фæуадзгæйæ, тæвдæй хистæры кусæн уаты смидæг кодта. Йæхæдæг фæстæмæ уыцы иугъæдон сиргæ цыдæй фездæхт; Сули йын, Хуыцау дæ саразæд, зæгъгæ, загътаид, уымæ дæр нал фенхъæлмæ каст.

Хицау, ома Гаспар, йæхи фæстæуæз ауагъта йæ сæвджынтæ къæлæтджынил æмæ фæрсæджы каст кодта Сулимæ. Æрбад дæр ын нæ загъта, цыма йæ цæуыл æрбадын кодтаид, уый дзы нæ уыд – хатæны дуне бандæттæ, уыцы æрттиваг, рæсугъд бандæттæ æмæ… Гæр, ирон лæг куы дæ; хорз, абон ды хицау фест, фæлæ хъæдгæс дæр адæймаг куы у, æрбадын æй кæн уыцы æрттиваг бандæттæй иуыл, æмæ ма уый дæр кæдæй-уæдæй йæхимæ ныззына…

Цыма йын йæ хъуыдытæ йæ ныхыл бакаст районы хицау.

– Ærбад дæр дын нæ зæгъын, дæ рæстæг ма дын уæлдай цы исон… Фæлæ мæм хъусгæ кæн, дзæбæх мæм байхъус: знон хъæды цы федтай, уый искæмæн куы зæгъай, уæд абæстаг дон нал бануаздзынæ, уый зон!

– Æмæ мæн цы хъуыддаг ис, хъæды цы фенон, уымæ? – йæхи бакъултæ кодта Сули. – Мæнæн хъæды иу бæлас дæр æнæзакъонæй мачи ракæнæд, уый йеддæмæ…

– Гъемæ тынг хорз, æгайтма кæрæдзи бамбæрстам, – йæ сæр разыйы тылд бакодта Гаспар.

Æмæ рацыд Сули. Рацыд, æмæ, куыддæр асинтыл уынгмæ æрхызт, афтæ йæ размæ ныййарц сты, æрдæбон æй афтæ цымыдисæй чи арафæрс-бафæрс кодта, уыцы лæгтæ.

– Цæмæн дæм фæдзырдта? – уыцы æмфарст æй акодтой цалдæрæй.

– Цæмæн мæм фæдзырдта! – цыма йыл горабындзытæ нымбырд сты, æмæ уыдон сырдта, уыйау йæ къухтæ дæрдтыл стылдта Сули. – Знон сæ уæртæ Сулайты хъæды Дзудзунаимæ баййæфтон, мæнæ ставд къæхтæ кæмæн ис, уыцы Дзудзунаимæ, æмæ, дам æй искæмæн куы зæгъай, уæд, дам… Ахæм æртхъирæнтæ мæм бакодта, ахæм, æмæ

мæ туг ныццауæзта… Цыма сывæллон дæн… Кæмæн æй хъуамæ зæгъон, исты ма сывæллон дæн, мыййаг!..

Æ, дарæг сæ куыд нал баззад, гъе! Уыдонæй, Сулийыл чи амбырд, уыцы лæгтæй – цыма арвы дуар гомæй ауыдтой, уыйау уыцы æмгуывгуыв ныккодтой, фыр диссагæй Сулийæн йæхи нал, фæлæ кæрæдзи фæрсынтæм фесты:

– Хъæды зæгъы?..

– Дзудзунаимæ, дам?..

– Æмæ, дам, цы ми кодтой, цы, хъæды?..

Чи сæ кæмæн цы хъуамæ загътаид, уыдонæй чи цы зыдта?…

– Сули, æмæ… Хъартайы дзуар дыл йæ хорзæхтæ ныккала, цы ми кодтой, цы, Сулайты хъæды, цы дзы арæзтой, куынæ нын æй зæгъай… – хуымысæртаг Ислан æм йæ лыстæг цæстытæ ахæм цавд ныккодта, цыма Сулийы дзыхæй, цæрæнбонты адæмæн цы справкæтæ лæвæрдта, ахæм исты схаудзæн…

Фæлæ йæ цыма Сули хъусгæ дæр нал фæкодта, – уыцы мæстыйæ йæ ных автобусы æрлæууæнмæ сарæзта. Цæугæ-цæуын дæр ма-иу стылдта йæ къухтæ:

– Искæмæн, дам, æй куы зæгъай… Цыма сывæллон дæн, кæмæн æй хъуамæ зæгъон?!.

ДЖИМИТЫ Кларæ

ТЕМЫР ÆМÆ АМИНÆ

Таурæгъ

Аргъау тындзаг у, аргъаугæнæг – фæлмæцаг, фæзæгъынц.

Раджы, тынг раджы, денджызы бардуаг Донбеттыры чызг Аминæйыл цыппæрдæс азы куы сæххæст, уæд æм усгуртæ цæуын байдыдтой, фæлæ сæ разыйы дзуапп никæмæн лæвæрдта. Ноджы ма-иу йæ худы сæр æркодтаид цыллæ хыз, æмбæхста дзы йæ цæсгом. Афтæмæй чызг йæхæдæг уыдта усгурты, фæлæ йын йæхи хуыз та ничи уыдта. Дæрдтыл айхъуыстис, Аминæ кæй у алæмæты рæсугъд, стæй ма кæй зоны мæргъты 'взаг, денджызы кæсæгтимæ хъазы æмæ æдасæй семæ ленчытæ фæкæны, йæ буар талынджы стъалыйау ныррухс кæны бæстæ.

Иу бон æй йæ фыд фæрсы:

– Мæ хуры тын, здахыс паддзæхты æмæ кънйæзты, æлдæртты æмæ амæй-ай хъуыстгонддæр лæгты. Зæгъ-ма, кæй агурыс уæдæ усгурты 'хсæн?

– Мæ бæрзонд фыд, фарн дæм бадзурæд, фæлæ мæ фæрсыс, æмæ дын дзуапп дæттын. Мæ райгуырæн бон æз скуывтон Хуыцаумæ, стæй Стыркомы дзуæрттæм, табу сæхицæн, æмæ сæ ракуырдтон, цæмæй мæм равдисой мæ къайаджы. Мады Майрæм мæм, табу йæхицæн, арвы айдæны равдыста хæстон лæппулæг, æхсарджын богалæнгæс Темыры. Мæ зæрдæмæ йæ айстон, æрмæст уый у мæ къайаг, æндæр никæмæн бакомдзынæн.

– Сæрибар удгоймаг дæ, мæ хъæбул. Дæхи зæрдæйыл нал æууæндыс æмæ комы дзуæрттæм скуывтай?! – бадис кодта фыд.

– Тынг стыхджын сты Дæлимон æмæ йæ фæсдзæуинтæ хæхбæсты Стыркомы, уырдыгæй рацæугæ у мæ къайаг дæр. Усгуртæй бирæтæ уыдоны кæлæнтæй спайда кæнынц, æмæ тæрсын, куы мæ фæсайой. Æрæджы мæм усгуры хуызы бæрзонд æмæ хæрзкондæй фæзындис æнæмæлгæ æлдар Сауханы фырт цыбыркъах Халонбег, уый схуыдта йæхи фæсарæйнаг бæстæтæй иуы паддзах. Йæ уæлæ – сызгъæринвæлыст дарæс, хæстон зынаргъ хотыхтимæ. Æваст мæ сæр разылдис, бафæндыд мæ байгом кæнын мæ цæсгом æмæ бахудын, фæлæ фæхæцыдтæн мæхиуыл. Йæ цæстытæм ын куы бакастæн, æрмæст уæд бамбæрстон,

ӕрыгон лӕппуйы хуызы мӕм Стыркомы тугдзых ӕлдары фырт кӕй фӕзындис усгур. Куыд нӕм ӕрбауӕндыд уыцы ӕнаккаг?! Мӕн абонӕй фӕстӕмӕ хъахъхъӕндзӕнис Мады Майрӕм, табу йӕхицӕн, йе ‘ххуысӕй хъуамӕ фембӕлон Темырыл.

– Темыр Кадаты Аслӕмырзӕйы фырт у. Саухан ӕмӕ йӕ фӕсдзӕуинтӕ дурзӕйы хай бакодтой ӕлдары ӕд бинонтӕ. Дӕс азы дӕргъы та йын Стыркомы ӕмӕ хӕстӕг бӕстӕты йӕ чысыл хъӕбулы фӕцагуырдтой, фӕлӕ никуы разынд, мады гуыбынӕй сау стъӕлф кӕмӕн уыдис йӕ бӕрзонд ныхыл, ахӕм лӕппу.

– Агурынц ӕй Стыркомы дзуӕрттӕ дӕр, фӕлӕ йӕ уыдон дӕр нӕма ссардтой нӕ удӕгӕсты ’хсӕн, нӕ мӕрдты бӕсты. Ӕз арвы айдӕны цы хӕстон лӕппулӕджы федтон, уый йеддӕмӕ никӕимӕ баиу кӕндзынӕн мӕ цард. Ахӕм дзуапп радтон комы дзуӕрттӕн дӕр, табу сӕхицӕн, къайагӕн мын хуыздӕртӕн сӕ хуыздӕры кӕй равзӕрстой, уый тыххӕй.

– Ӕз дын цӕмӕй баххуыс кӕнон, мӕ хуры тын?

– Сразы у мӕ фӕндыл! Дарддӕр куыд архайгӕ у, уый мын амондзӕн Мады Майрӕм, табу йӕхицӕн. Дада, Донбеттыры чызгӕн дзуӕрттӕ, табу сӕхицӕн, балӕвар кодтой мӕргъты ’взаг ӕмӕ хуры тынтӕй конд кӕсаджы хӕрв, талынджы бӕстӕ куыд рухс кӕнон, цӕмӕй дзы бахъуыды рӕстӕг спайда кӕнон мӕ къайаджы фыдгултимӕ тохы.

Аргъау – тындзаг, аргъаугӕнӕг – фӕлмӕцаг, фӕзӕгъынц.

Уыцы бонты Стыркомы цӕрджытӕ сӕхи сӕ дзуӕрттӕ ӕмӕ дауджыты куывдмӕ цӕттӕ кодтой. Хистӕртӕ иу абонӕй иннӕ абонмӕ ныхасы фӕбадтысты, цы амалӕй фервӕзой тугцъир ӕлдар Сауханӕй, ууыл фӕхъуыдытӕ кодтой, фӕлӕ се знаг арты нӕ сыгъдис, доны нӕ ныгъуылд, ӕхсаргад ӕй нӕ карста. Ӕлдар адӕмы тухӕнӕй мардта, стын сӕ кодта сӕ фыдӕлты уӕзӕгӕй, цины зарджытӕ нал зӕлыдысты комы, ӕрмӕст зӕрдӕхалӕн хъарджытӕ.

Уыцы рӕстӕг Стыркомы Уӕлӕмӕсыджы Уастырджийы кувӕндоны ӕрбамбырд сты дзуӕрттӕ авдӕй дӕр. Стыр Хуыцауы фӕдзӕхст – комы адӕмы куыд фервӕзын кӕной фыдбылызӕй, ууыл ӕрныхас кодтой хурыскастӕй хурныгуылдмӕ ӕмӕ рахастой иунӕг уынаффӕ:

– Комы цӕрджыты Дӕлимоны стыр бӕллӕхтӕй фервӕзынӕн ссарын хъӕуы, бирӕ сӕдӕгай азты ӕлдариуӕг чи фӕкодта Стыркомы, уыцы кадджын ӕмӕ номдзыд Кадаты бындар Темыры, ӕрмӕст уый

суыдзæн сæ ныфс комы цæрджытæн, кæннод сæ бынтон ныццæгъд-дзæнис Дæлимон йæ тугдзых куырысмæдзæуджытимæ.

Дзырды бар радтой Мады Майрæмæн:

– Стыр Хуыцауы минæвæрттæ, фарн уæм бадзурæд. Сызгъæрин Уастырджи, табу дæхицæн. Æз равзæрстон Темырæн къайагæн Дон-беттыры иунæг чызг Аминæйы, чызг æй федта арвы айдæны, æмæ фæцыд йæ зæрдæмæ. Уыцы бон ын балæвар кодтон æмбисонды дыууæ хорздзинады: цъиуты ʻвзаг æмæ хуры тынтæй конд хæрв. Уыдонæй хъуамæ спайда кæна знæгтимæ тохы Темыримæ иумæ. Чызг æмæ лæппу хъуамæ фембæлой куывды бон, фæлæ лæппуйы махæй ничи ары. Сауханы мæлæт ис æрмæст Кадаты Темыры къухæй æрвыст фаты ʼрдыны кæнæ йе ʼхсаргарды цæфы. Сызгъæрин Уастырджи, Темыр уыдзæн нæ куывды?

– Ардæм æй хъæуы стыр Хуыцауы фæндæй, табу Йæхицæн! – цыбыр уыд Лæгты дзуары дзуапп.

– Уый раст уынаффæ у? Цы у æрыгон чызджы бон æнаккæгты бар-дуаг, æнæмæлæт Саухан æмæ йæ фæсдзæуинтимæ тохы? – сдызæрдыг дзуæрттæй чидæр…

– Уарзондзинад у царды ахсджиагдæр тых, æмæ æз чызгыл мæ зæрдæ дарын. Æрдхæрæны Кадатæ та хъуамæ æлдариуæг кæной, æмæ ма фесæфой адæмы ныфс, кад æмæ намыс, – дзуапп ын радта Мады Майрæм.

Дæлимон уыцы рæстæг сау калмы хуызы дурты бын бамбæхст æмæ сусæгæй хъуыста дзуæртты уынаффæтæм. Кадаты Темыр ма удæгас у, уый куы фехъуыста, уæд бакатай кодта. Сауханимæ Кадаты сæдæ азы дæргъы ныццагътой. Баззади ма сæ чысыл Аслæмырзæ, уый рахъо-мыл, æрхаста ус æмæ сын лæппу райгуырд. Хæстæг ничи уæндыдис тыхджын æмæ тызмæг æлдармæ фыдзæрдæ куырысмæдзæуджытæ æмæ хæйрæджытæй. Раст ма йæ хæхбæсты адæм нæ, фæлæ сыхаг бæс-тæты дæр хъахъхъæдтой фыдбылызæй, фæлæ Саухан æмæ йæ фырт Халонбег бирæ рæстæг зылдысты йæ фæстæ. Иуахæмы комы уынгæг фæндагыл бабадтысты Аслæмырзæйы размæ æмæ йæ дурадзагъды асхуыстой æрхмæ æд ус æмæ сывæллон. Хæхбæсты адæм Сауханæй фехъуыстой, æрдзон фыдбæллæхы кæй фесæфтис сæ уарзон æлдар, уый, ничи йыл баууæндыдис, фæлæ сын цы гæнæн уыдис. Систой сæ æлдары æмæ йæ усы дурты бынæй æмæ сæ баныгæдтой. Аслæмырзæйы

фырт Темыры Саухан æмæ йæ фæсдзæуинтæ раст сыхаг кæмтты дæр фæцагуырдтой, цæмæй бынтон Кадаты бындар сæскъуыной, фæлæ йæ не ссардтой. Уый кары лæппутæй иуæн дæр йæ ныхыл гуыбынæй рахæсгæ сау стъæлф нæ разынд.

– Æз мæхи цæстæй федтон, сывæллоны дон куыд аласта, уый, æмæ йæ кæфхъуындар куыд аныхъуырдта! – уырнын кодта комы адæмы къулбадæг ус Сесехан, ард хордта Дæлимонæй, æмæ йыл баууæндыдысты.

Уыцы рæстæг хъуыстгонд хæстон дохтыр, Георгийы дзуæртты кавалер, инæлар-булкъон Инал, дард бæстæйæ здæхгæйæ, Стыркомы бабæрæг кодта йæ ныййарджыты ингæн æмæ здæхтис йæ бæхыл Уæрæсемæ, йæ бæстон цæрæнбынатмæ. Изæрдалынгты дын уæларв ныррухс, æмæ йын чидæр йæ хордзены афæдздзыд лæппу нывæрдта, стæй йын йæ хъусы дзуры:

– Инал, дæ бæрны кæнын Кадаты Аслæмырзæйы иунæг фырт Темыры. Йæ ныййарджыты йын Саухан æмæ Дæлимон амардтой. Дæ ном, дæ мыггаг уал хæсдзæн ацы лæппу, æцæгдзинад ын суанг йæхицæн дæр ма схъæр кæн! Слыг кæн лæппуйæн йæ ныхы стъæлф, цæмæй йæ йе знæгтæ ма ссарой. Стыр Хуыцауы фæндæй йæм мæхæдæг искæд зындзынæн.

Афтæ сывæллоны Инал аласта стыр уырысы зæхмæ, йæхицæн дзы хъæбул загъта, ном та йыл Захар сæвæрдта.

Старст Дæлимон, комы дзуæрттæм куы байхъуыста, уæд æмæ фæдзырдта йæ фæсдзæуинтæм:

– Бæллæх! Стыр бæллæх! Темыр удæгас у! Кадаты бындары комы дзуæрттæ фервæзын кодтой! Стыр бæллæх æрцæудзæнис, дзуæрттæ ныл куы фæтых уой, уæд! Ныттæрдзысты нæ дæлдзæхмæ! Саухан, æфсад æрбамбырд кæн куырысмæдзæуджытæй, кæлæнгæнджытæй æмæ иннæ фыдбылызхæсджытæй! Ды ныццагътай уал æмæ уал азы дæргъы уыдоны ’ххуысæй паддзæхты байзæддæгты, номдзыд æмæ кадджын Кадаты мыггаджы! Æз дын уымæн балæвар кодтон æнæмæлæт цард! Дæ мæлæт æрмæст Темыры къухæй уыдзæн, уый зон.

– Сесехан йæхи цæстытæй федта, лæппу доны ныххаудис æмæ йæ кæфхъуындар аныхъуырдта, уый! Уымæй нæм тыхджындæр хингæнæг къулбадæг ус нæй! Мах дæр уæдæ фæцагуырдтам сывæллæтты ’хсæн,

йæ ныхыл сау стъæлф кæмæн ис, ахæм лæппу, æмæ йæ не ссардтам! – фыр тæссæй зырзыргæнгæ, йæхи рæстытæ кодта Саухан.

– Дзуæрттæ фервæзын кодтой Аслæмырзæйы фырты! Ныр Темыр слæг æмæ ссæуы хæхбæстæм усгур. Ноджы ма Донбеттыры чызгимæ куы баиу уой, уæд не сæфты бон æрхæццæ уыдзæн! Аминæйы дæр дзуæрттæ хъахъхъæнынц. Уыдон цот куы рауадзой, уæд махæн дæлдзæхæй скæсыны бар дæр нал уыдзæнис!

Ууыл Саухан загъта:

– Мах ныртæккæ тынг тыхджын стæм! Фæуæлахиз та уыдзыстæм не знагыл! Фесафдзыстæм комы адæмы дæр! Мæ фырт Халонбеджы куырысмæдзæуджытæ Темыры æнгæс скæрддзысты, ууыл гуырысхо мачи кæнæд! – зæрдæ бавæрдта Дæлимонæн.

Дæлимон ма бафтыдта:

– Уæдæ Аминæйы сæрызонд кæй фæлыгъд, ууыл адæм хъуамæ бауæндой. Ныхас кæны цъиутимæ, уæдæ йын йæ фыд сызгъæрин дарæс дæр самал кодта, цæмæй йын æхсæв рухс кæна, æмæ æдасæй тезгъо кæна.

Саухан батагъд кодта йæ фæсдзæуинтæм: кæлæнгæнджытæ, къулбадæг устытæн бафæдзæхста:

– Сесехан, ды сæ разæй, афтæмæй тагъд згъорут комы хъæуæйхъæумæ, цæут хæдзарæй-хæдзармæ æмæ адæмы æууæндын кæнут, хъазты кæй фендзысты Донбеттыры чызджы, æрæджы кæй сæрра, уый сын дзурут. Тас æфтаут адæмыл, чызг кæй дзуры мæргътимæ, кæй сæ ардауы, цæмæй низтæ хæссой адæмæн! Чызджы ракурын макæмæн бауадзут. Уæд уый бакомдзæн мæ фыртæн, ныййардзæн авд лæппуйы, æмæ нæ хæрæфыртты фæрцы Донбеттыры æнæнымад бынты иу хай мах бауыдзæнис, комы æрцæрдзыстæм, æмæ нæ дард лидздзысты адæм дæр æмæ дзуæрттæ дæр.

Къулбадæг устытæ, сæ сæргъы зæронд Сесехан, афтæмæй атахтысты сау халæттæй, фæдис хъæргæнгæ, хъæутæм.

Æрхæццæ комы дзуæртты куывды бон. Æндæр рæттæй сæм цы уазджытæ цыдысты, уыдонæн кады нуазæнтæ лæвæрдтой урсбоцъо хистæртæ æмæ сæ хуыдтой фынгтæм. Бынтон та бацин кодтой се 'мбæстаг хъуыстгонд дохтыр зæронд Иналыл æмæ йæ хъайтар фыртыл. Дæс æмæ йæ ссæдз азы кæй нæ федтой йæ райгуырæн комы, уымæй та æфхæрд æрцыдис сæрмагонд нуазæнæй. Иурæстæг комы цæрджытæм

сыхъуыстис, се' мзæххон Иналы иунæг фырт Захар хæрз æрыгонæй кæй разындис дунейы æппæты тыхджындæр богал. Уый фæстæ та йе 'хсар, йæ хъаруйы фæрцы фæуæлахиз, раздзæуæг уæвгæйæ, сæдæ хатты фылдæр дзы цы фыдгулы æфсад уыдис, ууыл. Хистæртæ фæарфæтæ кодтой фыд æмæ фыртæн. Иналы фынгмæ бахуыдтой. Лæппумæ та бауадис Саухан, бацин кодта уазæгыл æмæ йæм æрхатыд:

– Дæ хорзæхæй, Захар, цом хъæзтмæ бакæсæм. Ацы куывды хъазтизæры, æгъдаумæ гæсгæ, цыппæрдæс азы кæуыл сæххæст, уыцы чызджыты адæммæ фыццаг хатт равдисынц. Æрбамбырд вæййынц уæдæ усгуртæ дæр. Уæртæ мæ фырт дæр иу æррайыл дзуры, æмæ нын къухылхæцæг уæвынил сразы у. Усгур æм йæ минæвæрттимæ дыууæ хатты фæцыд, фæлæ æдылы чызг нæ бамбæрста, хæхбæсты æппæтæй хъæздыгдæр лæппу йыл кæй барвæссыдис, уый, æмæ йын разыйы дзуапп нæ радта. Ды-ма аныхас кæн йемæ, бамбарын ын кæн, Сауханы иунæг фырт ыл кæй æрвæссы, кæннод æй лæппу раскъæфдзæнис…

– Дæ фыртæн низджын чызг курыс? – бафарста йæ Темыр.

– Аминæ Донбеттыры чызг у! Æнæкæрон – йæ фыды бынтæ! Уый æххуысæй мах дæр тынг схъæздыг уаиккам. Ды та йын къухылхæцæг кæй уыдзынæ, уый дæр фехъусын кæн уыцы æррайæн. О, хæдæгай! Мыййаг нæм кæд тагъд рæстæг нæ фыдгул фæзына, уæд ма нæ фарсмæ æрлæууу æмæ нæ хæхбæсты адæмы бахиз стыр бæллæхæй!

– Уый дын мæ бар, – загъта йын уазæг æмæ æрлæууыд хъæзты усгурты рæнхъы. Федта æрыгон чызджыты фæрсæй-фæрстæм лæугæйæ аив дарæсы; иуты дзы усгур лæппутæ симдмæ ахуыдтой, иннæты кæрон та лæууыдис æнахуыр чызг. Йæ уæлæ сызгъæрин хæрвæй хуыд даргъ къаба ныррухс кодта бæстæ, цæсгом – цыллæ хызæй æмбæрзт.

– Уазæг, уæртæ кæронæй цы чызг лæууы, уый сæрызонд фæлыгъд, сæрра, дæхи дзы хъахъхъæн, куы дыл фæхæца, уæд æрбамæлдзынæ! – бадзырдта фæсус хъæлæсæй Захары хъусы къулбадæг ус.

Уыцы рæстæг Сауханы фырт æрлæууыд æнахуыр чызджы цур æмæ йæм дзуры:

– Рахиз æмæ асим мемæ!

Чызг ын ницы дзуапп дæтты.

– Æз Сауханы фырт дæн! Рахиз, ма мæ худинаг кæн!

Чызг уæддæр ницы дзуры.

– Уæддæр дæ аскъæфдзынæн! – бадзырдта йæм æмдымбыл цыбырзæнг Халонбег æмæ кафынмæ æндæр чызджы ракодта.

– Кæсыс, Захар! Чызгæй усгуртæ тæрсынц, æмæ йæ уымæн ничи хоны кафынмæ! – загъта Саухан æмæ фæраст ис хистæрты цурмæ.

Аминæ та уазджыты ‘хсæн агуырдта Темыры, каст, кæмæн сæ ис йæ бæрзонд ныхыл сау стъæлф.

Захармæ тынг диссаг фæкаст, цæмæн æрлæууыдис Донбеттыры чызг хъазты, кæд никæимæ кафгæ кæны, никæмæ йæ цæсгом æвдисы, æмæ йæм бацыд. Акуывта йын йæ сæрæй æмæ дзуры:

– Фарн дæм бадзурæд, бæсты рæсугъд æмæ арвы фидауц, фæлæ кæмæй æмбæхсыс дæхи? Цы фыдбылызæй тæрсыс? Цæмæй дæ бахизон æз?

Аминæ фыр цинæй фегом кодта йæ цæсгом, æмæ фемдзаст сты лæппу æмæ чызг. Лæппуйæн йе уæнгты тых фæлыгъд, цыма сыл сыгъдæг арв уыцы рæстæг аргъаугæ кодта, хъæрмудæй æмзай æмзæронд баут, зæгъгæ сын куырдта Стыр Хуыцауæй, уыйау. Фыццаг йæхи æрæмбæрста Аминæ, фæлмæн йæ мидбылты бахудт æмæ дзуры:

– Æз дæ æрæджы федтон арвы айдæны! Ссардтон ныр мæ къайаджы! Æрмæст дын нæма фехъуыстон дæ мыггаг, дæ фыды ном, фæлæ дæ Темыр схуыдта сылгоймæгты бардуаг.

– Темыр?! – бадис кодта Захар.

– Афтæ дæ схуыдта мæ дзуар.

– Æз Иналы фырт Захар дæн, Аминæ, фæлæ дын мæ зæрдæ æнæвгъауæй лæвар кæнын.

– Мæн комы дзуар нæ фæсайдзæнис! Æз æрмæст Темыры къайаг дæн, фæлæ ды та Лæгты дзуары уазæг у! – дзуапп радта чызг æмæ кæугæ ныффардæг йæ фыды галуанмæ.

– Дада, ссардтон ма къайаджы, фæлæ цæмæн æмбæхсы йæхи ном? Кæд, мыййаг, тæппуд разындис æмæ Дæлимоны байзæддæгтæй йæхи хъахъхъæны? Нæ, дзæгъæлы бацин кодтон. Æгады цардæй мæлæт хуыздæр у, фехъуыстон хæхбæсты адæмæй, æмæ тынг раст сты, – дзуры йæ фыдмæ.

– Бауæнд дæ зæрдæйыл, мæ чызг, ма батагъд кæн амæлынмæ, дæ дзуæрттæм скув, уыдон зондзысты дзуапп дæ фарстæн, – сабыр æй кæны фыд.

– Фегад мæ цæсты, йæхи Захар кæй схуыдта, уымæй, фæлæ мæ зæрдæ тоны, фыцы уарзондзинады цæхæры, – загъта чызг æмæ мæлынвæнд скодта.

Уыцы изæр Захар йæ хъаст ракодта йе схæссæг фыдæн.

– Донбеттыры чызг дæуимæ дæр нæ рацыд симдмæ, фехъуыстон. Цы фау дæм ссардта? – бафарста лæппуйы Инал.

– Чызг мæ, хъыгагæн, схуыдта Темыр, йæхи та – Темыры къайаг æрмæст æмæ алыгъд кæугæ...

Инал фæгæпп кодта бандонæй, – дæсгай азты дæргъы цы сусæгдзинад æмбæхста адæмæй, уый раргом кæнын æнцон нæ уыдис. Фæлæ гæнæн нал уыдис, æмæ йын радзырдта æцæгдзинад.

– Раст у Донбеттыры чызг. Темыр ном дын радта дæхи фыд, Кадаты Аслæмырзæ, фæлæ уый амардтой Саухан æмæ Дæлимон.

Радзырдта йын, раджы кæддæр ын Уастырджи цы бабар кодта, уый дæр, æмæ комы хистæртæй куывды бон цы хабæрттæ фехъуыста Кадаты фесæфты тыххæй, уыдæттæ дæр…

– Мæ фыд, æз уыдæттæ нырмæ цæуылнæ фехъуыстон!? – ныхъхъæр кодта Темыр…

– Æз æххæст кодтон Сызгъæрин Уастырджийы курдиат, табу йæхицæн, дæ ныхыл мады гуыбынæй цы сау стъæлф рахастай, уый та дæ ныхы цармы бын фæкодтон, уырзæй йын ис ссарæн. Æрæджы дæм Сызгъæрин Уастырджи фæсидт, цæмæй фæтых уай комы цæрджыты марджытыл – Дæлимон, Саухан æмæ сæ байзæддæгтыл. Цæмæй ма фесæфой нæ адæмы кад æмæ намыс, ныфс бацæуа фæсивæды уæнгты дæумæ гæсгæ. Ныр мын дзуæрттæ радтой бар зæгъын, ды кæй дæ Аслæмырзæйы иунæг фырт Темыр.

– Мæ кадджын фыд, мæ уарзон хистæр, æз æцæгдзинад цæуылнæ фехъуыстон абонмæ!? Цæмæн райстон мæ туджджыны къухæй нуазæн?!

– Ацы кары бацыд де уæнгты хъæугæ тых, дæ зонд бæстон сфидар. Æрмæст Саухан нæу дæ туджджын, æнаккаджы фесафынæн стыр тых нæ хъуыдис, фæлæ уыцы судзгæ мастимæ куы рæзыдаис сывæллоны бонтæй фæстæмæ, уæд дæ тых састаид, хъæбатыр суæвын дын нæ бантыстаид. Хæсты быдыры нæ фегад кодтай дæ ном, банкъардтай уæлахизы цин… Дæлимон æмæ йæ байзæддæгтæ адæмы туг донæн нуазынц, сæдæгай азтæ куырысмæдзæуджыты руаджы сæфтой дæ фыдæлты. Ныццагътой сæ Кадатæ дæр цалдæр хатты, фæлæ та ныр ногæй стыхджын сты хинтæ æмæ кæлæнты ‘ххуысæй, æмæ комы дзуæрттæ сагъæссаг фесты нæ адæмы хъысмæтыл. Ныр дæхæдæг равзар, æрмæст дæ туджджыны фесафдзынæ æви комы адæмы

фервæзын кæндзынæ бæллæхæй. Бæрзонд Кадаты кад æмæ фарн рох не сты Стыркомы цæрджытæй абоны онг. Дæ фыдæлты уæлмæрдмæ тохы уæлахизæй æрцæудзынæ?

– Æрмæст тохы уæлахизæй! – фæхъæр кодта Темыр æмæ фæлæбурдта йæ хæстон хотыхтæм.

– Уый раст уынаффæ у. Ныр та цæуæм кувæндонмæ æмæ скувæм Стыр Хуыцаумæ, раарфæ кæн комы авд дзуарæн табутæ кæнгæйæ, ракурæм, цæмæй ацы бонты дæу бахизой æгады мардæй, ракурæм сæ хæхбæсты адæмæн сæрибар цард. Уый фæстæ Аминæйы курыс æви…

– Аминæйы къайаг у æрмæст уæлахизхæссæг! – дзуапп радта фырт æмæ ма бафтыдта: – Комы цæрджытæ æмæ суанг нæ фыдæлты ингæнтæ дæр хъуамæ фехъусой, кæй сыздæхт Кадаты Аслæмырзæйы фырт йе схæссæг, йæ ирвæзынгæнæг фыд Иналимæ, нæлгоймæгтæ æрцæттæ кæной сæ хотыхтæ æмæ æрлæууой мæ фарсмæ! Æз кæнæ уæлахизæй æрлæудзынæн Донбеттыры цур, кæнæ кады тохы фæмард уыдзынæн.

Инал йæ зæрдиаг куывдæй Темыры ныхыл чысыл сау стъæлф фæзынын кодта.

Фидиуæгæй Стыркомы адæм Темыры сидт фехъуыстой, æмæ сæ тыхыл тых бафтыд фыр цинæй, растадысты суанг зæрæдтæ æмæ рынчынтæ дæр, райстой сæ хотыхтæ æмæ Темыры дыууæ фарс æрлæууыдысты. Абадтис йæ алыппы мыггаг бæхыл Темыр, бæрзонд систа æхсаргард æмæ адугъ кодта стыр фæзмæ. Фехъуыста цины хабар Аминæ дæр, фыр цинæй фæгæпп ласта æмæ хæхбæсты балæууыд.

Уыцы рæстæг обауыл фæзындис Дæлимон йæ сау æфсад æмæ Сауханимæ æмæ хъæр кæны:

– Тыхгæнæг тых кæмæн нæ ары, уыцы паддзæхты паддзах Дæлимон дæн æз, Темыр! Фесæфтон дын дæ фыдæлты, дунейыл хъуыстгонд Кадаты хъæбатырты, сыскъуыдтон дын дæ мыггаджы уидæгтæ сæ бындзарæй, куырысмæдзæуæг Сауханæн Аслæмырзæйы дурзæйы бын куы фæкæнын кодтон, уæд! Ды та нырмæ уырысы паддзахы зæххытæ хъахъхъæдтай фыдызнæгтæй, æмбæхстой дæ комы дзуæрттæ, фæлæ ныр айс дæхи! Мах стæм комы барджын хицæуттæ, дæ къайаг та тагъд уыдзæнис Сауханы мæсыджы, раскъæфдзæн æй Халонбег! Мард æрцæудзынæ мах къухæй, фæлтау фæлидз дардмæ. Нæ фехъуыстон-иу ма зæгъ!

– Уæле – дæ фистæджытæ, дæле – дæ бæхджынтæ, Дæлимон! – ныхъхъæр кодта ныфсхаст æмæ æхсарджын Темыр. – Æрхиз æмæ бавзарæм нæ тыхтæ!

– Раздæр уал мах дыууæйæ фембæлдзыстæм, æрмæст æмбисæхсæв! Уый фæстæ та дын мæ фæсдзæуинтæ ныццæгъддзысты дæ адæмы! Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн стыр фæзы! – загъта Дæлимон æмæ æрбайсæфт.

Уыцы рæстæг Аминæ кастис арвы айдæнмæ, фехъуыста, йæ къайаг йæхи Захар нæ, фæлæ Темыр кæй схуыдта, уый, æмæ бацин кодта, фæлæ бæллæхы хабарæй фæстъæлфыд – Темыр æмæ Дæлимоны фембæлд талынг æмбисæхсæв уыдис йæ уарзонæн тæссаг.

– Мады Майрæм, табу дæхицæн, цы амалæй фервæзын кæнон Темыры, уый мын бацамон! Дæлимоны тых хинтæ æмæ кæлæнты ис! Гадзрахатæй рацæудзысты сыгъдæгзæрдæ Темырыл! Йæ цард мæ цард у, йæ мæлæт та мæ мæлæт у! – скуывта чызг.

– Байхъус мæргътæй иумæ, – айхъуыста чызг дзуары фæлмæн хъæлæс уæларвæй.

Аминæйы уæхскыл дын зæрватыкк абадтис æмæ дзуры:

– Дæлимон хинты аджы сау доны фæбаддзæн æмбисæхсæвмæ. Сыздæхдзæнис обаумæ æмæ домдзæн Темырæй, цæмæй хъæбысхæстæй бавзарой сæ тыхтæ. Иу санчъех куы бахæстæг уой кæрæдзимæ, уæд Темыр хинтыдоны смагæй цæсты фæныкъуылдмæ афынæй уыдзæн, æрхаудзæн зæххыл, æмæ йæ Дæлимон æнцонæй амардзæн…

Темыр дæу йеддæмæ никæуыл бауæнддзæн, йе знаг ыл хинæй цæудзænис, ууыл. Хъуамæ дæуæй фехъуса ацы хабар. Темыры фат хъуамæ сæмбæла Дæлимоны дыууæ цæсты астæу, уæд бакуырм уыдзæн. Æрмæст æм хæстæг ма бацæуæд.

– Аминæ, Темырæн куы баххуыс кæнай, уæд нал фендзынæ дæ хæрвæй дарæс, – дзуры та арвæй хъæлæс.

– Табу дæхицæн, æз разы дæн! Æхсæвы стъалытæ рухс кæндзысты, кæсæгтæ дæр уæдæ æнæ мæн сæ кафт кæндзысты. Æз та нæ бафæраздзынæн Темыры мастæн, йæ кад мæ кад у, йæ сæфт та мæ сæфт у! – дзуапп радта чызг.

Аминæ акодта йæ уæлæ æмбисонды хæрвæй дарæс, æркодта бирæгъы царм, цæмæй йæ куырысмæдзæуджытæ æмæ кæлæнгæнджытæй мачи базона.

Тæмыр æй куы ауыдта, уæд æй къулбадуг ус фæхуыдта æмæ йæ ’хсаргардмæ февнæлдта:

– Сесехан, дзырд куы радтай, нал мæм æрбацæуудзынæ хæстæг, зæгъгæ!

– Темыр, дæ хъæбысы мæ акæн! – дзуры йæм чызг.

Темыр чызджы йæ хъæлæсæй базыдта æмæ йæм бауадис, фелвæста йæ йæ хъæбысмæ. Аминæ цы фехъуыста зæрватыккæй, уыдæттæ йын мынæг хъæлæсæй адзырдта йæ хъусы, цæмæй йæ куырысмæдзæуджытæй мачи фехъуса, бафтыдта ма йæ ныхæстæм, йæхи зæрдæ та йын æнæвгъау кæй лæвар кæны, уый дæр, æмæ æрбайсæфтис.

Темыры зæрдæ ныррухс, цыма йæ риуы амонды цырагъ ссыгъд, уыйау, æмæ йæ тыхыл тых бафтыдис.

Темыр талынг æмбисæхсæв фембæлдис Дæлимонимæ.

– Рацу æмæ æрлæууæм фæзы астæу! Рахæцæм хъæбысæй, æмæ сбæлвырд уа, чи нæ у тыхджындæр, уый! – домы Дæлимон.

– Хъæбысæй рахæцты размæ-иу нæ фыдæлтæ хорз сæхи цынадтой хæххон цады доны. Æз мæнæ ныр рахызтæн цадæй! Ды дæр асыгъдæг кæн дæ буар, – дзуры йæм Темыр.

Дæлимоны зæрдæмæ нæ фæцыдис уазæджы уынаффæ, фæлæ ницæмæй тарст æнæмæлгæ хæйрæг. Цынадта йæхи, нал уыдис æмбисонды тæф йæ буары, æмæ дзуры:

– Фыццаг уал фатæй стох кæнæм! Уый фæстæ та хъæбысæй рахæцдзыстæм! Стæй бæрæг уыдзæн.

Талынджы знаг хорз уыдта Темыры, фæлæ йæ фат æмæ æрдынæй не сарæхсти. Темыр фæгуыбыр кодта, æмæ Дæлимоны фат йæ сæрты атахт. Темыр æрцæттæ кодта фат æмæ æрдын, ныхъхъавыд, æмæ дын уыцы рæстæг фæз ныррухс, цыма æмбисæхсæв хур скаст, уыйау. Цæсты фæныкъуылдмæ Дæлимон æрбайсæфт, знаджы фат йæ цæстыты астæу сагъд, афтæмæй. Йæ фæсдзæуинтæ йæ дæлдзæхмæ ахастой. Аминæ рухс кодта фæз, Темыр та хохæгтимæ суанг бонмæ фæтох кодтой, ныццагътой сæ; чи ма дзы баззадис, уыдон та лидзгæ акодтой.

Аминæ суанг бонмæ фæлæууыд къæдзæхыл æмæ рухс кодта тохы фæз, стæй хуры фыццаг тынтимæ йе ‘мбисонды хæрв æрбайсæфт…

Уæд дын обауыл фæзындис æмдымбыл æмæ цыбыркъах Халонбег йæ фæсдзæуинтимæ æмæ хъæр кæны:

– Темыр! Райсом та æмбисæхсæв фæзы фембæлдзынæ мæ куы-

рысмæдзæуджытимæ, сæ раздзог мæхæдæг, афтæмæй! Никуыма ничи фæтых махыл!

– Мæ фыдæлтæй дæр ничи фæлыгъд дардмæ тохы фæзæй! Æз дæм æнхъæлмæ кæсдзынæн! – Темыр разыйы дзуапп радта.

Аминæ та фæтарст Темырæн æмæ скуывта:

– Мады Майрæм, табу дæхицæн, фæлæ куыд баххуыс кæнон Темырæн? Хинæй йыл цæудзысты!

– Байхъус та цъиумæ, – æрыхъуыст чызгмæ дзуары хъæлæс.

Зæрватыкк та абадтис йе уæхскыл.

– Аминæ, Темырæн куы баххуыс кæнай, уæд бафиддзынæ хъалон, нал зондзынæ цъиуты ‘взаг, нал дын зардзысты хæхбæсты мæргътæ.

– Разы дæн комы дзуаримæ, табу йæхицæн! Цъиутæ та зарæнт æппæт цæрæгойтæ æмæ адæмæн, æмæ уыдоны цинæй рухс кæндзæнис мæ зæрдæ дæр. Фæлæ Темырыл гадзрахатæй цæудзысты, æмæ уæд та дыууæйæ дæр æгады мардæй сæфдзыстæм.

Зæрватыкк æм дзуры;

– Куырысмæдзæуджытæ бафæдзæхсынц бинонтæн, цæмæй сæ мачи райхъал кæна сæ фынæйæ, цалынмæ сæхæдæг æрчъицой, уæдмæ, æмæ сæ уыдон хъахъхъæнынц. Знæгтæ фæзы чи сырды хуызы, чи тугдзых цæргæстæй куы фæзыной, уæд халæттæ æмæ дзæгъындзæгтæм фæсид, æмæ уыцы æнаккæгты фехъал кæной сæ хъæрæй, – уæд куырысмæдзæуджытæ сæ хуыссæнты уайтагъд æрбамæлдзысты. Афтæ сын ныффыста сæ хъысмæты Дæлимон. Адæймагæй хуыссæны баззайынц, фестынц фыдбылызхæссæг удгоймæгтæ, стæй та сæ уд сæхимæ æрцæуы. Иу тæссаг ми: мачи сæ райхъал кæнæд æрмæст, цалынмæ балцы вæййынц, уæдмæ.

Уыцы рæстæг Темыр, комы цæрджытæ æмæ се знæгтæ фæзы фембæлдысты, райдыдта тох, фæлæ та-иу сырдтæ удæгасæй сæ цуры февзæрдысты фæстæмæ.

Аминæ фæсидтис халæттæ æмæ дзæгъындзæгтæм:

– Мæ хæлæрттæ, тагъд атæхут, куырысмæдзæджыты хæдзæртты сæрмæ хъæр-уаст уæ тых уæ бонæй сисут æмæ сæ райхъал кæнут!

Цъиуты хъæрæй фыдгæнджытæ сæ хуыссæнты фехъал сты, æрбамардысты адæймæгтæй, æмæ тохы фæзы сырдтæ цæсты фæныкъуылдмæ æрбайсæфтысты. Мæргътимæ стох кодтой Темыр æмæ хæхбæсты хæстонтæ. Фæтых та сты уыдоныл дæр.

Халонбег иунæгæй куы баззадис фæзы астæу, уæд лидзынмæ фæцис. Уый дæр аййæфта Темыры фат, æмæ сæрсæфæн æрхы мардæй балæууыдис…

Комы алы рæтты уыцы 'хсæв сусæгæй ныгæдтой сæ куырысмæдзæуæг мæрдты, æгадæй та тарстысты сæ бинонтæ æмæ хæстæджытæ.

Æртыккаг бон Темыр фембæлдис Саухانимæ, фæлæ йе знаг тохы фæзмæ æрцæуын нæ бауæндыдис, йæ фæсдзæуинтæй ма цы чысыл къорд баззадис, уыдонимæ Сау Барæгæй обауыл фæзындис æмæ, Темыры хæхбæсты адæмимæ дугъы тындзгæ куы ауыдта, уæд лидзæг фæцис, фæлæ дард нæ ахæццæ, æрхы былгæрон æй йе знаг баййæфта. Саухан æргæпп ласта бæхæй æмæ хатыртæ курынмæ фæцис, фæлæ йæ Темыры æхсаргард дыууæ дихы фæкодта.

Стыркомы адæм æрбамбырд сты куывдмæ. Цины хабар сын сæ тыхыл тых бафтыдта. Цин у маст æмæ низтæ сурæг, цин хæссы адæмæн амонд. Ссæрибары амонд та дæтты адæмæн ныфс, сæ кад æмæ намыс кæддæридæр кæй уыдзæн сæ бон бахъахъхъæнын, сæ кадджын ном сæ бындартæн амонд кæй хæсдзæнис.

Комы авд дзуары кувæн бонтæн се 'рвитæны та хистæртæ дзаг фынгтыл фембæлдысты, табутæгæнгæ фæкуывтой Стыр Хуыцаумæ, Сызгъæрин Уастырджи æмæ дзуæрттæм.

Уыцы изæр Инал комы цæрджытæн фехъусын кодта, Донбеттыры чызг Аминæ разыйы дзуапп кæй радта Темырæн.

Стыркомы адæм стырæй, чысылæй авд боны æмæ авд æхсæвы фæбадтысты Темыр æмæ Аминæйы чындзæхсæвы. Нæлгоймæгтæ зарыдысты сæ хъæбатыртыл, арв нæрыд сæ цины хъæлæстæй.

Уыцы бонты Кадаты мæсыджы æрцардысты Инал æмæ йæ уарзон кæстæртæ.

БАСИТЫ Мысост

ТАЙМУРАЗ

Радзырд

1. МАСТ

Ацы хабар æрцыдис иу райдзаст ирон хъæуы.

Таймураз скъолайæ цингæнгæ æрбацыд, хæдзармæ бауад, чингуытæ стъолыл авæрдта æмæ йæ мад Чабæханмæ дзуры:

– Чабæ, мæн æмæ Къолайы абон пионертæм айстой! Ног галстуктæ дæр нын радтой! Кæс-ма, хорз мыл нæ фидауы?

Чабæханмæ цыма хур æрбакаст, уыйау йæ цæсгом фæрухс, Таймуразы йæ хъæбысы акодта æмæ йæм фæлмæнæй бадзырдта:

– Уæ, Чабæ дæ нывонд арбауа, мæ чысыл хъæбул! Ныр мын лæг дæ, лæг. Хæдзары хистæр.

Таймуразыл цингæнгæйæ, мад йæхинымæр загъта: «Эх, ныр æм йæ фыд искуыцæй куы æрбакæсид!»

– Æз абон бабамæ дæр писмо фыссын, уадз æмæ уый дæр зона, ныр пионер кæй дæн, уый!

– Мæнæ тагъд, мæ къона, хæст фæуыдзæн, мах æфсæдтæ фашистты басæтдзысты, æмæ уæд ардæм хъæуы дæ фыды дæр, – загъта мад, йæ лæппуйы уæхскыл йæ къух æруадзгæйæ.

– Чабæ, ныр æз дæуæн алцæмæй дæр æххуыс кæндзынæн!

– Уæ, мæ зæрдæдарæн! Ныронг дæр мæ ныфс ды куы дæ, – мад йæхимæ æрбалвæста Таймуразы.

Лæппу хæринаг бацагуырдта...

* * *

Цыдысты бонтæ. Таймураз пионеры галстук куы бабаста, уæдæй фæстæмæ бæлвырд фендæрхуызон: цыма æвиппайды иу-дыууæ-æртæ азы хистæр фæци, уыйау уыдысты йæ ахуыр, йæ архайд. Уисæн кæнынмæ йæ ничи аййæфтаид, цы нæ сарæзтаид йæ дыууæ къухæй. Сыхбæсты цæрджытæ йæ бирæ уарзтой.

Хæст цыди карзæй. Хæстмæ ‘ввахс заводтæ ластам фæсфронтмæ. Знаг бирæ салдæтты æмæ хæцæнгæрзты руаджы æрра сырдау бырста размæ. Æрбахæстæг ис йæ сæфты ранмæ – Кавказы хæхтæм æмæ Сталинграды цурмæ. Сармадзаны гæрæхтæ хъуысын бай-

дыдтой Таймуразы хъæумæ дæр, хъæуы сæрмæ тахтысты знаджы хæдтæхджытæ.

Иубон хъæусоветы сæрдар Чабæханмæ фæсидти æмæ йын загъта:

– Чабæхан, дæ сæрыхицау Советон æфсады афицер у, партион, дæ хъæбул нырма – æнахъом пионер, знæгтæй сымахæн тæссагдæр у. Райсоммæ дæхи бацæттæ кæн: дæу æмæ бирæ æндæрты эвакуаци кæнæм...

Æнкъардæй раздæхти ус. Сæхимæ куы ’рбацыд, уæд кæрты астæу æрлæууыд æмæ йæ цæст ахаста йæ хæдзарыл: цæрæн агъуыст, сара, хъугдон, сæрдыгон къона, дынджыр тута бæлас, кауы рæбын хурмæ бæгъдулæг кæнынц йæ кæрчытæ, сæ цуры лæууы чысыл род. Уаты рудзынджы цур бады Таймураз æмæ кæсы чиныджы. Чабæхан дарддæр акасти йæ алфамбылай сыхбæстæм. Йæ зæрдыл æрбалæууыди йе звено, бригад, колхоз...

– Æмæ райсом æз хъуамæ ныууадзон Тамуйы скъола, мæ хъæубæстæ... Цы баллæхтæ ‘рцæудзæн ам... – ахæм хъуыдытимæ йæ цæстытæ донæй айдзаг сты.

Таймураз æй куы ауыдта, уæд йæ размæ рауади. Мады зæрдæ тынгдæр æрбауынгæг ис ...

– Цы кодтай, Чабæ? – тарстхуызæй афарста лæппу, йæ зæрдæ æхсайдта йæ фыдмæ.

– Ницы, ницы, Чабæйы хъæбул акæнай. Дæ фыд дзæбæх у, фæлæ нæ райсом ардыгæй ацæуын хъæуы æдас ранмæ. Хъæуæн тас у знæгтæй.

Мад æмæ фырт сæхи сцæттæ кодтой сæ райсомы фæндагмæ æмæ хуыссæны сæхи æруагътой.

– Æмæ ныр скъола та? Ме ‘мбæлттæй фæсте нæ баззайдзынæн? – афарста Таймураз Чабæханы.

– Нæ, нæ! Ма тæрс, Таму. Скъоладзау сывæллæттæ дæр немæ цæудзысты. Кæдæм ацæуæм, уым ахуыр кæндзынæ. Уалынмæ та нæхимæ æрбаздæхдзыстæм, – ныфсытæ авæрдта мад йæ лæппуйæн. – Сырх Æфсад фыдгулы ам бирæ рæстæг нæ ныууадздзæн...

Æхсæвы хæдтæхджыты гуыв-гуыв, бомбæты хæлын æмæ пулеметты къæр-къæр сæ фынæйæ райхъал кодтой мад æмæ фырты. Гæрæхтæ тынгæй-тынгдæр куы кодтой, уæд мад рабадти йæ хуыссæны. Таймуразы уынæр нæ хъуысти.

– Фынæй дæ, Таму?

– Нæ дæн, – сдзырдта лæппу цыдæр тарстхуызæй. Уыцы сахат æвиппайды уат фæрухс и, ныннæрыди бомбæйы фехæлд, æмæ хæдзар тынг нынкъуысти. Мад æмæ фырт сæ дарæс акодтой, хуыссæнтæм февнæлдтой æмæ ныккæндмæ ныллыгъдысты.

Æвæццæгæн, фашисттæ хъæумæ æрбабырстой, – ахъуыды кодта Таймураз. – Цымæ ныр иннæ лæппутæ афонмæ цы фесты? Кæнæ йæ ахуыргæнæг...

Райсомæрдæм гæрæхтæ чысыл фæсабыр сты... Чабæхан фæныфсджындæр, фæхъæбатыр кодта йæхи æмæ загъта:

– Таму, мæ зæрдæдарæн, ды уал ам фæлæуу, æз акæсон, кæддæра цы хабар ис.

Сабыргай ныккæндæй уатмæ схызти, дуары раз æрлæууыд æмæ æддæмæ хъусы. Стæй сабыргай дуар бакодта æмæ кæртмæ рахызти. Фæлæ та скъæр-къæр кодтой пулеметтæ, ныннæрыдысты та сармадзантæ, æмæ Чабæхан балыгъди агъуысты ныккæндмæ...

* * *

Сау мигътæ æртыхстысты Таймуразы уарзон хъæуыл. Дардæй ма хъуысти стæм гæрæхтæ. Колхозон хъæлдзæг фæсивæды зарджыты æмæ сабиты цины уынæры бæсты ныр хъуысы сылгоймæгты æрдиаг, сывæллæтты цъæхахст, тарст кæрчыты цъиах-цъиах... Таймураз цалдæр хатты афæлвæрдта кæртмæ рацæуыныл, фæлæ йæ Чабæхан нæ рауагъта, исты йыл куы сæмбæла, зæгъгæ.

Иурæстæджы сæм чидæр дуар ахæм тызмæг хост бакодта, æмæ агъуыст ызмæлыди.

– Ды ам фæлæу, æз æм акæсон, – загъта мад, ныккæндæй схызти, тæрсгæ-ризгæйæ дуар байгом кодта, æмæ – дæ фыдгул уыйау. Чабæхан фæтарсти немыцаг фыдгæнджытæй æмæ фæстæмæ йæхиуыл дуар ахгæдта. Фашисттæ дуар ныххостой æмæ немыцагау сдыгъал-дыгъул кодтой. Чабæхан цы акодтаид фыр тæссæй, уый нал зыдта, æмæ, дуар кæд къæпсырæй æхгæд уыди, уæддæр ма йæм йæхи сбыцæу кодта фидардæрæн. Фæлæ афицертæ фыр мæстæй бирæгътау бырстой мидæмæ æмæ цалдæрæй уыциу хæст бакодтой дуарыл. Дуар батыдтой. Ус дæлгоммæ ахауди. Немыцаг фыдгæнджытæ тарст сылгоймаджы сæ къæхты бын скодтой, сæ иу ын автоматы хъæдæй йæ къæбут ныццавта. Чабæхан ныхъхъæрзыдта æмæ сдзырдта: «Удхортæ». Иу

афицер æм бауад æмæ йын цырыхъхъы зæвæтæй йæ галиу фарс нырриуыгъта. Ус ма Таймуразмæ цыдæр сдзырдта, стæй бауадзыг ис. Мады хъæрмæ ныккæндæй сгæпп кодта Таймураз. Пъолыл æй ауыдта тухитæгæнгæ, комкоммæ йæм базгъордта æмæ скуыдта. Сылгоймаджы æфхæрджытæ къуымты зилæнтæ кæнынмæ фесты. Ницыуал ныууагътой æнæ сфæлдахгæ: хуыссæнæй, чырынæй æндæрæй. Усыл фæхæцыдысты æмæ йæ кæртмæ раппæрстой. Чабæхан нал æрчъицыдта. Дыккаг бон æй сыхæгтæ баныгæдтой. Сæ хæдзары æрцардысты дыууæ немыцаг афицеры æмæ сæ кæсдæриуæггæнæг. Уыдон æввонгæй хордтой хæдзары бæркад. Мæргътæ сын хæрд куы фесты, уæд роды дæр æрбаргæвстой.

Таймураз йæ хадзары цæргæйæ баззад: йæ сырх галстук арф йæ роны бамбæхста, афтæмæй хуыссыди ныккæнды. Æдзух йæ хъустыл уадысты йæ мады фæстаг ныхæстæ, йæ цæстыты раз-иу февзæрди йæ ныв, æмæ йе 'взонг зæрдæйы æхсысти маст. Хаттæй-хатт-иу ацыди хъæубæстæм. Уым-иу фембæлди фæскомцæдисы сусæг кусджытимæ. Чи зоны, кæй уынаффæтæ тынгдæр зындысты æвзонг лæппуйы зондыл, фæлæ-иу уæддæр фылдæр бадти сæхимæ иунæгæй, цума йын кодта немыцæгты хæринаггæнæг.

Иурайсом Чабæйы марджытæ хæдзар æмæ уаты иу къуым дæр æнæ сгæрстæй нал ныууагътой. Тæлмацы æхххуысæй Таймуразы дæр бафарстой:

– Уатæй æртæ къухæйæхсгæ гранаты фесæфти, нæ сæ федтай?

– Нæ федтон! – загъта лæппу. Æз уатмæ цæугæ дæр куы никуы бакодтон!

– Дæ цæст дар ацы сырды лæппынмæ! – карз бафæдзæхста иу афицер йæ фæсдзæуинæн.

– Хъусын! – загъта фæсдзæуин. – Сабыр сывæллон у, нæ йæм æхсайы мæ зæрдæ.

Афицер æм тызмæг каст бакодта.

– Хъусын!.. Мæ бар æй уадз сырды мыггаджы!..

Уыйадыл нал хъыгдардтой немыцæгтæ лæппуйы.

* * *

Иу æхсæвæрафон та Таймуразы уазджытæ æрбадтысты дзаг стъолы уæлхъус. Хордтой æмæ нуæзтой.

Таймураз хус каухалæнтæй бандзæрста арт æмæ пецы раз æрбадти. Пецы цæхæры рухсмæ йæ уадултæ æрттывтой æфхæрдхуыз фæлурсæй. Йæ зæрдæйы стыр маст тыххæй урæдта, фæлæ йæхи ницы æмбарæгау скодта.

Иурæстæг æм лæггадгæнæг немыцаг фæдзырдта:

– Клаин, цу æвзалы æрбадав æмæ йæ пецы бакал тагъддæр!

Таймураз фестад, къæрта райста æмæ кæртмæ рахызт. Исдугмæ йæ мидбынаты алæууыд, йæ зæрдæ айдзаг ис ныфсæй, фæйнæрдæм акасти, стæй цæхæрадонмæ бараст и. Уым йæ сусæг æвæрæны раз æрлæууыд, фæйнæрдæм та акаст æмæ куы никæй федта, уæд къæртайы авæрдта къухæй æхсгæ немыцаг гранаттæ иу цалдæр, уырдыгæй сарамæ бацыд æмæ сыл æвзалы æркодта. Цыма ницы уыд, уыйау йе ‘взалыйæдзаг къухтæ æрцагъта, къæрта систа æмæ йæ бахаста уатмæ. Афицертæ сæ хæрд æмæ нозты кой кодтой. Хæринаггæнæг арынджы цыдæртæ архайдта. Таймураз къæй сыгом кодта æмæ гранаттæ æвзалытимæ иумæ æхсидгæ арты ныккалдта, йæхæдæг кæртмæ йæхи райста.

– Хорз! Диссаг уыдзæн... – сдзырдта Таймураз, – æмæ ныр, цы уа, уый уæд, лидзон тагъддæр!..

Мæй цæлхыдзагæй каст æмæ рухс кодта чысыл Таймуразы развæндаг. Сабыр æхсæв уыд уыцы æхсæв. Гæрах, кæуын, цъæхахст никуыцæй æмбæлд Таймуразы хъустыл. Æрмæст йæ зæрдæ афтæ гуыпп-гуыпп кодта, æмæ йæ риу рацæйтыдта.

«Цы уыдзæн, уый ма мæхи цæстæй куы фенин», – ахъуыды кодта Таймураз æмæ фæстæмæ фæзылд. Уыцы сахат йæ цæстытыл ауад: сæ хæдзары мидæг пецы арт судзы... Расыг фыдгултæ хæрынц, нуазынц, сæ сæр, сæ фат нал æмбарынц. Акаст сæ хæдзармæ, æмæ ауыдта, тохынайы фæздæг куыд цæуы, уый.

– Æрæгмæ... – куыд сцæйдзырдта, афтæ йæ цæстытыл ауади æвиппайды рухс, стæй ахæм гуыпп æрбайхъуыст, æмæ хъустæ амыр сты, уæлдæф нынкъуысыди. Сыгъды рухсæй сæрыстыр æрыгон хъæбатыр дарддæр згъордта талынджы хъæбысмæ, хъæдмæ. Немыцæгтæй ничиуал раирвæзти Таймуразы хæдзарæй.

Хъæуы адæмæй ничи зыдта хабары æцæгдзинад. Уыдон тынг хъыг кодтой сидзæр лæппуйыл, кæд уый дæр, мыййаг, агъуысты байсæфти, зæгътæ.

2. ÆРЫГОН ПАРТИЗАН

Партизантæ тынг бирæ бауарзтой Таймуразы. Æнæ уый дзы йæ дзыхы къæбæр дæр ничиуал кодта. Лæппу уыди хæдæфсарм, æнæзивæг. Йæ зонд, йæ митæ æвдыстой, йæ кары йас саби кæй нал у, уый. Тынг бирæ уарзта йæ сырх дари галстук. Райсомæй-иу æй хуылыдз къухæй ныллæгъз кодта æмæ та-иу æй йæ хъуырыл бабаста.

– Таймураз, мæ хур, дæ галстук уал бафснай: бирæ йæ кæй уарзыс, уый хорз у, фæлæ, цы ран стæм, уый зонын хъæуы, – баздæхти йæм иуахæмы Гала, партизанты отряды командир. Гала уæлдай фылдæр уарзта æрыгон партизаны. Рæвдыдта йæ æдзух, хъахъхъæдта йæ фыдбылызæй, дардта йæм йæ цæст. – Мæнæ не знæгты куы басæттæм, уæд та йæ æргом хæсдзынæ, – дзырдта йын дарддæр Гала. – Тагъд уыдзæн уый.

Иучысыл рæвдауæн ныхæсты фæстæ Гала фæцæйраст кодта лæгæтмæ. Таймураз æм сдзырдта æфсæрмытæгæнгæ:

– Ацы хатт дæр мæ нæ ауадздзыстут уемæ?

Гала йæм баздæхти, йæхимæ йæ æрбалвæста хъæбысы æрбакæнæгау, æмæ йæм дзуры:

– Таму, ды дæ хæс баххæст кодтай уæлдайджынтæй. Æз дын ам дæр тæрсгæ куы кæнын... Бафæраз ма иучысыл. Уалынмæ дæ фыд ссæудзæн, æмæ йын æз радзурдзынæн, куыд хъæбатыр дæ, уый...

Гала бирæ хæттыты хъуыды кодта Таймуразы хъысмæтыл. Кæй бар æй бакæна, йæ цæст æм хуыздæр чи фæдардзæн? Хи хъæуы та йын ныууадзæн нæй. Фæлæ Таймуразæн йæ зæрды дæр нæ уыд партизантæй исчердæм ацæуын.

Уæд иу мигъ райсом Гала басидти Тасолтанмæ, æмæ иумæ бацыдысты лæгæтмæ. Дуар бассыдтой сæ фæдыл æмæ зæрдиаг ныхас кодтой сусæгæй. Уыцы заман лæгæтмæ бацæуæны дуры фæстæ Таймураз йæ дзабырты фæсал ивта, фæлæ йæ Галаитæ не 'рхъуыды кодтой.

– ...Уæдæ афтæ, нæ? Базон-иу æй бæлвырд... Аргæвста, дам, хъæубæсты. Дур дурыл нал уадзы. Ноджы сæ сусæг гæххæттытæ...

– О, бамбæрстон дæ. Мæхи бар мын æй бакæн. Дыууæйæ ацæуын хуыздæр куынæ уа. Майор нæ, фæлæ инæлар куы уа, уæддæр дзы æфсæрмы нæ фæкæндзынæн.

– Фæуæд, ацу-иу дæхæдæг иунæгæй. Изæры куыддæр æрталынг

уа, афтæ араст у. Фæндагыл дæр æмæ хъæуы мидæг дæр дæхи дардзынæ, куыд дын амыдтон, афтæ, хъусыс?

Ахæм ныхæстæ уадысты Таймуразы хъустыл. Партизантæ æрбадтысты аходæн хæрыныл. Гала йæ цæст ахаста йæ адæмыл æмæ тагъдгомау афарста:

– Таймураз кæм и? Нæма сыстади?

Дзуапмæ дæр нал банхъæлмæ касти, афтæмæй бацыд лæгæтмæ:

– Кæм дæ, Таму?..

Лæгæты ничи разынди. Адæм базмæлыдысты. Бирæ йæ фæцагуырдтой, фæлæ – никуы æмæ ницы. Райсомæй йæ уынджытæ фæци, уымæй дарддæр ын ничиуал ницы зыдта. Сабийы хъысмæтыл уæлдай тынгдæр Гала тыхстис.

Бон цыди йæ кæронмæ.

Изæрмилтæ куы кодта, уæд Тасолтан йæхи арæвдз кодта цæуынмæ, бацыди Галамæ, кæд ма йæм исты ног уынаффæ ис, зæгъгæ.

– Тасо, дæ хорзæхæй, дæ хъус ма-иу бадар, кæд Таймураз уыцырдыгæй ис, мыййаг, – йæ фæстæ ма адзырдта Гала.

Гъе уыцы сахат хъæды арфæй æрбазынди Таймураз. Иу цалдæрæй амбырд сты йæ алыварс, баскъæфтой йæ къæбицы хицаумæ. Уайтагъд хæрзæггурæггаг фесты Галамæ дæр.

– Фæдзурут-ма йæм ардæм! – загъта Гала, йæхæдæг цæуылдæр ахъуыды кодта.

Таймураз тынг æфсæрмыгæнгæ æрлæууыд командиры раз.

– Кæм уыдтæ абондæргъы? Не ‘ппæты дæр куы фæфæдис кодтай! Æнæ бафæрсгæйæ кæдæм ацыдтæ?! – бафарста Гала Таймуразы.

– Немыцаг майор цæры Гигойы хæдзары, – зæхмæ кæсгæйæ, сдзырдта Таймураз.

– Куыд, куыд? Æмæ хъæуы уыдтæ? – фæдис кодта Гала. Марадзут, азгъорут Тасолтаны фæстæ æмæ йæ раздахут.

Лæппу радзырдта хабар. Бæрæг уыди, æвзонг сгарæг æцæгдзинад кæй дзуры, уый. Уæд Гала бæлвырддæр фæфарста лæппуйы, стæй йæм бартхъирæн кодта, æнæ фæрсгæйæ ма иу къахдзæф дæр искуыдæм куы акæна, уæд æй уыцы сахат хъæумæ кæй асурдзæн. Уалынмæ æрбаздæхт Тасолтан дæр. Хабар куы базыдта, уæд мæсты худт бакодта:

– Уый диссаджы сгарæг дæр куы разындтæ, уый!

Дыккаг изæрмæ аргъæвтой сæ фæнд баххæст кæныны хъуыддаг. Фынæй кæныны агъоммæ Гала фæдзырдта Таймуразмæ.

– Хæстæгдæр-ма мæм рацу. Мæсты ма мæм дæ?

Таймураз æм ницы сдзырдта.

– Æнхъæлдæн, æцæг дæ мæсты. Цæй, бафидауæм.

– Уæдæ цæмæн загътай, фашистон батальоны хицау немыцаг майор кæм æрцарди, уый бæлвырд базонын хъæуы, зæгъгæ, – байхъуысти Галамæ лæппуйы ныхас. Гала фæдис кодта.

– Кæд загътон æз афтæ?!

Уæд Таймураз радзырдта, йæ дзабырты фæсал куы ивта, уæд Гала Тасоимæ лæгæтмæ куыд бацыди æмæ уым цытæ дзырдтой, уый. Гала мидбылты бахудт, йæ саулагъз цæсгомыл цины хуыз абадт, йæ фætæн уæхсчытыл хъатаратæ асгæрста æмæ загъта:

– Уый хорз у, фæлæ хæсты командир цы зæгъа, уый кæнын хъæуы. Ды дæр ацы хатт дæхи фæндыл мауал ацу...

Фæсахсæвæрты Гала иу къорд партизантимæ йæхи срæвдз кодта сæ нысангонд балцмæ. Араст кæныны агъоммæ Гала басидти Тасолтанмæ.

– Дæ бар кæнын ам хъуыддæгтæ. Мах боныцъæхтыл ам уыдзыстæм фæстæмæ, цы гæнæн уа, уымæй. Сгарджытæ куы 'рбаздæхой, уæд-иу сæм дзæбæх фæкæс.

– Фæндараст фæут. Ардæм дæ зæрдæ мацæмæй æхсайæд, – загъта Тасолтан.

Тохы бæлццæттæ араст сты. Таймураз къудзийы фæстæйæ сæ фæдыл касти. Æвзонг сæры æвзæрди бирæ алыхуызон хъуыдытæ. Сагъдæй баззайæгау лæууыд æмæ касти адæмон хъæбатыр тугисджыты фæстæ. Уыдон æхсæвы тары куы аныгъуылдысты, уæддæр ма сын лæмбынæг хъуыста сæ къæхты хъæрмæ... Фæлæ мæнæ ныссабыр ис бæстæ. Æрмæст ма æхсæвгæстæ къæрцхъусæй зылдысты бынаты алфамбылай.

Хъæуы иу рухсы цъыртт никуыцæй цыди. Фæззыгон мигъ æхсæв ыл æрбатыхст, æмæ лæг йæ развæндаг нæ уыдта.

Гигойы хæдзар. Йæ алыварс – бæрзонд быру. Кулдуары цур гитлерон салдат сындæггай рацу-бацу кæны æмæ йæхицæн хъырны цыдæр зарæджы мелоди. Йæ автомат – йе 'ккойы, къухтæ – дысты конд. Гала йæхи балхъывта бырумæ æмæ йæ цæст дары хъахъхъæнæгмæ. Иуахæмы йæм хъахъхъæнæг хæрз хæстæг бацыди. Гала фенæуыæнк ис, кæд мæ федта, зæгъгæ. Фæлæ хъахъхъæнæг æнцад разылди æмæ

фæстæмæ араст и кулдуары ‘рдæм. Гала айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ уыциу гæпп бакодта хъахъхъæнæгмæ, фæлæбурдта йæм æмæ йæ фæуæлгоммæ кодта.

Фæстиат кæнæн нал уыди. Гала арæхстгай кулдуар байгом кодта æмæ кæртмæ бацыд. Сабыргай хæдзармæ æввахс бабырыд æмæ тыргътæм схызт. Уаты рудзынджы чысыл зыхъхъырæй зынди рухс.

«Бадгæ ма кæны», – йæхинымæр загъта Гала. Иуцъусдуг алæууыди, ахъуыды кодта, стæй æвиппайды дуар фегом кодта. Сынтæджы æд дзаумæттæ уæлгоммæ хуыссыди немыцаг майор, йæ къухтæ йæ сæры бын, афтæмæй. Æнæнхъæлæджы уазæджы куы ауыдта, уæд исдугмæ нæ зыдта, цы акæна, уый, стæй æвиппайды кардмæ фæлæбурдта. Уыцы сахат ыл Гала йæхи цæргæсау ныццавта, æмæ фашистæн кард йæ къухы нал бафтыд. Дыууæ знаджы фæхъæбысæй-хъæбысмæ сты. Галайы къухы уыди хъама, фæлæ уымæй нал сарæхсти, æмæ йæ фехста иуварс. Немыцаг разынди фидар, фæлæ Гала уæддæр йæ зæрдæ дардта, фашистон сырдыл кæй фæуæлахиз уыдзæн, ууыл. Хъуырдухæн бацайдагъ ис. Дыууæйæ дæр, кæрæдзи æвдæрзгæйæ, хъæрзыдтой. Чи зоны, цас ма ахастаид сæ хъазуат тох. Фæлæ фашистон лæгмар æвиппайды ныббогъ кодта цæф сырдау æмæ æрфæлдæхт.

– Кæцæй та фæдæ? – дисгæнгæ фæхъæр кодта Гала, Таймуразы ауынгæйæ.

Лæппу тыххæйты сласта хъама фашисты фарсæй, арф ныуулæфыд æмæ цингæнтæ Галамæ бакаст.

Гала февнæлдта майоры сусæг гæххæттытæ æмбырд кæнынмæ. Таймураз рахаста йемæ немыцаг майоры дамбаца, Гала – хъахъхъæнæджы автомат. Хъæугæрон се ’мбæлттимæ æрлæууыдысты, æмæ Гала йæ хъæбысы ныккодта лæппуйы.

Ист у «Мах дуг»-ы 1950 азы 5-æм номырæй

АДÆМ ЦЫРГЪЗОНД КУЫД НÆ СТЫ

✓ Сусæгдзинад хызæй уæлдай нæу, иу хал дзы куы райхæла, уæд иууылдæр хæлы.
✓ Æнæрхъуыды ныхас дзæгъæл нæмыг у.
✓ Фидис бакæнынмæ фидиссаг фæтагъд кæны.
✓ Хорз хæстæг æвæрд хæзна у.
✓ Бæлас куы кæла, уæд йæ сыхагыл æнцой кæны.
✓ Хъæдгом байгас вæййы, фæлæ йæ ном баззайы.
✓ Адæм æнæуынон кæмæн сты, уый йæ аууонимæ дæр загъд кæны.
✓ Æрыгонæй бирæ сугтæ куы æрæмбырд кæнай, уæд дæ зæронды бонтæ хъарм уыдзысты.
✓ Давæг бирæ дава, чысыл дава, – фæсмонгондæй йын æнæ баззайгæ нæй.
✓ Бæлас талайæ æртасын кæнын хъæуы.
✓ Фидæн райдайы абон.
✓ Расыггæнагæн хур бон дæр талынг у.
✓ Ныййарæг æмхуызон уарзон у адæймагæн дæр æмæ сырдæн дæр.
✓ Кæстæр бинонты цин у.
✓ Къæбицы цас сæвæрай, исгæ дæр дзы уыйбæрц ракæндзынæ.
✓ Дæхиуыл хæцын куынæ фæразай, уæд дыл æдылыдзинад фæтых уыдзæн.
✓ Адæймаджы бæллæх уый у, æмæ ахсæн зондыл куы фæтых вæййы.
✓ Де ‘ууæнк куы бахæрай, уæд дæ ничиуал сраст кæндзæн.
✓ Халон мæргъты астæу цъæх бирæгъ у.
✓ Æгас цæуæд иу зондджын бирæ æдылыты ныхмæ.
✓ Доны ад зонын дæ куы фæнда, уæд ын йæ равзæрæн ссар.
✓ Давæггаг фарсыл нæ хæцы.
✓ Æнæ æфсымæрæй ис цæрæн, фæлæ æнæ хæлæрттæй нæй.
✓ Дидинæджы ракалд дыргъты æвдисæн нæма у.
✓ Иу хатт зæрдæдзæф куы фæуай, уæд адæм базондзысты, зæрдæ дын кæй ис, уый.
✓ Тынг зын у фыццаг къахдзæф акæнын, уæлдайдæр та рындзыл куы лæууай, уæд.

✓ Кæд дæ бон исты у, уæд дзы иннæтæн дæр авæр.
✓ Йæ бæндæн иу тагæй не 'ххæссыди, уый та ма йæ дыдæгътæ кодта.
✓ Уазæджы къæбæрæй бирæ цæрæн нæй.
✓ Кæсаг доны арф агуры, адæймаг та – царды хорз.
✓ Æнæхицау хъæуæн рувас – æлдар.
✓ Цæхх æмæ кæрдзын туджджынты дæр бафидауын кæнынц.
✓ Чидæр хæдзар-хæдзар кодта, афтæмæй йын йæ къæсæр дæр нæ федта.
✓ Дæттæ, дам, фæнымадта, Æрыдон та дзы ферох ис.
✓ Фос дæр ма йæ кæвдæс æмæ йæ къæлæт зоны.
✓ Хъуыддаг райдыдтай, уæд æй йæ кæронмæ ахæццæ кæн.
✓ Æвзæр ракæнынæн бирæ нæ хъæуы.
✓ Æвзæры йе 'взæрдзинадæй зонынц.
✓ Кæд дæхи хæдзары цъиуы цæстæй кæсыс, уæд искæй хæдзары галы цæстæй ма кæс.
✓ Кæд дæ дуарыл нæ бауагътой, уæд рудзынгыл мауал хиз.
✓ Æфсæрмыгæнаг уазæг æххормагæй баззайы.
✓ Захъайы зиан ныгæдтой, Тырсыйы та сæ сины сæртыл хæцыдысты.
✓ Дæхиуæттæ дæ куыд хоной, æцæгæлæттæ дæр – афтæ.
✓ Мæлын дæр кадимæ æмæ сæрыстырæй хъæуы.
✓ Стыр бæласы гыццыл фæрæт дæр акалы.
✓ Тыхгæнæгыл тыхджындæртæ дæр сæмбæлы.
✓ Цы къахвæндагыл сахуыр уай, уый дæм стыр фæндагæй уæрæхдæр кæсдзæн.
✓ Кæйдæр кæртмæ уагътой, уый та хæдзармæ бырста.
✓ Сæгъ куы æлвынай, уæд къуымбилмæ ма 'нхъæлмæ кæс.
✓ Гæды фынæй куы фæкæны, мыстытæ та уæд кафгæ фæкæнынц.
✓ Искæй худ давынмæ чи хъава, уый йæхи худ йæ дæлармы хæссы.
✓ Кучиты Бицъи Захъамæ цыд, æхсæвиуат та Мызуры бакодта.
✓ Мæстыгæр лæгæн йæ сæмæн куы асæтты, уæд йæ фырты ахосджын фæкæны.
✓ Уазæг йæхи хорз куы фены, уæд дуары 'рдæм фæкæсы.
✓ Фидауынмæ чи цæуы, уый йæ хъамайы сæрыл нæ фæхæцы.
✓ Хахуыр ныхас æхсаргарды цæфæй фыддæр у.

Валентинæ ДЫННИК

АЛЦÆМÆЙ ÆХХÆСТ ХЪАЙТАР НАРТЫ ЭПОСЫ

Кадæггæнджытæ ирон Нарты таурæгътæ куыд фæдзурынц æмæ сæ адæм сæ зæрдæтæм куыд арф айсынц, уый æвдисæн у таурæгътæн сæ диссагдæр миниуджытæй иуæн – баиу сæ рагон дуг æмæ ног комулæфт. Иртасджытæ раджы бафиппайдтой, ирæттæ сæ уарзон нæртон хъайтарты хабæрттæм тынг лæмбынæг кæй фæхъусынц, уый. Уыимæ, эпосы хъайтартæ æмæ цаутæм, иуæй, уæззаузонд цæстæнгас дарынц, иннæмæй та сæ хæстæг-хионау, рагзаманты минæвæрттимæ зонгæ цыма сты, уыйау уарзынц. Уыдæттæн ахъаз у кадæггæнæджы комкоммæ ныхас, чи йæм хъусы, уыдонимæ. Уæлдай арæхдæр ахæм фæрæз æмбæлы знагимæ тохы нывтæ æвдисгæйæ. Батрадз нарты знаг Алæфы къух куы нылхъывта æмæ ныммур кодта («Батрадз æмæ сохъхъыр уæйыджы фырт»), уый коймæ адæмон зарæггæнæг зæгъы: «Уе ‘ппæты знæгтæн дæр сæ къух афтæ райстæуæд!» Ахæм хуызы ныхæстæ ма фехъусæн ис, нарт Хызы фидары хицауы фыртимæ кæм тох кодтой, уыцы æмæ иннæ кадджытæ дзургæйæ дæр. Адæм комкоммæ сидтытæм куыд базмæлынц, уый фенын фæхъæуы!

Ирон Нарты кадджытæ ма уырнинаг æмæ зæрдæисгæ уымæн сты, æмæ Цæгат Ирыстоны зæххыл ис сæ нæмттæй нартимæ баст бирæ бынæттæ. Куырттаты комы зарæггæнæг, басгуыхын йæ бон кæмæн нал у, ахæм нæртон лæг нарты уæлмæрды аккаг нæу, зæгъгæ, Уырызмæджы уыцы ныхæстæ куы æрхæссы, уæд кадæг «Уырызмæджы фæстаг балц» æмæ зæронд нæртоны фæлгонц адæмы цæстытыл уæлдай ирддæрæй ауайынц. Уыцы комы ма ис Нарты ныхасы бынат дæр. Йæ кой йын чи фехъуыста, уый зонды уай-

тагъд сæвзæры, зæгъæм, Ацæмæз æмæ Агуындæйы тыххæй кадæг. Нарт дзы, ныхасы бадгæйæ, Сау хохмæ, Агуындæмæ, æд уадындз тырнæг æрыгон Ацæмæзæй сæ мондæгтæ исынц. Кадæджы аивадон дунейы æвæджиауы рæсугъд æрдзæн цы стыр нысаниуæг ис, уый ахæм уавæрты адæймаджы миддунейы уæлдай ахсджиагдæр бынат ссары. Уæдæ нарт Сосланы трагикон мæлæт дæр, кадæгмæ хъусæджы зонды, Нары хъæумæ хæстæг рагон уæлзæхх зæппадз Сосланы цырт кæй хуындæуы, уыимæ баиу вæййы. Ноджы ма Сосланы тыххæй кадæджы æдзард нæртоны цыртæн сюжеты стыр нысаниуæг ис – Сосланы марæг Балсæджы тæссаг цалхыл æрыгон Хæрæфырт куы фæуæлахиз, уæд уыцы цалх æрсагъта йе 'мтуг хъайтары ингæныл. Ам ма Сослан йæ мæлæты фæстæ йæ маст райста Сырдонæй дæр: зæппадзы конд хуынкъæй йæ ныццавта, йæ ингæн ын хынджылæггаг скæныны тыххæй йæм куы бацыд, уæд. Ирыстоны ахæм «нæртон» бынæттæ æмæ материалон культурæйы цыртдзæвæнтæ кæй ис, уый, нарты эпос раздæр уæрæх парахатгонд уыд, æрмæст ууыл нæ дзуры, фæлæ ма у йæ нысаниуæгæн абоны царды, ныртæккæ йæм цы цæстæнгас дардæуы, æппæт уыдæттæн æвдисæн дæр.

Тугъанты Махарбег. Нарты Борæ мæлик-æлдæртты куыд амардта

Нарты эпос ма цымыдис кæны, адæмы æрвылбоны цард æмæ психологийы æууæлтæ дзы кæй æмбæлынц, уымæй.

Эпосы хъайтарты хуымæтæг адæм схонæн нæй. Сæ равзæрдмæ гæсгæ баст сты цавæрдæр диссаджы гоймæгты дунеимæ æмæ семæ фæныхас кæнæ фæтох кæнынц. Уыимæ, уæддæр адæм сты. Иудадзыгон хæдзарадон змæлдтытæ æмæ хæлæртты куывдтæ, зæрдæхæлар ныхас æмæ тугкалæн тохтæ – уыдæттæ адæймаджы цардæн уырнинаг æвдисæнтæ сты.

Нарты хъайтарты алцæмæй æххæстæй æвдисыны хъуыддаг сын сæ зæрдæмæдзæугæ адæймагон миниуджытæ нæ кайы. Нарт æрмæст æхсардзинады æвдисæн нæ, фæлæ ма хæдхуыз удыхъæдимæ адæм дæр сты. Кадджыты хъайтартæ – аив нывгонд, иуы дзы иннæимæ фæхæццæгæнæн нæй. Ирон адæмы аивадон зондахасты сæ сæйрагдæрты æууæлтæ иттæг хорз бæрæггонд сты: фæразон æмæ дардмæуынаг, хъуыдыгæнæг Уырызмæг; тæвдтуг æмæ æргомзæрдæ Батрадз; æгæнон æмæ хивæнд Сырдон; сабыр, цыфæнды тæссаг уавæрты дæр чи нæ фесæфдзæн, уыцы Сатана; æнкъараг æмæ тæвдтуг Ацæмæз.

Нартмæ ис æппæрццæг миниуджытæ дæр. Уырызмæджы нарт сæ хуыздæрыл банымадтой (кадæг «Уырызмæг æмæ сохъхъыр уæйыг»), фæлæ суанг уый дæр йæ масты фæдыл ацыд æмæ Сатанайы йæ цæгатмæ арвитыны зондыл ныллæууыд (дзуаппы хуызы йын уый равдыста, тынг æнувыд ыл кæй у). Сослан кæуылты зондджын у, фæлæ хатт сæртæг разыны, æмæ йæ, арæхстгæ архайын æй кæй хъæуы, уый айрох вæййы. Йæ уыцы хъæндзинад æй сафдзæн, уый тыххæй йын йæ ус Бедуха бæргæ дзырдта, фæлæ уæддæр, цæмæй йын тарст, уый æрцыд.

Уæдæ Сырдоны кой æппындæр нал кæнæм – алыхуызон фыдбылызтæ расиды, æмæ та йæ нарт сæхæдæг бафхæрынц.

Алыхуызон сты нарт сæ зондахаст, сæ тырнæнтæм гæсгæ, сæ сагъæс æрмæст знæгтимæ тохыл нæу. Æхсызгонæй бацæуынц сæ уарзон кафт симды; Сослан Челæхсæртæгимæ ерысы кафы тымбыл фынгыл, уыимæ дзы зæхмæ ницы ‘рхауы, уый фæстæ – Уацамонгæйыл. Ахæм стыр бынат ахсы нарты царды музыкæ дæр. Батрадз æрвон куырдадзы йæхи куы сæрста, уæд Куырдалæгонæй ракуырдта фæндыр, цæмæй йыл йæхи ирхæфса. Сырдты бардуаг Æфсати нарты

Ацæйæн йæ уазæгуарзон ахасты тыххæй æнусон уадындз балæвар кодта, æрыгон Ацæмæзмæ йæ фыдæлæй куы 'рхауд, уæд ыл афтæ диссаджы хъазт кæны, æмæ æрдз æнæхъæнæй – хъæдтæ, фæзтæ, сырдтæ – сæ зымæгон фынæйæ æрыхъал вæййынц, æмæ сæ цинæн кæрон нал вæййы. Къандзы фырт Сæууай Уырызмæджы хæдзары фæндырыл хъазы йе 'рбацыды тыххæй фехъусын кæныны охыл. Фæндыры фæзынды тыххæй кадæджы Сырдон йæ бинонты сæфтыл дзуры, уыцы ифтонггарзæй цæгъдгæйæ.

Нæртонты фæлгонцтæн адæймагон миниуджытæ æмæ хуымæтæгдзинад дæттынц бирæ цардыуагон фæзилæнтæ. Нарты мæт у хæринагыл, сæ фосæн ног сæрвæттыл, аразынц нæртон ныхасæн хæдзар. Хæмыц йæ рæбыны æвæры йæхицæн дзаумайæн хъуымац. Сырдонмæ, дæхиуæттæн хист скæн, кæнæ бæсты сæфт уыдзæн, зæгъгæ, ахæм æфсæнттæй минасмæ æрбацæуынц йæ хæлæрттæ. Сатана, хъæрццыгъамæ æххуысмæ сидгæйæ, разы у йæ кæркдонæй йын хуыздæр карчы раттынил. Сосланæй, суанг Мæрдты бæстæй здæхгæйæ дæр, рох не сты хæдзары хъæугæ дзауматæ, æмæ, æлвисынæн къуыбылой уынгæйæ, хъавы Сатанайæн æй ахæссынмæ. Ацы хабæрттæй тызмæг нæртон сурæттæ фæфæлмæндæр вæййынц.

Тызмæг ахастыл ма хорзæрдæм ахады нартæн уарзон хъазæн ныхас дæр. Сырдон арæх ахынджылæг кæны иннæ хъайтартæй, у цыргъзонд, арæхсы йе знæгты кæнæ хæлæртты лæмæгъдзинадæй спайда кæнынмæ, – абоны онг дæр Ирыстоны уымæ гæсгæ цыргъзонд æмæ хъазæн ныхас уарзæг адæймаджы Сырдон рахонынц. Уæдæ иннæ нæртонтæ дæр йемæ ацы хъуыддаджы ерысы бацæуынц, Сырдонæн йæхи дæр асайынц, æдылыйы бынаты йæ авæрынц. Зæгъæм, «Нарты балц»-ы кадæджы Сырдон æнæрхъуыдыйæ сразы нартимæ дард фæндагыл ацæуынил. Ды – фистæгæй, мах – бæхтыл, мах – бæхтыл, ды – фистæгæй, зæгъгæ, уыцы «зæрдæлхæнæн» ныхасы мидисыл нæ ахъуыды кодта, æмæ йæ барæджы амонд нæ фæци.

Фæсте нæ баззайынц нарты сылгоймæгтæ дæр. Уырызмæг Акулайы рæсугъды, нарт симд кæм кафынц, уыцы хохы цъупмæ куы ссайдта, уæд уый, кафынмæ йæ чидæриддæр хуыдта, уыдонæн аккаг дзуапп раттынмæ арæхст. Уæдæ хиуылхæст Сатанайæн дæр йæ мой Уырызмæг, хæдзары дын зынаргъдæр цы у, уый райс æмæ ацу, зæгъгæ, куы загъта, уæд ын йæхи раласта, рагацау æй хорз

срасыг кæнгæйæ. Ахæм хъазæн митæ æмæ цыргъзонд ныхæстæ нарты хъайтарон эпосы уыйбæрц ис, æмæ сæхи сæрмагонд бынат ахсынц адæмты эпикон сфæлдыстады.

Фæлæ нæдæр цардыуаджы лыстæг фæзилæнтæ, нæдæр кæцыдæр хъайтарты æвæрццæг миниуджытæ æмæ хъæлдзæг хабæрттæ кайынц кадджыты иумæйаг уæлмонц уаг. Адæм сæ æрмæст ахуыдæнтæ нæ агурынц, хиирхæфсæн сын не сты. Цы кадæггæнæгæн, цы, чи йæм хъусы, уыдонæн Нарты эпос табуйаг у. Уымæ гæсгæ, «нæртон», зæгъгæ, ахæм эпитет адæмы ʻхсæн сси æппæты стырдæр æппæлæн ныхас, хъаруйы, зонды, æхсар æмæ рæдаудзинады æвдисæн.

Адæм Нарты эпосмæ тынг цымыдис кæнынц, сæ зондахасты сын уæзгæ бынат кæй ахсы, рагзаманты тæваг æм кæй ис, уымæ гæсгæ. Бирæ кадджытæй цæуы рагон царды комулæфт. Уал æнусмæ ног æмæ ног заманты æууæлтæ дæр куыд нæ райста, йæ мидис æмæ фæлгонцтæм ног хуызы цæстæнгас куыд нæ фæзынд, йæ идейон-аивадон хицæндзинæдтæ кæмдæрты бындуронæй ивд куыд не ʻрцыдысты, фæлæ дзы афтæмæй дæр бæрæг дары рагзаманты ирд фæд. Нарт куырыхон Сатанайæн куыд кад кæнынц, уæззау уавæрты йæм æххуысмæ куыд сидынц, бонзонгæ æфсины архайд куыд кæны æмæ æппæт нартыл дæр куыд ауды, уыдæттæ матриархаты æвдисæн сты. Уæдæ урсбоцъо Уырызмæг дæр у нартыл аудæг; зæронд Ацæйæн æрмæст нарт нæ, фæлæ ма уæларвон цæрджытæ дæр кад кæнынц.

Нарты эпос нæм æрхаста ивгъуыды фæлтæрты бинонты ʻхсæн ахастдзинæдты, æрвылбоны фæллойы тыххæй зонинæгтæ; æвдыст дзы цæуынц рагдин, æгъдæуттæ, æмæ йæ уымæ гæсгæ схонæн ис «аивадон археологи».

Фæлæ уæддæр хъуыддаг æрмæст рагзамантимæ бастдзинады мидæг нæй. Нарты эпос историон нæу. Йæ мидис æмæ хъайтартæ рагон кæд сты, уæддæр истори не ʻвдисынц. Нарт тох кæимæ кодтой, уыцы адæмты нæмттæ эпосы амынд не сты. Æрмæстдæр «Нарты симд», зæгъгæ, уыцы кадæджы ис агуыры кой, æмæ ма дзы ноджы æмбæлынц Терк-Турчы адæм.

Эпосы цы хабæрттæ æмæ хъайтарты æвдыстæуы, уыдон арæхдæр æрымысгæ сты. Нарт хæцынц иуцæстон уæйыгимæ, авдсæрон Хъæндзæргæсимæ, æрвон зæдтæ æмæ дауджытимæ; ацæуынц дæлдонмæ Донбеттыры паддзахадмæ, суанг Мæрдты бæстæм Барастырмæ дæр,

кæнæ уæлæрвтæм Куырдалæгонмæ æмæ Сафамæ. Нарт сæхæдæг дæр хайджын сты æнахуыр миниуджытæй. Се 'вæджиауы хъару адæмон-поэтикон гиперболæ у, фæлæ ма сæм кæлæнгæнæджы дæсныйад дæр ис: Сатана сæвзæрын кæны тыхджын митфæлдзæгъдæн («Уырызмæджы фæстаг балц»), Сырдон фесты куы сызгъæрины кæри, куы худ («Сослан Мæрдты бæсты»), куы зæронд лæг, куы зæронд ус («Сослан Бедухайы куыд ракуырдта»). Бирæ æрымысгæ хъайтартæн сæ фæзынды бындур, æнæмæнг, сси историон æрмæг, æндæр адæмты эпосты куыд у, афтæ. Зæгъæм, уырыссаг адæмон сфæлдыстады Змей Горыныч кæнæ Идолище поганое сты, адæм кæимæ тох кæнынц, уыцы знаджы иумæйаг фæлгонц. Фæлæ историон бындурыл дзурын иртасджытæм хауы. Бæлвырд историон хабæрттыл фылдæр хатт нæ фæхъуыды кæнынц нæдæр кадæггæнæг, нæдæр, чи йæм фæхъусы, уыдон. Уæдæ кадджыты æрымысгæ нывтæ уæзгæ бынат кæй ахсынц, уый дæр ууыл дзурæг нæу, æмæ адæймаджы æргом сæйрагдæр цымыдисаг фæзилæнтæ мысынмæ здæхтæуы. Кæд, нарт цы знæт кæнæ хæлар ахастимæ дунейы цæрынц, уый цыфæнды æрымысгæ у, сæхимæ та кæлæнгæнæджы арæхстдзинад ис, уæддæр нарт цавæрдæр æнахуыр гоймæгтæ нæ, фæлæ адæм сты; нарты цард, се змæлд, æнкъарæнтæ æмæ тырнæнтимæ – уый адæймаджы цард у, æрмæст æй æвдыстæуы идеалонæй, хæрзæгъдаудзинады уæлмонц пафосæй йедзагæй.

Уыцы пафосы руаджы Нарты эпос дисы 'фтауы йе 'нгомдзинадæй. Æмткæй райсгæйæ, Нарты кадджытæ сты хæрзæгъдаудзинады идейæты цæстуынгæ кодекс. Хатт, кадджытæ цыма кæрæдзийыл баст æппындæр не сты, афтæ фæзыны. Кæм аргъауы миниуджытæ райсынц («Нарты фæткъуы», «Уырызмæг æмæ Хæмыц Уæрхæджы куыд ссардтой»), кæм – хъайтарон кадæджы («Уырызмæджы фæстаг балц», «Батрадз æмæ Хъулонзачъе уæйыг»), кæм – новеллæйы («Уырызмæг Сатанайы йæ цæгатмæ куыд æрвыста», «Нарты балц», «Сырдон нарты куыд асайдта»), кæм – поэмæйы («Ацæмæз æмæ Агуындæ-рæсугъд»), арæхдæр та сæ баиу вæййы цалдæр жанры. Нарты эпосы нæй кадджытæ кæрæдзийыл бæттæг цаутæ дæр. Кадджытæ æмбырдгонд сты циклты, фæлæ иу хъайтары кадæн циклы дæр (Уырызмæджы, Сосланы, Сырдоны, Батрадзы æмæ иннæты) алы кадджыты цауты 'хсæн ницы уадиссаг мидбастдзи-

над ис. Алы кадæг дæр, цы хабæрттæ дзы æвдыстæуы, уыдонæй у хибар æмæ æххæст.

Уæдæ кæцæй сæвзæры, кадджытæ кæрæдзийыл баст кæй сты, уыцы æнкъарæн? Иуæй – хæстæгдзинады миниуджытæй (Батрадз у Хæмыцы фырт, Æхсар æмæ Æхсæртæг – Уæрхæджы фырттæ, Уырызмæг æмæ Хæмыц сты æфсымæртæ æмæ Уæрхæджы хъæбулы хъæбултæ æмæ а. д.). Иннæмæй, циклы сæйраг хъайтары сгуыхтыты тыххæй хабæртты æвдыст цæуынц æндæр нæртонтæ дæр («Уырызмæг æмæ Хæмыц Уæрхæджы куыд ссардтой», «Батрадз нарты гуыппырсарты куыд фервæзын кодта», «Фæндыр куыд фæзынди» æмæ æнд.); циклы сæйраг хъайтары архайдимæ баст ахсджиагдæр фæзилæнтыл ныхас райдайы кæнæ фæвæййы нарты ныхасы койæ. Ныхасы æрцæуы Уырызмæгмæ йæ фæстаг балцы ацæуыны хъуыды, кæстæртæн кады æмæ хъаруйы æвдисæн кæй нал у, уымæ гæсгæ. Нарты ныхасмæ æрбацæуы Сырдон йæ бинонты сæфты фæстæ æмæ уым зары, фæндырыл цæгъдгæйæ. Хатт архайд райдайы нарты цуанæй, балцæй кæнæ куывдæй. Уыдæтты руаджы кадæджы сæйраг хъайтар æвдыст æрцæуы нæртон царды гуылфæны æмæ свæййы нарты æхсæнады минæвар. Ома эпосы, хицæн хъайтартæй дарддæр, ис коллективон хъайтар – нæртонтæ иууылдæр.

Нарты кадджыты хъайтартæ балцы иунæгæй куы вæййынц, знагимæ лæгæй-лæгмæ тохы куы бацæуынц кæнæ сæхицæн цавæрдæр рæсугъды къайæн куы фæамал кæнынц, уæддæр æдзухдæр сæ хъуыдыйы ис, нæртон кæй сты, æмæ цыфæндыйæ дæр уыцы номы аккаг уæвынил архайынц. Уырызмæг фæстаг балцы æрмæст йæ базæрондимæ сæфт кад раздахынмæ нæ цæуы, фæлæ ма, æдзух чи не сгуыхы, уыдоны нарты уæлмæрды кæй нæ ныгæнынц, уымæ гæсгæ дæр.

Сырдон æнауæрдон тох кæны нартимæ, кæмæйдæрты дзы, уæлдайдæр Сослан æмæ Хæмыцæй, йе сæфт уыны, уыдон дæр – афтæ. Сырдоны кадджыты циклы уыцы ныхмæлæуды, Сырдон нартæн, уыдон та – уымæн цы фыдбылызтæ аразынц, уый тыххæй бирæ загъд ис. Фæлæ цыфæндыйæ дæр Сырдон нартæй куры, цæмæй йæ се 'хсæнæй ма атæрой («Фæндыр куыд фæзынди»), уымæн æмæ йын нæртон уæвын æгæрон ахсджиаг хъуыддаг у.

Фыццаг бакастæй хибар, хицæн мидисимæ Нарты кадджытæ

Тугъанты Махарбег. Фæндыр куыд фæзынд

хъайтарты хæстæгдзинад æмæ сæ иумæйаг архайдæй ноджы тынгдæр баст цæуынц æмбарынад «нарт»-æй. Хицæнтæй сæм куы ‘ркæсæм, уæд нартмæ ссарæн ис алыхуызон хъæндзинæдтæ, сæ бон у цавæрдæр æнаккаг митæ кæнын; нарт ицуылдæр иумæ та сты хæрзæгъдаудзинады тæккæ ирддæр æвдисæн. Эпосы хицæн сюжеттæ сæ идейæмæ гæсгæ, фыццаджыдæр, баст сты, «нарт», зæгъгæ, уыцы æмбарынады бындур – хъæбатырдзинадимæ.

Хъæбатырдзинады фыццаг ныстуан – дæ адæмы уарзын, æдзухдæр сын баххуысмæ цæттæ уæвын, хъахъхъæнын сæ. Нарты, куыд ирон кадджыты хъайтарты, адæмыхаттыл нымайæн нæй, фæлæ «æппæт нарты» сæраппонд сгуыхын сæ нырыккон хъусæг æмæ кæсæг æнкъарынц, куыд адæмыхатты кады æмæ царды сæраппонд æхсардзинады æвдисæн. Хъайтартæн сæ сæйраг нысан у «æппæт нарты» знæгтимæ тох. Зæронд Уырызмæг, йæ фæстаг балцы йæхи цардыл нæ ауæрдгæйæ, балæбурдта Сау денджызы æлдары фидармæ, цæмæй нарты знаджы йæхи ахстоны ныддæрæн кæна. Æрыгон Батрадз, нарты фысы дзугтæ хъахъхъæнгæйæ, фæуæлахиз Хъулонзачъе уæйыгыл æмæ ма Тыхы фыртыл дæр.

Уыимæ, нæлгоймæгтæ нарты фыццаджыдæр куыд хæстонтæ

хъахъхъæнынц, сылгоймæгты зондджындæр Сатана та æдзух цæттæ у рæстаг хъуыддагыл сæ бафтауынмæ. Уырызмæг, Сау денджызы æлдар æй мæсыджы куы бакодта, уæд йæ балхæныны тыххæй курдиаты æфсон ныббырстмæ сидт æрбарвыста, æмæ йæ дæлгоммæ ныхас нартæн Сатанайы руаджы раргом.

Хъæбатырдзинады дыккаг ныстуан – ахъаззаг æххуыс æфсæддон хæлæрттæ, æмбæлттæ æмæ æмхъуыдыгæнджытæн – эпосы кæрæй-кæронмæ æмбæлы. Нарты уæздæттæ Уырызмæг æмæ Хæмыцы Æфсæроны уæйыг куы æрцахста, уæд ахынджылæг сæ кæнынæн ныззарыд, дыууæ нæл хуыйæн хъæхъхъаг куыйтæй фервæзæн нал ис, зæгъгæ. Æфсæнриу Батрадз æй хохы цъуппæй айхъуыста, хъуыддаг бамбæрста, ратырныдта нартæн æххуысмæ æмæ сохъхъыр уæйыджы æд фæсдзæуинтæ амардта («Батрадз æмæ сохъхъыр уæйыг Æфсæрон»). Сослан балцы куы уыд, уæд ын иу æлдар йæ усы адавта, æмæ нарт иууылдæр се ‘мтуг бæгъатыры фарс рахæцыдысты («Батрадз Хызы фидар куыд басаста»). Уæларвон цæрджыты сæ куывды Сосланæн лæвæрттæ ракæнын куы бафæндыд, уæд сæ уый алы хорзæхтæ куры йæхицæн нæ, фæлæ æппæт нартæн дæр («Сослан дауджытæй лæвæрттæ куыд райста»).

Нарты кадджыты хъæбатырдзинады æртыккаг ныстуан – æфсæддон лæджыхъæд. Эпосы хъайтартæ сты хъаруджын, фæразон, сæ ныфс никæд сæтты, знагимæ тохы фæуæлахиз уæвынæн кæддæриддæр исты гæнæнтæ ссарынц. Сгуыхтытæм тырнгæйæ, нарт сæхи байсæрынц. Æфсæнриу Батрадз æрвон Куырдалæгонмæ йæ буар байсæрынæн бирæ фæлварæнты сæрты ахизы («Батрадз йæхи куыд байсæрын кодта»). Нарт Сосланы дæр байсæрынц, бирæгъы æхсыримæ бæлæгъы йæ нывæргæйæ («Сосланы райгуырд æмæ йæ байсæрын»). Знагыл фæуæлахиз уæвынæн буары хъару фаг куы нал вæййы, уæд нарт исты æндæр мадзал ссарынц. Зæгъæм, фидар батонын сын куынæ ‘нтыст, уæд Батрадз йæхи егъау фатыл бабæттын кодта æмæ йæм афтæмæй мидæмæ батахт («Батрадз Хызы фидар куыд басаста»).

Хъæбатырдзинады цыппæрæм ныстуан – сæр сæрмæ хæссын, дæ кад дæлæмæ ма уадзын. Ацы миниуæг уæлдай ирддæрæй разынд кадæг «Нарты сæфт»-ы, уыимæ дзы сси уацмысы сæйраг идейæ. Уымæ гæсгæ зæгъы куырыхон Уырызмæг, æнусон кад æнусон цардæй зынаргъдæр æмæ сæйрагдæр у, зæгъгæ. Йæ фæстаг балцы дæр мулчы

фæдыл нæ, фæлæ кад раздахынмæ фæцыд. Уыимæ, цы йæхæдæг, цы æппæт нарт дæр, цин кæнынц, се знаджы хъæздыгдзинæдтæ сæхи кæй баисты, ууыл, фæлæ сын сæйрагдæр уæлахиз йæхæдæг у.

Хъæбатырдзинады æппæт ацы ныстуантæ сты нарты эпосы идейон бындур. Кæрæдзийыл бæттынц, сæйрагдæр, хæсты нывтæ, фæлæ æмбæлынц æрвылбоны змæлды – цардыуагон, бинонты, цуаны æмæ иннæ сюжетты дæр. Уымæн, æмæ нарты хъæбатырдзинады ныстуантæ æрмæст тохы хи дарыны уагæвæрдтыл нæ нымадæуы; æргомæй сæ зыны хæрзæгъдаудзинады уæлмонц идейæ. Уый руаджы вæййынц кæрæдзийыл баст алыхуызон темæтæ æмæ жанртæ. Зæгъæм, сæ жанрмæ гæсгæ фыццаг бакастæй кæрæдзимæ ницы бар дарынц новеллæ «Уырызмæг Сатанайы йæ цæгатмæ куыд æрвыста» æмæ хъайтарон кадæг «Батрадз æмæ Тыхы фырт Мукара». Афтæмæй та сæ æнгом кæнынц иумæйаг идейæ, хæрзæгъдаудзинады нысантæ, удæй хъæздыг уæвыны нывтæ. Кæд æмæ Батрадз басгуыхы йе ‘хсар æмæ хинæйдзаг хæстоны курдиаты руаджы, уæд Сатана та – барон кæй у, сылгоймаджы кæлæнтæй кæй пайда кæны, уымæ гæсгæ. Ома, сгуыхт æрмæст хæстон уæлахиз нæу, фæлæ ма бинонты цард халын ма уадзын, уарзондзинады æнкъарæнтæ бæрзонд æвæрын зонын дæр.

Хæстон æмæ цардыуагон сюжетты иу идейон бындур уæлдай ирддæрæй бæрæг дары кадæг «Нарты æмбырд (кæнæ Нарт чи хуыздæрыл куыд дзырдтой)»-ы. Нарты хуыздæрыл æмзондæй банымадтой Батрадзы, уыимæ, æрмæст знæгтимæ тохы тыххæй нæ, фæлæ, куывдты фынгтыл йæхиуыл хæцын кæй зоны, сылгоймагæн барон кæй у, уымæ гæсгæ дæр.

Кадæг «Сослан Мæрдты бæсты»-йы æвдыст цæуынц хъайтарæн йе сгуыхтытæ, фæлæ дзы сæйрагдæр уæддæр у, удæгæстæн фæндаг кæдæм нæй, уыцы дуне парахатæй равдисын. Ахæм хуызы, æмæ адæймаджы царды алы фæзилæнтимæ, бинонты ахастытимæ, тæрхонимæ, хъæздыг æмæ мæгуырдзинады фæзындтимæ, бирæ æндæр фарстатимæ баст æрцæуы. Зæгъæм, сылгоймаг йæ царды рæстæг йæ моймæ нæ зылд, йæ дзаума йын-иу ставд сынчытæй куыдфæнды æмпъызтытæ акодта, æмæ ныр Мæрдты бæсты ставд теманæй æдзух æмпъузы хæхты скъуыдтæ. Афтæ иннæтæ дæр сæ тæригъæдты тыххæй æмбæлгæ æфхæрд æййафынц. Æмткæй райсгæйæ та æппæрццæг æмæ æвæрццæг фæлгонцты руаджы нывæст цæуы хæрзæгъдаудзинады идеал.

Тугъанты Махарбег. Сослан Мæрдты бæсты

Куыд сæвзæры уæдæ, цы кадджыты кой ракодтам, уыдоны алцæмæй æххæст хъайтар? Цы Уырызмæг – нарты зондамонæг, цы Батрад – æппæты тыхджындæр, æхсарджындæр æмæ уæздандæр нæртон, æххæстæй уыцы номы аккаг куынæ сты, уæд нарт æнæлаз, æппындæр фау æрхæссæн кæмæ нæй, ахæм мидисимæ æмбарынад цæмæн сси?

Бирæ кадджыты Нарты эпосы уарзондæр хъайтартæн ис сæ кады кой. Фæлæ уыцы кады кой æппæт сюжетыл стæм хатт аххæссы – арæхдæр фæхауы кадæгæн йæ сæйраг нывмæ. Сослан æцæг хъæбатыры мард акодта, йæ мæлæт у нæртон уæздандзинады стырдæр æвдисæн. Фæлæ, уыимæ, йе сæфты фæндагыл та æрлæууыд, Мæрдты бæстæй здæхгæйæ, йæ къæхты бын бызгъуыр худмæ кæй сцыбæл, уый аххосæй – худ Сырдон фестад, æмæ йæ Сослан йæ роны куы нывæрдта, уæд ын йæ бæхимæ ныхасæй базыдта, йæ мæлæт цæй мидæг ис, уый. Кадæг «Куыд фæзынди фæндыр»-ы райдайæны та Сырдон æвдыст цæуы лæмæгъ æмæ æгад хъайтарæй. Хæмыц æй тъæппытæ æмæ схуыстытæ кæны, æмæ йын уый та лæгæй-лæгмæ йын дзуапп раттыны бæсты йæ хъуг адавы. Фæлæ дзы мæнæ Хæмыц йæ маст æвирхъау хуызы систа – Сырдонæн йæ бинонты,

уый йын йæ хъуджы цы аджы сфыхта, уым ныккалдта. Дарддæр сюжет цæхгæр фæивта – юмор æмæ цардыуагон фæзилæнты бæсты уынæм стыр трагеди. Кæронбæттæны Сырдон йе 'дзард фырттыл зарæгæй йæ удæй фæсырдта хæрамдзинад æмæ æлхыскъ-мастисæнтæ; фыдбылызтæ аразыны курдиат та рахызт уæлмонц сфæлдыстадон тырнæнтæм – йæ фыртты стæгдартæ æмæ зæрдæйы тæгтæй сарæзта фæндыр æмæ йыл ацагъта сæ номарæн зарæг. Уымæй рабæрæг, Сырдоны ныфсæн басæттæн кæй нæй, йæ архайдæй та æцæг кадджын нæртоны сгуыхтдзинад равдыста. Ноджы ма йæ фæндыр нартæн балæвар кодта, æмæ йæ уыдон та се 'фсымæрыл банымадтой.

Нарты æхсар æмæ уæздандзинадæн иууыл сæйрагдæр æвдисæн сси кадæг «Нарты сæфт». Ам иу кæцыдæр хъайтар нæ, фæлæ нарт æмзондæй æвдисынц се 'нæбасæтгæ ныфс æмæ уды фидардзинад, æнусон æгад царды бæсты æнусон кад куы равзарынц, уæд. Сюжеты ис, нарты хъæбатырдзинад чи 'вдисы, æртæ ахæм сæйраг фæзилæны: сæрыстыр нарт Хуыцауæн нал кувынц, æмæ сын уый дæтты сæхицæн сæ адзал равзарыны фадат; æмзондæй равзарынц мæлæт æгад царды бæсты; бархийæ сæ цардæй ацæуынц. Ацы æртæ фæзилæны сты, алцæмæй æххæст нæртоны фæлгонц кæй сæрмæ зилы, ахæм æртæ цъуппы æнгæс. Фæлæ та сюжет æнæхъæнæй æрмæст хъайтарон нывтæй арæзт нæу. Нарт, сæ адзал æвзаргæйæ, дызæрдыг кæнынц, æмæ уый хъæбатыртыл кæм фидауы; æгады бæсты мæлæт куы равзæрстой, уæддæр ма цардмондаг сты, æмæ фервæзынæн алы æфсæнттæ агурынц.

Ис ахæм кадджытæ дæр, уæлмонц хъæбатырдзинад æмæ лыстæг цардыуагон хабæрттæ иумæ кæм не 'мбæлынц. Зæгъæм, Батрадз кадджыты арæхдæр фæзыны æрмæстдæр басгуыхыны тыххæй: нарты знаг уæйыджы амарынмæ («Батрадз æмæ Хъулонзачъе уæйыг»), нарты хистæртæ Хæмыц æмæ Уырызмæджы фервæзын кæнынмæ («Батрадз æмæ сохъхъыр уæйыг»), æлдарæй Сосланы усы байсынмæ («Батрадз Хызы фидар куыд басаста») æмæ а. д.

Кæд æмæ Батрадз æрвылбоны царды стæм хатт фæзыны, уæд Сырдон та æдзух зæххон, фидиссаг хъайтар у. Суанг ма, йæ хуыздæр миниуджытæ йын кæм æвдыстæуы, уыцы кадджытæ дæр («Нарты балц» æмæ «Фæндыр куыд фæзынди») цæхгæр хицæн кæнынц иннæ циклты фæлгонцтæй новеллæйы хуызы арæзт æмæ юморы

ахорæнтæй. Фæлæ афтæмæй дæр дыууæ фæйнæхуызон хъайтары ахъаз сты эпосы сюжеты уæлмонц æнкъарæнты фидар амадæн.

Жанртæ æмæ фыстыхъæд алыхуызон кæй сты, уымæй хицæн кадджыты æмæ æмткæй эпосы сюжетты иудзинад хæлгæ нæ, фæлæ ноджы æнгомдæр кæны. Афтæ зæгъæн ма ис, архайджытæ, уыдонæн сæ зондахасты æмæ хи дарыны æууæлтæ эпосы идейон мидисыл куыд ахадынц, уый тыххæй дæр.

Алцæмæй æххæст хъайтары фæлгонц Нарты эпосы сырæзы йæ архайджыты хуыздæр миниуджытæй. Нарты æхсардзинад æнгом баст у æрвылбоны змæлдимæ, æмæ уымæ гæсгæ амынд хъайтар дæр у психологон æгъдауæй уырнинаг нывæст. Уыцы хъайтары хъаруджын уæхсчыты фæстæйæ зыны æппæт нарты дуне йæ бирæ хъысмæттæ æмæ тырнæнтимæ, царды алыхуызон фæзилæнтимæ.

Архайджыты уырнинаг фæлгонцтæ, сюжеты фæзилæнтæ æмæ нарты хуыздæр миниуджытæ кæй баиу сты, уый руаджы кадджыты эстетикон æмæ этикон ахадындзинад фæци ноджы хъомысджындæр. Уый разæнгард кæны хъусджыты æмæ кæсджыты эпосы алцæмæй æххæст хъайтары аккаг фæдонтæ уæвынмæ.

Ирон æвзагмæ ТЪЕХТЫ Тамерланы тæлмац

ГАБОЛАТЫ Зауыр

МÆ МИДХЪÆЛÆС МÆМ СУСÆГÆЙ ФÆДЗУРЫ

* * *

Цыма уæларвæй Галдурыдон хауы…
Йæ сатæгау мын адджын у Дыгур!
Хъæбулау мæ йæ хъарм тынтæй рæвдауы
Къæрæуы сæрмæ, рухс калгæйæ, хур!

Куыртаты ком!.. Кæрдæгæй цъæх сæрвæттæ…
Сæ фенын у мæ цæстытæн æхцон!
Æрхæссынц цин æрдхæрæны бынæттæ,
Куы сулæфын сæ уæлдæфæй æнцон!

Уæддæр мæ зæрдæ ис æдзух Мызуры…
«Уæдæ-ма зæгъ, мæнæн мæ хъысмæт циу, –
Мæ мидхъæлæс мæм сусæгæй фæдзуры, –
Куы нæ зына мæ рудзынгæй Хъæриу?!»

27.08.2021 аз

КЪУЫРМА ПОЭТ

(сонет)

Фыссы, цыма бæрзонд къæдзæхтæ ‘нкъусы,
Фæкæсы йæм уæрæх дуне къуындæг.
Фæлæ æрмæст сæрзилæдджын æнусы
Лæгæн уый нæу йæ хъизæмар уынæг.

Уый рагæй дæр зæрдæйы рис нæ хъусы.
Йæ курдиат дыдзы хурау – мынæг.
Къуырма поэт æхсæвæй-бонæй кусы,
Уæддæр йæ дзырд – æдзæхх æмæ куынæг.

Бæргæ, куы ‘нкъарид адæмæн сæ зынтæ,
Сæ фарсмæ сын куы ‘рбалæууид æнгом,
Куы кæнид рог йæ зарæгæй сæ уаргъ…

Уæд фестиккой налхъуыт-налмас йæ бынтæ!
Цъæх арвы онг ыстæхид уæд йæ ном,
Мыггагмæ йын кæниккой дзыллæ аргъ!

25.08.2021 аз

* * *

Зын хатæн – мæ ныхас.
Йæ апп ын фæиртас
Æмæ-иу мæ ма рахон, ма, ды æдылы…
Кæд дуне мæ алварс
Нæ зыны æнæ тас,
Уæддæр æз нæ тæрсын сæрсæфæны былæй –
Кæдмæ уон сæрæгас,
Мæ фыды цæстæнгас
Уæдмæты уыдзæни мæ царды хъыбыллæ!

20.08.2021 аз

* * *

Бонтæ ивынц. Иуы фæстæ – радон.
Дзаджджын – ивгъуыд æмæ фидæн.
Се ‘хсæн та – уысмон æхсидæн –
Цард цæрынмæ сфæлдыст АБОН.

26.10.2021 аз

САБЫР ÆХСÆВ

Тар арвыл стъалыты ‘рттивгæ рæгъау
Хизы æнæхуысгæ мæй…
Ахæм æхсæв у фæуынæн æвгъау!
Н’ агуры зæрдæ фынæй…

Сабыр… Ыссардта мæ тыхст уд æнцой –
Стыр Хуыцау хъусы мæ куывд.
Рухс боны сагъæстæн нал ис сæ кой,
Рохуаты – царды фæлывд.

Тавы мæ талынджы хурау мæйрухс,
Диссагдæр уымæй цы ис?!
Рудзынджы авгыл æндзæвы мæ рус…
Нæй мын йæ тавсæй æфсис.

Ахаста базыртыл сабырад мæн
Адæмы дзолгъойæ дард.
Райхъуысти риуæй æнахуыр фæлмæн
Цардхæссæг уадындзы зард!

Зонын, æрцæудзæнис райсомы рад –
Æрдзы ‘гъдау баивæн нæй.
О, фæлæ диссаджы ‘хсæвæн йæ ад
Мемæ хæсдзынæн фæрнæй!

28.10 – 30.10.2021 аз

КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
филологон наукæты кандидат

КОНТЕКСТОН ПУНКТУАЦИ КУЫД АИВАДОН МАДЗАЛ

Фысгæ ныхасы зонадон æмæ официалон-хъуыддагон хуызты текстты пунктуаци схонæн ис формалон, хрестоматион – уый хынцы, сæйрагдæр, хицæн хъуыдыйады синтаксисон сконд. Аивадон тексты æрхæцæн нысæнттæ та æрмæст хицæн хъуыдыйæдты арæзт не 'вдисынц, фæлæ ма æххæст кæнынц æндæр ахсджиаг хæстæ дæр: уый арæх баст вæййы уацмысы идейæимæ, йæ стилистикæимæ, текст цас æнкъарæнджын у, уыимæ, стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, авторы идиостилы миниуджытимæ. Афтæмæй, аивадон тексты æрхæцæн нысæнттæ æвæргæйæ, æргом здахын хъæуы контекстмæ. Æнæ уымæй пунктуаци нæ сæххæст кæндзæн йæ хæс, нæ равдисдзæн тексты иумæйаг хъуыды, йæ стилистикæ, йæ интонаци æ.æнд. Зæгъæм, контекстæй иппæрдæй хъуыдыйады *Фæкæстытæ йæм кодта лæмбынæг, стæй йæ тохвæллад, æрхуым фыды йæ фарстытæй къуымы бакодта (Хъазиты М.)* къæдзыгæй хицæн кæнын нæ хъæуы дзырдтæ *тохвæллад* æмæ *æрхуым,* уымæн æмæ сын, пунктуацион æгъдæуттæм гæсгæ, æмхуызон уæнгтæ схонæн нæй: «Бæрæггæнæнтæ æмхуызон вæййынц, уыцы иу номдаримæ баст куы вæййынц æмæ йын йæ уыцы иу миниуæг (хуыз, ас, хъæд æ. а. д.) куы фæбæрæг кæнынц, уæд» (Ирон æвзаджы орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæуттæ).

Æцæг, дзырдтæ *тохвæллад* æмæ *æрхуым* номдар *фыд*-æн бæрæг кæнынц йæ алыхуызон миниуджытæ: *тохвæллад* кæддæриддæр *æрхуым* нæ вæййы (уый, æвæццæгæн, баст у, тохы чи фæуæлахиз ис, уыимæ), *æрхуым* та, куыд миниуæг, æнæмæнг *тохвæллад* хæстонимæ баст нæу. Уæдæ ацы хъуыдыйады *тохвæллад* æмæ *æрхуым* алыхуызон бæрæггæнæнтæ сты? Мæнæ куыд æмбарын кæнынц алыхуызон бæрæггæнты мидис пунктуацийы æгъдæуттæ: «Бæрæггæнæнтæ æмхуызон нæ вæййынц æмæ къæдзыгæй хицæнгонд нæ фæцæуынц, раззаг бæрæггæнæн номдары хицæнæй нæ, фæлæ йемæ баст фæстаг бæрæггæнæнимæ иумæ куы фæбæрæг

кæны, уæд». Фæлæ хъуыдыйады *Фæкæстытæ йæм кодта лæмбынæг, стæй йæ тохвæллад, æрхуым фыды йæ фарстытæй къуымы бакодта* дыууæ бæрæггæнæны, алыхуызон ныхасы хæйттæй загъд (миногми – *тохвæллад*, миногон – *æрхуым*) объектæн йæ хицæн миниуджытæ æвдисæг, уæддæр хицæн кæнын хъæуы къæдзыгæй. Се ‘хсæн æрхæцæн нысан сæвæрын домынц хъуыдыйадæн йæ мидис æмæ йæ интонаци: дзургæйæ (кæсгæйæ) ацы дзырдты ‘хсæн паузæ раст æвæры мидисон акценттæ, уымæ гæсгæ ацы пунктуаци авторон, ома факультативон, схонæн нæй.

Кæд пунктуацион æгъдæуттæ хицæн хъуыдыйады арæзт хынцынц, уæд аивадон контекст та домы, йæ мидис æмæ йын йæ интонаци бæлвырдæй чи æвдиса, ахæм æрхæцæн нысæнттæ – контекстæй аразгæ, контекстимæ баст пунктуаци. Уый æххуыс у авторы хъуыды равдисынæн, баст у, сæйрагдæр, текстæн йæ грамматикæимæ нæ, фæлæ йæ лексикæимæ – текст аив, фæлгонцджын æмæ æнкъарæнджын цы мадзæлттæ кæнынц, уыдонимæ. Нæ дæнцæг цы уацмысæй ист у (Хъазиты Мелитоны новеллæ «Тæскъ»), уымæн йæ сюжеты бындуры ис алайнæгты рагон æгъдау: стæры цæуын йæ бон кæмæн нал уыд, уыцы зæронд хæстон-иу йæхицæн хуыздæрæн равзæрста мæлæт æмæ-иу йæхи къæдзæхæй аппарын кодта. Уацмысы бæрзонд экспресси, тыхджын æнкъарæнтæ аразæг æрмæг сты фæлгонцджын абарстытæ, эпитеттæ, æндæр аивгæнæн мадзæлттæ. Ахæм контексты алы бæрæггæнæнæн дæр уæлдай уæз ис, æмæ йæм цæмæй чиныгкæсæг уæлдай æргом аздаха, авторы хъуыдытæ æмæ йæм æнкъарæнтæ бахъарой, уый тыххæй дзырд хъæуы æрхæцæн нысæнттæй фæбæрæг кæнын. Зæгъæм, нæ дæнцæджы бæрæггæнты ‘хсæн къæдзыг куынæ уа, уæд хъуыдыйадæн дзæвгар лæмæгъдæр кæны йæ экспресси, кæрæдзийæ адард вæййынц авторы фæнд æмæ чиныгкæсæджы æнкъарæн: *Фæкæстытæ йæм кодта лæмбынæг, стæй йæ тохвæллад æрхуым фыды йæ фарстытæй къуымы бакодта.*

Уæдæ нæ дæнцæджы пунктуаци æрмæст контекстæй аразгæ у, æви бæрæггæнæнты æхсæн къæдзыг домынц формалон-грамматикон æмæ семантикон аспекттæ дæр? Иу ныхасæй, цавæр бæрæггæнæнтæ нымад сты хъуыдыйады æмхуызон уæнгтыл ирон æвзагзонынады? Пунктуацийы æгъдæуттæй уæлдай, ирон

грамматикæтæ амонынц æмхуызондзинады иу нæ, фæлæ цалдæр миниуæджы.

Арф æмæ алывæрсыгдæрæй æркаст ацы фарстмæ Багаты Никъала. Ахуыргонды авторитетон хъуыдымæ гæсгæ, æмхуызон вæййынц, предметы хицæн миниуджытæ чи æвдисы, ахæм бæрæггæнæнтæ дæр: «В этом случае контекст дает возможность для сближения выражаемых им признаков: общим признаком может служить отдаленное общее понятие, сходство производимого перечисленными признаками впечатления, внешний вид, общая положительная или отрицательная оценка и т.д.» (Багаев Н.К. Современный осетинский язык. Ч.2), стæй постпозитивон бæрæггæнæнтæ дæр.

Зæгъæм, алывæрсыгæй бæрæг кæнынц предметы миниуджытæ, фæлæ æнæдызæрдыгæй æмхуызон уæнгтæ сты бæрæггæнæнтæ хъуыдыйады *Æви уый дæр тагъд сæркъулæй **æгуыдзæг, цæнкуыл, æгад зæрæдтимæ** баддзæнис кæстæрты цур æмæ йыл сылгоймæгтæ дæр худæгæй хæсдзысты сæхи? (Хъазиты М.) Æгуыдзæг, цæнкуыл, æгад* амонынц бæрæггæнинаг дзырд *зæрæдтæ*-йы хицæн миниуджытæм, фæлæ ацы контексты æххæстдæр кæнынц кæрæдзи нысаниуджытæ: *цæнкуыл* зæрæдтæ тохы нæ фæмард сты, фæлæ *æгуыдзæгæй* цæрынц, æмæ уый тыххæй æрхаудысты *æгады* бынатмæ.

Бæрæггæнæнтæ контекстон æмхуызон вæййынц ахæм уавæрты.

1. Йæ мидис æбæлвырд, иумæйаг кæмæн у, уыцы бæрæггæнæн æндæр, йæ фæстæ лæууæг дзырд куы бæлвырддæр кæна, уæд. Ахæм уавæры дыууæ бæрæггæнæнæн вæййы уыцы иу нысаниуæг, æрмæст фыццаджы – иумæйагæй æвдыст, дыккаджы та – бæлвырддæрæй. Зæгъæм, хъуыдыйады *Мидæгæй, хуылфы йын **æндæр, бынбауинаг** маст æгъатырæй æууилы сау калмау йæ зæрдæ (Хъазиты М.)* дзырд *бынбауинаг* бæлвырд кæны бæрæггæнæн *æндæр*-ы нысаниуæг, ома уыцы иу нысаниуæг ис дзырдбæстытæн *æндæр маст* и *бынбауинаг маст* .

2. Æмхуызон уæнгтыл нымайын хъæуы, сæ нысаниуджытæ бæлвырд контексты синонимикон кæмæн сты, ахæм бæрæггæнæнтæ. ***Хæстон, знæт** бæхы къæхты бын уæддæр исты кодтаид (Хъазиты М.).* Бæрæггæнæнтæ *хæстон* æмæ *знæт* синонимтæ сты æрмæст

бæлвырд контексты, уымæн æмæ хæстон бæх алкæд знæт нæ вæййы, знæт та æрмæст хæстон бæх нæу. Фæлæ ацы контексты дзырдтæ синонимтæ кæй систы, уый фæрцы тыхджындæр кæны тексты экспресси, чиныгкæсæгмæ сæвзæры хъæугæ ахаст, автор цы нывтæ æвдисы, уыдонмæ.

3. Арæх æмхуызон вæййынц аивадон бæрæггæнæнтæ, ахæсгæ нысаниуæджы кæмæй спайда кæнынц, уыдон: *Кæд ныл æрæвæрдзысты сæ* ***хъуынджын, зырзыргæнаг*** *арм? (Хъазиты М.).* Уацмысы автор ***хъуынджын, зырзыргæнаг*** *арм* хоны гуырдзиаг националистты агрессийы фæстиуæг.

4. Контекстуалон æмхуызон уæнгтыл нымайгæ сты æмбарынгæнæг бæрæггæнæнтæ, дыккаг дзырд фыццаджы нысаниуæг куы фембарын кæны, уæд. Ахæм бæрæггæнæнтæ синонимтæ не сты, уыцы иу нысаниуæг сын нæй, фæлæ дыккаг дзырд фыццагæн раргом кæны йæ нысаниуæджы кæцыдæр аспект. *Афтæ сæ фæнды,* ***горæтаг, уæздан, æнæфыдæбон, сыгъдæг*** *цард дæр сын куы уаид, æмæ бæрæгбонæй, къаты бонæй сойбырынкъæй дæр куы цæуиккой (Хъазиты М.).* Бæрæггæнæнтæ *уæздан, æнæфыдæбон, сыгъдæг* æмбарын кæнынц, дзырд *горæтаг* ацы контексты цы нысан кæны, уый; *горæтаг*-ы фæстæ сæвæрæн ис бæттæг *ома*. Формалон æгъдауæй ацы хъуыдыйады къæдзыгтæ æнæмæнг нæ хъæуынц, фæлæ æнæ уыдонæй хъуыдыйады мидис аивы: *Афтæ сæ фæнды,* ***горæтаг уæздан æнæфыдæбон сыгъдæг*** *цард дæр сын куы уаид, æмæ бæрæгбонæй, къаты бонæй сойбырынкъæй дæр куы цæуиккой* (ома интеллигентон уæздан æнæфыдæбон сыгъдæг цард æрмæст *горæтаг* нæ вæййы, æмæ ацы дзырдыл логикон цавд нал хауы).

5. Бæрæггæнты æмхуызондзинад (æмæ сæ пунктуацион арæзт) баст у дзырдты рæнхъæвæрдимæ дæр. Зæгъæм, нейтралон рæнхъæвæрды миниуæгæвдисæг миногонтæй загъд цалдæр бæрæггæнæнæй бæрæггæнинаг дзырдæн йæ хæд размæ æвæрд вæййы, æнæивгæ, æдзухон миниуæг цы дзырд æвдисы, уый. Бæрæггæнæнтæ миниуæгæвдисæг æмæ ахастæвдисæг миногонтæй загъд куы уой, уæд та бæрæггæнинаг дзырдмæ хæстæгдæр фæлæууы ахастæвдисæг миногонæй загъд бæрæггæнæн. Æмхуызон уæнгты рæнхъы миногмийæ загъд бæрæггæнæны разæй æвæрд вæй-

йы бæрæгггæнæн-миногон. Равгон рæнхъæвæрд хæлд куы æрцæуы, уæд аивы хъуыдыйады интонаци æмæ пунктуаци дæр, æмæ бæрæгггæнæнтæ свæййынц уæнгтæ: *Згъæлдысты йын, зæхх хъæццулау чи ‘мбæрзта, бæлæсты уыцы* ***бур, хус*** *сыфтæртæм (Хъазиты М.).* Абарæм хъуыдыйады дзырдты равгон рæнхъæвæрд: *Згъæлдысты йын, зæхх хъæццулау чи ‘мбæрзта, бæлæсты уыцы* ***хус бур*** *сыфтæртæм. Цы ацараза, уый нал зоны йæ* ***тыхст, рæсугъд*** *уд* (равгон рæнхъæвæрд: *Цы ацараза, уый нал зоны йæ* ***рæсугъд тыхст*** *уд.*

Иу ныхасæй, контекстон пунктуаци текст æрмæст раст дих кæныны мадзал нæу, фæлæ йын ис бирæ ахсджиагдæр хæс – авторы хъуыды раргом кæнын, чиныгкæсæгмæ йæ æххæстдæрæй, аивдæрæй фæхæццæ кæнын.

ЗÆЛ, ИРОН НЫХАС, НÆ ЗÆРДÆТЫ!

Литературон журнал «Мах дуг» ирон адæмы удварны хæзнатæ парахат кæнынæн æдзух мыхуыр кæны хуыздæр авторты уацмыстæ. Æнус чысыл хъуаг «цæры» ныридæгæн журнал, æмæ уыцы рæстæгмæ йæ авторты систы, зæгъæн ис, нæ литературæйы классиктæ иууылдæр. Уымæ гæсгæ æрцыд цымыдисаг «фæлварæны» рæстæг – редакцийы коллектив сфæнд кодта, уыцы æрмæг журналыл æнувыд адæм куыд хорз зонынц, уый сбæрæг кæнын, æмæ расидт дунеон æркаст-конкурс «Базыртæ». Уыимæ, спайда кодта нырыккон бастдзинады фæрæзтæй – алкæй бон дæр уыд зæрдывæрдæй йæ мадæлон æвзагыл æмдзæвгæ бакæсын, йæхи телефонмæ сисгæйæ æмæ уыцы «æвдисæн» журналы социалон хызæгтæм æрбарвитгæйæ.

Ацы хъæппæрисæй «махдугонтæ» тырныдтой адæмыл «базыртæ басадзынмæ», фæлæ уæддæр, 80 архайæджы бæрц æрбамбырд уыдзæн, уый æнхъæл нæ уыдысты. Мадæлон æвзагыл æнувыд кæй сты, уый равдыстой 15-аздзыд скъоладзауæй суанг 89-аздзыд сылгоймаджы онг, уыимæ, куыд Ирыстоны, афтæ Мæскуыйы, Бетъырбухы, египетаг Каиры цæрджытæ дæр!

«Æрмæджытæ иууылдæр мыхуыр сты, социалон хызæгты журналæн цы фæзуæттæ ис, уыдоны. Фæндыдис нæ, цæмæй уæхæдæг дæр уат æвдисæн архайджыты арæхстдзинадæн æмæ ма къамисы уæнгты бæстон куыстæн дæр. Уæлахиздзаутæ та хъуамæ уыдаиккой 20 – æрыгæтты æмæ хистæрты къордты дæр фæйнæ дæс архайæджы. Фæлæ, зæрдæскъæфт нæ чи фæкодта, ахæм æрмæджытæ уыйбæрц уыдысты, æмæ къамисы уæнгтæн сæ куыст æнцон нæ разынд! Афтæмæй номхыгъдмæ бахастам ноджы фылдæр архайджыты», – уæлахиздзауты кадджын уавæрты хорзæхджын кæныны изæры загъта журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæ. Уæлахиздзаутæн æмæ йæ разамындæй кусæг коллективæн раарфæ кодтой РЦИ-Аланийы Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæрдар Фидараты Юри, республикæйы Парламенты депутат, журналы редакцион советы уæнг Уататы Зелим, газет «Северная Осетия»-йы сæйраг редактор Битарты Маринæ, газет «Рæстдзинад»-ы сæйраг редактор Хозиты Барис, журналы поэзийы хайады редактор Касаты Батрадз, Хуссар Ирыстоны Цхинвалы 9-æм

скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Æлборты Оксанæ æмæ изæры иннæ архайджытæ.

Æрыгæтты къорды хуыздæр архайджытæ систы, дипломтæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæ райстой: Дзиуаты Агуындæ (Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы 9-æм къласы ахуыргæнинаг. Бакаст Калоты Хазбийы прозæйæ фыст æмдзæвгæ «Хорзæй баззай, Ир!»), Битарты Дианæ (Джызæлы 2-æм скъолайы 9-æм къласы ахуыргæнинаг. Бакаст Нигеры æмдзæвгæ «О, æгас нæм цæуай, Май!»), Гикайты Зæлинæ (Æрыдоны 2-æм скъолайы 8-æм къласы ахуыргæнинаг. Бакаст Беты Фатимæйы æмдзæвгæ «Ирон дзырд»), Боциты Миланæ (Алагиры 5-æм скъолайы ахуыргæнинаг. Бакаст Хостыхъоты Зинæйы æмдзæвгæ «Мад»), Тататы Маленæ (Дзæуджыхъæуы Мамсыраты Хаджумары номыл 42-æм скъолайы 11-æм къласы ахуыргæнинаг. Бакаст Барахъты Гинойы æмдзæвгæ «Къостайы номмæ»), Челæхсаты Альберт (Дзæуджыхъæуы 46-æм скъолайы 9-æм къласы ахуыргæнинаг. Бакаст Пушкины æмдзæвгæ «Лæууы фæрныг исдуг мæ зæрдыл» («Я помню чудное мгновенье» Хъодзаты Æхсары тæлмацæй).

Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы 9-æм къласы ахуыргæнинæгтæ Самирæ Хакимова, Абойты Батрадз, Хъыргъаты Дзабо æмæ Хъыргъаты Дауыт-Сослан хорзæхджынгонд æрцыдысты Хетæгкаты Къостайы басня «Хъазтæ»-мæ гæсгæ инсценировкæйы тыххæй.

Иннæ архайджытæ уыдысты Ирыстоны Хуссары минæвæрттæ: Гæбæраты Хох (Цхинвалы 9-æм скъолайы ахуыргæнинаг. Бакаст Галуанты Людмилæйы æмдзæвгæ «Реквием»), Гæбæраты Владислав (Цхинвалы 9-æм скъолайы 8-æм къласы ахуыргæнинаг. Бакаст Беты Фатимæйы æмдзæвгæ «Æхсæртæгты, Æхсарты дуг куы фæуа»), Джиоты Миланæ (Хетæгкаты Къостайы хъæуы астæуккаг скъолайы 11-æм къласы ахуыргæнинаг. Бакаст Плиты Грисы æмдзæвгæ «Мад» æмæ Галуанты Людмилæйы æмдзæвгæ «Ирон æвзаг»), Уалыты Аслан (Дменисы хъæуы астæуккаг скъолайы 9-æм къласы ахуыргæнинаг. Бакаст Икъаты Владимиры æмдзæвгæ «Зынгхуыст салдаты монолог»).

Сывæллæтты æнтысты уæзгæ бавæрæн ис сæ ахуыргæнджытæн, æмæ уыдон дæр систы арфæйы æмæ хорзæхты аккаг. Бæлвырдæй ныхас цæуы Гæджиты Лянæ, Æлбегаты Ларисæ, Сланты Луизæ, Хъайттаты Ларисæ, Хъæцмæзты Мæдинæ, Хъыргъаты Анжелæ, Æлборты Оксанæ, Плиты Зæирæ æмæ Джимиты Анжелæйыл.

Ирон мыггæгтæ нæ хæсгæйæ, ирон æвзагыл æнувыд кæй сты, йæ бахъахъхъæнынмæ сæхи æвæрæн кæй хæссынц, уый тыххæй сæрмагонд дипломтæй хорзæхджынгонд æрцыдысты Полинæ Щекина (Алагиры 3-æм скъолайы 9-æм къласы ахуыргæнинаг. Бакаст Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Æнæ хай») æмæ Давид Мунтян (Сечеры астæуккаг скъолайы ахуыргæнинаг. Бакаст Хидирты Ехъяйы æмдзæвгæ «Не 'взаг»). Сæ ахуыргæнджытæ сты Кучиты Маринæ æмæ Дреты Тамарæ.

Хистæр кары архайджытæй иууыл арæхстджындæр систы Уримæгты Людмилæ («Иры Стыр Ныхас»-ы мадæлон æвзаг бахъахъæныны æмæ ахуырады фарстаты комитеты уæнг. Бакаст Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæ «Къостайы хæдзар»), Мысыкаты Аслæнбег (райгуырд Ольгинскæйы, цæры æмæ кусы Мæскуыйы, у сывæллæтты дохтыр. Бакаст Касаты Батрадзы æмдзæвгæ «Цы зæгъдзысты адæм?»), Дзестелты Заремæ (Беслæны 1-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг. Бакаст Галуанты Людмилæйы æмдзæвгæ «Мæ Иримæ – мæ цард»), Хетæгкаты Бэллæ (Къостайыхъæуы астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг. Бакаст Галуанты Людмилæйы æмдзæвгæ. «Цыкурайы фæрдгуытæ»), Дзæрæхохты Ритæ (Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг. Бакаст Чеджемты Æхсары æмдзæвгæ «Ирон дзырд»).

Ноджы ма – Кучиты Фатимæ (Фарныхъæуы рæвдауæндоны хъомылгæнæг. Бакаст Плиты Грисы æмдзæвгæ «Æртхутæгдон»), Саулохты Ланæ (Национ телеуынынад «Осетия-Ирыстон»-ы амонæг. Бакаст Колыты Виталийы æмдзæвгæ «Мæ Дигорæ»), Пагæты Людмилæ (Алагиры Пагæты Хъазыбеджы номыл Сабиты сфæлдыстадон центры уæлæмхасæн ахуырады педагог. Бакаст Дыгъуызты Тенгизы æмдзæвгæ «Ды бацардтæ æгасæй дæр мæ зæрды» æмæ Шекспиры сонеттæ), Гæздæнты Дзерассæ (Каиры театралон студийы актеры дæсныйады ахуыргæнæг. Бакаст Касаты Батрадзы æмдзæвгæ «Изæйæн-иу зæгъ»), Пелиты Сабинæ (Фæсивæды хъуыддæгты фæдыл агентады пресс-службæйы кусæг. Бакаст Хæмыцаты Албеджы æмдзæвгæ «Цард куы хъæлдзæг, куы æрхуым…») æмæ Дзгойты Зæлинæ (Алагиры 10-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг. Бакаст Шекспиры сонет Дзасохты Музаферы тæлмацæй).

Сæрмагонд дипломтæ æмæ лævæрттæ райстой Плиты-Икъаты Зоя (89-аздзыд, райгуырд Садоны, цæры Беслæны. Бакаст Плиты Грисы

æмдзæвгæтæ «Авд цухъхъайы», «Рæсугъд испайнагæн йæ цæрæн…», Джыккайты Шамилы æмдзæвгæтæ «Барастырмæ балцы цæуын», «Тæхуды») æмæ Борыхъуаты-Лианты Дгорхан (88-аздзыд, райгуырд Зилгæйы, цæры Дзæуджыхъæуы. Бакаст Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Æфсати»).

Номхыгъдæй бæрæг у, мадæлон æвзагыл æмдзæвгæтæ кæсын чи уарзы, уыдон хорз кæй зонынц куыд ирон æмæ дунеон литературæты классикты, афтæ нæ нырыккон фысджыты сфæлдыстад дæр.

«Æхсызгон куыд нæ уыд уæлахиздзауты арæхстдзинадмæ ноджы ма иу хатт байхъусын нæ литературон-музыкалон изæры. Зæрдæ йемыдзаг бацис æнкъарæнтæй! Ноджы ма æрбахуыдтам, кæй уацмыстæ кастысты, уыдонæй бирæты, æмæ уымæй фæлтæрты бастдзинад ноджы фæфидардæр.

Хуссар Ирыстонæй цы делегаци æрцыд, уый у сæрмагонд ныхасы аккаг. Бузныг уын уæ зæрдæйы хъарм ахаст æмæ уды рухсы тыххæй! Уæ фарнæй бæрæгбон уыд нывыл! Сæрмагондæй арфæ кæнын Хуссар Ирыстоны ахуырады министр Лолаты Асланæн, Цхинвалы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы разамындæн, уыцы горæты 9-æм скъолайы директор Зассеты Зарæйæн, Къостайыхъæуы скъолайы директор, ирон æвзаджы ахуыргæнæг Плиты Зæирæйæн, Дменисы скъолайы директор Дудайты Земæйæн, ахуыргæнджытæн æмæ ныййарджытæн», – йæ ныхас баххæст кодта сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæ. Конкурс та суыдзæн æрвылазон, æмæ нырма йæ алыварс бирæ адæмы кæй æрбамбырд кæндзæн, ууыл нæ зæрдæ дарæм!

ТЪЕХТЫ Тамерлан

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

ДУНЕОН ЛИТЕРАТУРОН КОНКУРС-ÆРКАСТ

БАЗЫРÆ

МАХ ДУГ
ДИПЛОМ

МАХ ДУГ
ДИПЛОМ

МАХ ДУГ
МАХ ДУГ

МАХ ДУГ

МАХ ДУГ

О,пожелтевшие
листы
В стенах вечерних

ВХОД
ХУДОЖЕСТВЕННАЯ
ТИИ

АНДИАТЫ Барис,
АНДИАТЫ Регинæ

ИРОН АДÆМОН ОРНАМЕНТ

Уац

Ирон адæмон орнамент у адæмон аивады рагондæр æмæ хъæздыгдæр æвæрæнтæй иу.

Дзыллæйы ‘хсæн бирæвæрсыг æмæ рæсугъд ахорæнтæй нывæст орнамент парахат кодта мингай азты дæргъы, æмæ йæ фенæн уыд хæдзары дзаумæттыл, хæцæнгæрзтыл, уæлæдарæсыл, архитектурон арæзтады, цыртытыл.

Мах нæ размæ сæвæрдтам, разгамантæй абоны онг чи ‘рхæццæ, æлыгæй мигæнæнтыл, æрмгуысты къабазы, æфсæйнагыл, бæласыл, дурыл, уыцы ирон адæмон орнаменты хуызтæ æрæмбырд, бабæстон кæныны æмæ сæ бæлвырд фæткмæ гæсгæ равæрыны хæс.



Цæгат Ирыстоны материалон культурæйæ цы цыртдзæвæнтæ ссардæуыд, уыдоны тæккæ ахсджиагдæртæ хауынц, зындгонд советон археолог Евгений Крупнов ног æнусы размæйы II миназоны кæрон – I миназоны райдайæнмæ кæй хæссы, уыцы хъобайнаг культурæмæ. Уæды дугæн æвдисæндартæ 1869 азы Хъобаны хъæуы æппæты фыццаг ссардта бынæттон цæрæг Хъаныхъуаты Хабос. Аластой сæ Калачы (Тифлис)

музеймæ. Бирæ экспонаттæ бахауд фæсарæйнаг паддзахæдты музейтæм дæр.

Ахæм хæзнатæ ма разынди Дзæуджыхъæуы, Чмийы, Бæлтайы, Къæмынты æмæ æндæр рæтты. Æмбæлынц ма Гуырдзыйы, Абхазы, Кæсæджы, иннæ республикæты æмæ облæстты.

Хъобайнаг культурæ иртасыны хъуыддаджы ахъаззаг бынат ис сæхи хъæппæрисæй архайæг археологтæ Уваровтæн. Уыдон æрæмбырд кодтой Ирыстоны зæххыл материалон культурæйы тæккæ цымыдисагдæр цыртдзæвæнтæ æмæ сæ мыхуыры рауагътой. Уыцы цыртдзæвæнтæм гæсгæ нæ бон у орнаменталон аивады рæзтыл дзурын – уæды заман ма уæрæх парахатгонд уыд.

Уыцы алывæрсыг æмæ хъæздыг културæ парахатгæнджытæм фыссынад нæ уыд, æмæ сæ хъуыдытæ, бæллицтæ, тырнæнтæ, сæ уарзондзинад, хæлар ахаст æмæ фыдæх æвдыстой сæ нывты. Уыцы нывты-иу бавæрдтой сæ фæлтæрддзинад, сæ зондахаст. Зæгъæм, хæстон фæрæты цæфы тыхыл бафтауынæн æрмдæсны фæрæты фарсыл ныв кодта цыргъагмæ арæзт фаттæ; иннæ фæрæтыл та ис бирæгъы дæндæгты ныв. Ома орнамент æрмæст аивгæнæн фæрæз нæ уыд, фæлæ ма цавæрдæр бæлвырд хъуыдытæ дæр æвдыста. Арæх ын уыд кæлæнтæ ‘фтауæн кæнæ табуйаг мидис. Зæгъæм, бронзæ æргъæвæгыл уынæм табуйаг нысаниуæгимæ æртæ фысы сæры.

Нывæн йæ хъæд æмæ йæ аивадон æууæлтæм гæсгæ æнцон раиртасæн вæййы, дзаума кæнæ ифтонггарз кæд снывæстæуыд, уый.

Æлыгæй мигæнæнтæ Ирыстоны зæххыл фæзындысты нæ æнусы размæйы IV–III миназонты. Арæзтой сæ тынг хуымæтæг хуызы, фæлæ лыстæг змис кæнæ чъырæмхæццæ урс æлыгæй. Арты сæ басудзыны фæстæ-иу æрттиваг сау хуыз райстой.

Саив сæ-иу кодтой здыхтытæ нывæфтыдтæй, æртæ- æмæ цыппаркъуымонтæй, зылын æмæ раст хæххытæй, дзуарæвæрдтытæй. Иуæйиу мигæнæнтыл ныв кодтой лыстæг хæххыты руаджы «æмбæхст» хур, алыхуызон цæрæгойтæ, кæсæгтæ. Зæгъæм, кружкæйы хæцæны фæтæндæр хайыл нывгонд уыд, се ‘хсæн къуызыртæ тыппыргæндтæ кæмæн уыд, ахæм æртæ тымбылæджы геометрион хæххытæй конд.

Иннæ нарæгхъуыр кружкæ нывæфтыд хæцæнимæ аивгонд у хæххытæй арæзт æртæ-цыппаркъуымонтæ, ромбтæ æмæ зулаив хæххытæй. Æддæрдæм тастбыл кружкæ аивгонд у геометрион

хæххытæй конд орнаментæй: йæ хæцæныл ис кружкæйы былтæм бырæг цæрæгойы ныв.

Раздæр алы хæдзары дæр уыд къæрта-ахсæндон. Цыхт ахсынмæ-иу хъæды лыггагæй сарæзтой, йæ фæйнæ кæрæтты хуынчъытæ кæмæн уыд, ахæм мигæнæн. Хуынчъытæ ма уыд йе ‘мбæрзæны дæр. Уыцы хуынчъыты-иу абастой синаг, уымæй дæр афтæ, цæмæй æмбæрзæ-ныл уа æрмæстдæр схæцæн, сисæн нæ, фæлæ. Уыцы синагæй ма уыд мигæнæн царыл кæнæ къулыл сауындзæн. Ахæм цыхтахсæн ис Уваровайы хъобайнаг коллекцийы дæр – у æлыгæй конд, хæххытæ æмæ нывгуыртæ орнаментæй фæлыст. Æппæт уыдæттæ æвдисæн сты, уыцы рæстæг дурынгæнæн куыстад уæрæх кæй райрæзт, хорз æм кæй арæхстысты, уымæн.

Орнамент æмбæлы хъобайнаг культурæйы бронзæ ифтонггæрзтыл дæр. Фæрæттыл, фатты бырынчъытыл, бæх ифтындзæн æмæ æндæр дзауматыл фæлындæнтæ (фæрдгуытæ, хъусцæджытæ, цонгдарæнтæ, æргъæвæгтæ, сæ уæлæмхасæн ауындзæнтæ æмæ а.д.) бæрæг дарынц сæ аив æмæ хъæздыг нывæфтыдтæй. Уыимæ, фыццаг фæлварæнтæ тынг хуымæтæг сты. Уынæм æрмæст ставд æмæ нарæг хæххытæ, тæппытæ, тымбылæгтæ. Куыдфæстæмæ орнамент фæвазыгджындæр. Нарæг хæххытæй конд нывæфтыд у алывæрсыг, техникон æгъдауæй æнæлаз, фидауцджын. Уым кæрæдзиимæ хорз фидауынц хæххытæ, дзуарæвæрдтытæ, зылын-мылын æртæкъуымонтæ æмæ æндæр нывгуыртæ, бирæгъы дæндæгтæ, дыууæ бырынкъимæ фаттæ æмæ а.д. Ахæм орнаменттæ арæхдæр кодтой фæрæттыл, роны æргъæвджытыл, сæрдзæвæнтыл æмæ мигæнæнтыл.

Бронзæ айдæнтыл æмбæлæм бронзæ синагæй быдтытыл, хъуырыл ауындзгæ рæхысыл та нывгонд ис дыууæ æртæкъуымоны бындурыл дыууæ фысы сæры, уымæй уæлдай ма сылгоймаджы дзыкку быдæй дæр. Бæрæг у, уæды рæстæг парахат кæй уыд быднывæфтыд – лыстæг кæнæ ставддæр синагæй арæзт орнамент.

Фæрæттæ аив кæныны сæйрагдæр бынат ахсынц, сырдон стиль кæй хонынц, уый, стæй геометрион хæххытæй арæзт орнаменттæ. Фæстæдæр æнусты сырдон стиль рапарахат къухмийæ нывæст æндæр дзаумæттыл дæр.

Сырдон стилы æмæ геометрион хæххытæй конд орнаменттæй уæлдай ма фæрæттæ аивгонд цыдысты хуры мифон нысантæй дæр. Зæгъæм, фæрæты фарсыл ис хуры ныв йæ алырдæм арæзт тынтимæ.

Йæ диск фæлындгонд у бæлвырд фæткмæ гæсгæ æвæрд алыхуызон нысантæ-тымбылæгтæй.

Орнаменталон композициты мидисы æвæрд уыдысты рагдинты фæлгонцтæ. Зæгъæм, сыкъахуыз орнаментæн уыд табуйы нысаниуæг, бронзæйæ конд фысы сæртæ дардтой риуыл куыд фыдбæллæхæй хизæг фæрæз. Фысы сæры ныв нođжы æмбæлы хъаматыл, фæрæттыл, æргъæвджытыл, рæттыл æмæ æндæр дзаумæттыл дæр.

Нуазынæн æппæты рагондæр мигæнæн у сыкъа. Сыкъа-агуывзæтæ æрмæст æрдзон нæ уыдысты, фæлæ ма сæ бронзæйæ дæр арæзтой. Рагалайнаг культурæйы æвдисæн бронзæ сыкъа Уварова ссардта Рекомы кувæндоны. У рæсугъд конд, йæ кæроныл – фысы сæр. Хъобайнаг бронзæ æргъæвджытау ыл ис дзуарæвæрд орнамент саст хæххытæй конд.

Æрдзон сыкъатæ фæстæдæр байдыдтой æвзистæй аив кæнын. Сæ уæрæх æмæ нарæг хæйттыл уыд ныхæст æвзист цъар зайæгойты орнаментимæ. Иуæй-иу сыкъаты нарæг хæйттыл æмбæлы калмы сæртæ дæр.

Бронзæ хъаматæ æмæ цирхътæ фæрæттау сты алыхуызон сæ конд æмæ нывæфтыдтæм гæсгæ. Хъаматæ кодтой æд фистонтæ, дыууæрдыгæй дæр уыдысты цыргъ. Фистоны цæхгæрхъæдтæ фæлындгонд уыдысты фысы сæртæ, æнахуыр цæрæгойты нывтæ æмæ геометрион хæххытæй конд орнаменттæй.

Фыццаг бронзæ рæттæ та арæзтой нывæфтыд тæнæг бронзæ цъарыл. Семæ арæх æмбæлы алыхуызон бронзæ æргъæвджытæ дæр.



Нæлгоймаджы худыл нывтæ. Скодтой сæ хæрдгæхуыд æмæ быднывæфтыдæй Æхполаты М. æмæ Дулаты Г.

Аивгонд сты дзуарæвæрдтытæй, сырдон æмæ геометрион хæххытæй конд орнаменттæй.

Сызгъæринæй, æвзистæй, бронзæйæ æмæ æфсæйнагæй фæлындæнтыл фидаргонд цыдысты алыхуызон зынаргъ дуртæ (арæхдæр – сырх æмæ æрвгъуызтæ) кæнæ эмалæй сæрст авджы лыстæг муртæ телæй здыхт быдтытимæ. Бронзæ ифтонггæрзтæ арæх ахуырстой сызгъæринæй. Уымæн æвдисæн – къухдарæнтæ, цонгдарæнтæ, диадемæтæ, рæттæ, æргъæвджытæ, риуы æгънæджытæ, хъусцæджытæ, къухмигæнæнтæ, сылгоймæгты æмæ нæлгоймæгты дарæс аивгæнæнтæ.

Лыстæг здыхт телын быдтытæй арæхдæр фæлыстой хъаматæ, цирхъты фистонтæ, æхсаргæрдтæ æмæ сылгоймæгты зынаргъ фæлындæнтæ.

Уваровайы коллекцийы ис 60 см дæргъæн æхсаргард. Йæ кæрддзæм конд у тæнæг æвзист цъарæй, ис ыл зайæгойты орнамент. 96 см дæргъæн æхсаргард дæр у æвзистæй фæлыст, лыстæг нывæфтыдгонд.

Топпыхос куы фæзынд, уæд æвзист æмæ сызгъæрин æндæхтæй быд рæттыл дарын райдыдтой хъусхос-бостæ. Арæзтой сæ сыкъатæй, хъæдæй, æвзистæй, арæх сыл ныхæстой зынаргъ дуртæ кæнæ сæ фæлыстой нывæфтыдтæй. Топп сифтындзынæн хъуыд топпыхосы бæлвырд бæрц. Бæрцæй йæ дзыппы дарын, уæлдайдæр тохы рæстæг, зын архайд уыд. Уымæ гæсгæ цухъхъайæн йæхи фæсмынæй кæнæ сæракæй рахиз æмæ галиу фæрстыл хуыйын райдыдтой фæйнæ 8–10 чыры. Æвæрдтой дзы, топпыхос иу ифтыгъды бæрц кæм уыд, ахæм къопгæндтæ. Фæстæдæр уыцы къопгæндтæн сæхи «бæрцытæ» рахуыдтой. Бæрцытæ арæзтой хъæдæй, сыкъатæй, æвзистæй æмæ сæ фæлыстой зайæгойтæй конд орнаментæй.

Астæуккаг æнусты хæцæнгарзы хуызтæ куыд ивтой, уый нæлгоймæгты рæттыл æрæджы дæр ма бæрæг дардта. Æргъæвæг æмæ æвзаггондæй уæлдай ма сыл фенæн уыд уæлæмхасæнтæ – зынгцæгъдæн, хæцæнгарз сæрдæн, туас æмæ а.д. Уыдæттæ раздæр царды æнæмæнг хъæугæ уыдысты, фæлæ сын куыдфæстагмæ ницыуал нысаниуæг уыд æмæ ма роныл баззадысты æрмæст куыд аивгæнæнтæ.

Алы ирон хæстонмæ дæр хъуамæ уыдаид хорз хæцæнгарз æмæ бæх. Хæцæнгарз, ома сызгъæрин, æвзист, стæгæй фæлыст ерæдзыпп, æхсаргард æмæ хъама. Хъама æдзух уыд йæхимæ – балцы уа, хæдзары. Æхсаргарды æмæ хъамайы кæрддзæмтæ фæлыстой æфсæйнаг нывæфтыдтæй.

Æфсæддон демократийы рæстæгæй фæстаг æнусты онг алайнаг хæстоны хъуыд хорз бæх – уайаг, хъаруджын æмæ фæразон. Самал-иу ын кодтой зайæгойтæй кæнæ геометрион хæххытæй орнаментæй фæлыст зынаргъ дзауматæ: идон, саргъ, æфтаугæ, ехс.

Ирыстоны тынг рапарахат зæрингуырдты дæсныйад дæр. Ацы къабазы дæсныты сусæгдзинæдтæ цыдысты фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Зæгъæм, 1925 азы æрмæст Цымытийы 60 кæртæй 30 уыдысты æрмгуыстгæнджытæ.

Зæгъдзыстæм дæсны зæрингуырдтæй цалдæры тыххæй.

Гаппуаты Базийы фырт Аса (1835–1905), кодта сылгоймæгты дарæсы риуы æгънæджытæ, нæлгоймæгты æмæ сылгоймæгты рæттæ, бæрцытæ, хъаматæ. Иууылдæр сты хæдхуыз, аив, нывæфтыд. Хæрисджыны хорз зыдтой Цгъойты Тусманы (1775–1870), йæ ахуыргæнинаг Мырзаганты Тотырбеджы (1809–1920) æмæ Тотырбеджы фырт Елзайы (1857–1924). Мырзагантæн Дзæуджыхъæуы уыд сæхи æрмадз. Сæ куыстытæ зындгонд уыдысты сæ аив конд æмæ рæсугъддзинадæй. Зилгæйы хъуыстгонд уыд Цомайты Хæмæтхъан, Хæтæлдоны – Æгкацаты Тасолтан, Къора-Урсдоны – Хъуыбадты Ханджери.

Цымытийаг Æгкацаты Хъæвдыны фырт Малсæг (1860–1935) æмæ беслæйнаг Тедтаты Елбыздыхъойы фырт Тыджыхъо (1789–1882) æрмæст зæрингуырдтæ нæ уыдысты, фæлæ ма хъæдыл кодтой нывæфтыдтæ дæр. Майрæмадаггаг Абайты Садуллæ арæзта нæлгоймаджы æмæ сылгоймаджы национ дарæстæн фæлындæнтæ. Джызæлы дæсны зæрингуырдтæ уыдысты Лохаты æфсымæртæ – Дзиу (1857–1909) æмæ Вано (1885–1915). Сæ фæлындæнтæ сæйрагдæр кодтой лыстæг телæй здыхт быдтытæй.

Балоты Уырысы фырт Цоппо, æхсæрджыныхъæуккаг, сызгъæрин æмæ æвзист предметтæ аив кодта сауахуырст нывæфтыдтæй.

Уыцы техникæйы сæхи хæдхуыз куыстытæ арæзтой дзæуджыхъæуккаг Гаппуаты Салам, йе ‘фсымæр Сафар æмæ уый фырт Харитон.

Хъуыстгонд хæцæнгарзаразæг уыд беслæйнаг Къониаты Увызыхъо (1870–1930). Уый арæзта ерæдзыппытæ æмæ дамбацатæ, фæстæдæр – топпытæ æмæ ливортæ. Сæ хæтæлтæ аивгонд уыдысты сауахуырст нывæфтыдтæй.

Ахæм нывæфтыдтæ æмæ лыстæг телæй быдтытæ хæцæнгарзыл кодтой ноджы хуымæллæггаг Гаппуаты Бесо (1855–1953) æмæ æрхойнаг Хуыдæлты Батдже (1853–1938).

Бæхифтындзæнтæ æмæ хæцæнгæрзтæ аив кодтой Къорайы Борситы Куыцыкк æмæ Бибо, Хъæдгæроны – Созаны-фырт, Цыколайы – Таухъазахы-фырт, Бруты – Æлдаттаты Æлдатт (1815–1924).

Рагзаманты Ирыстоны орнаментæй æрмæст бронзæ, сызгъæрин æмæ æвзист дзауматæ нæ фæлыстой, фæлæ ма алдымбыдтæ, алыхуызон хæрдгæбостæ æмæ синæгтæй аивгонд хъуымæцтæ дæр.

Цымыдисаг у Мæхческы зæппадзæй ист нæ дуджы XIV æнусы æвдисæн – сылгоймаджы худ. Йæ кондмæ гæсгæ у хæстон згъæр худы æнгæс. Бæзджын хъуымацæй хуыд, сызгъæрин хæрдгæхуыдтæй аивгонд. Йæ тæнæг сызгъæрин быдтытæм фидаргонд сты хъусцæджытæ. Ахæм худты уæллаг хайыл арæх фенæн вæййы æнахуыр цъиуты нывтæ. Къæбуты ‘рдыгæй худыл хуыд ис дыууæ рæнхъæй сызгъæрин лыстæг геометрион хæххытæй орнаменттæ.

Сылгоймæгты уæлæдарæс дæр аивгонд цыд сызгъæрин хæрдгæхуыдтæ æмæ зынаргъ дуртæй, фæрдгуытæй æмæ мæйы æнгæс фæлындæнтæй.

Ирон хуыйджыты дæсныйад хорз æвдисы ирон адæмы орнаменталон аивады хъæздыгдзинæдтæ. Сæ хуыздæр куыстытæ зæрдæскъæфт кæнынц сæ хæдхуыздзинад æмæ аивдзинадæй.

Орнаменттæ хуыйæг дæснытæ пайда кодтой бирæ техникон фæрæзтæй: рæхысхуыд, цæгхуыд (кæд дзаума гæппæлтæй хуыд уыд, уæд сынчытæ бамбæхсынæн дыууæ хуызы уыд баиугæнæн), уæлæфтаухуыд, хъуымбылхуыд кæнæ æгънæгхуыд, нывæфтыд, быднывæфтыд, хæрдгæхуыд, хæрдгæнывæфтыд (хæрдгæхуыды сæйраг нывæфтыд баххæст кæнынæн сынчы хуыз).

Нывæфтыдтæ хуыдтой сызгъæрин, æвзист, цыллæ, стæм хатт тæбын æндæхтæй. Пайда кодтой лыстæг сызгъæрин, æвзист æмæ æфсæн æндæхтæй, сызгъæрин, æвзист, кæрдæгхуыз æмæ æрвхуыз пæратæй, алыхуызон хæрдоджытæй.

Аппликацитæ кодтой, сæйрагдæр, цармæй, стæмдæр хатт – сгæлладæй, цыллæйæ, нымæтæй.

Бахъуаджы рæстæг хуыйæг йæхæдæг быдтытæ кодта сызгъæрин, æвзист кæнæ алыхуызон цыллæ æндæхтæй. Сæ кондмæ гæсгæ уыдысты тъæпæнбыд кæнæ тымбылбыд.

Синагæй быд аразгæйæ хуыйæгæн æхххуысгæнæг уыд къуырцгæнæг. Уый галиу къухы дардта æндæхты æлхынцъгонд кæрæттæ,

рахизæй та æмбæрц ритмикон архайдæй быд афтæ «фаста», цæмæй раст æмæ бæзджынæй цæуа. Лыстæг быдтытæй арæзтой цæппузыртæ, тымбылæй – цухъхъаты, куырæтты æмæ нæлгоймæгты хæдæтты сæхтæджытæ.

Хæрдгæ-уафгæбыд кæнæ алдымбыдæй та аив кодтой сылгоймаджы æмæ нæлгоймаджы худтæ æмæ уæлæдарæс.

Сылгоймæгты национ уæлæдарæсыл хæрдгæбыдтæ хуыдтой худты, къабаты кæрæттыл, дысалгътыл, уæлармдыстыл, риуы æгънæджытыл, æфцæгготыл, стæй цыбыр куырæтты кæрæттыл.

3–5 см уæрхæн сызгъæрин, æвзист æмæ сызгъæриндонытылд нывæфтыдтæй аив кодтой сылгоймæгты рæттæ æмæ æргъæвджытæ.

Нæлгоймæгты дарæсы хæрдгæбыдтæй фæлыстой худты гоппытæ, цухъхъаты кæрæттæ, нымæтты æфцæгготтæ æмæ кæрæттæ. Басылыхъты кæрæттæ аив кодтой сгæлладхуыз цыллæйæ кæнæ сызгъæрин æмæ æвзист æндæхтæй конд хæрдгæбыдтæй. Алдымбыдтæй ма арæзтой ноджы дамбацаты синæгтæ; аив дзы кодтой зæнгæйттæ, дзабыртæ æмæ фæлмæн цырыхъхъытæ.

Хæрдгæбыдтæ уæфтой къухæй, сæ ас 4х4 см, 5х5 кæнæ 6х6 см кæмæн уыд, ахæм быдуафæн фæйнæджыты æххуысæй, сæ кæрæтты уыд хуынчъытæ. Хæрдгæбыдтыл цавæр ныв хъуамæ уыдаид, уымæ гæсгæ хуынчъыты тъыст уыдысты, бындурæн чи уыд, ахæм æндæхтæ – дæргътæ, хъæбæр æмæ лæгъз гæххæттæй конд. Хъазæн къамтæ куы фæзындысты, уæд фæйнæджытæ уыдонæй раивтой, тасын кæй куымдтой, уымæ гæсгæ. Къам-иу дыууæ дихы акодтой æмæ-иу уыцы æмбистæ хъæдæндадзæн сасмæй баныхæстой.

Хæрдгæбыд цæйас æмæ цас зынгæнæн уыд, уымæ гæсгæ фæйнæджыты нымæц хæццæ кодта 12-æй 80-ы онг, ноджы ма уымæй дæр фылдæрмæ.

Бындуры æндæхтæн сæ кæрæттæ иуæрдыгæй фидар кодтой æнæзмæлгæ предметмæ, се ‘ннæ кæрæттæ та – къацмæ – сæрмагонд бронзæ кæнæ æрхуы уафæнмæ. Уыцы уафæны кæрæтты уыд дыууæ къæндзыйы æмæ фидаргонд цыдысты хæрдгæбыдтæ нывæндæг сылгоймаджы астæумæ. Уафгæйæ къацыл тыхтой цæттæ хæрдгæбыд. Фæйнæджытæ фæзилгæйæ-иу сæ зыхъхъырты ауагътой хъуымацыл цæхгæрмæ цæуæг æндæхтæ, хъæдын кæнæ стæгæй конд кардæй сæ раст кæнгæйæ.

Хæрдгæхуыд арæзтой хицæн хæйттæй. Йæ бындур уыд бæзджын,

сæрмагонд ифтонггарзыл тыгъд хъуымацæй. Уыцы бындурыл æвæрдтой æмæ хуыдтой, гæххæттæй-иу кæй ралыг кодтой, ахæм нывæфтыд. Йæ кæрæттæ йын-иу хатгай къæрандасæй дæр фæнысан кодтой. Цæмæй ныв хорз, раст рауадаид, уый тыххæй йыл æвæрдтой бур æндæхты цъаргонд. Æндæхтæ нывыл уагътой уæлейæ дæлæмæ æмæ-иу сæ фидар кодтой æрмæст йæ кæрæттыл. Уыцы бур æндæхты сæр æвæрдтой сызгъæрин æндæхтæ лыстæг бур цыллæ æндæхтæй фидаргондæй. Сызгъæрин æндæхтæ фидар кодтой афтæ, цæмæй дзы нывæн йæхимидæг дæр рауайа нывæфтыд. Уыцы нывæфтыдтæ æвзæрыдисты, хуыйæг кусгæ-кусын, бындурыл бæрцæй нымад бур æндæхтæ æвæргæйæ, йе ‘рхъуыдыгонд нывæфтыдыл сызгъæрин æндæхтæ кæй фидар кодта, уый руаджы. Нывæфтыдтæ уыдысты геометрион хæххытæй конд æмраст, гакъон-макъон, ромбæнгæс кæнæ та каубыдхуызтæ.

Хуыйæг-иу йæ куыст куы фæци, уæд-иу нывæфтыд чъылдымырдыгæй хъæдныхасæн сасмæй байсæрста æмæ-иу æй хъæддаг хуыйы ссырæй рараст кодта. Уый фæстæ-иу куы бахус, уæд-иу æй ралыг кодта.

Цæмæй йæ нывæфтыд хуыздæр зына, фидардæр æмæ рæсугъддæр уа, уый тыххæй йын-иу хуыйæг йæ кæрæттыл æндахæй быд ауагъта æмæ-иу æй æрмæст уæд бахуыдта аивгæнинаг дзаумайыл кæнæ ифтонггарзыл.

Сызгъæрин æндахæй хуыд арæхдæр фидыдта тарсырх, хатгай мæнæргъыхуыз, морæ, кæрдæгхуыз, æрвхуыз, уардихуыз хъæдабæйыл æмæ ма ноджы алы хуызты цыллæ æмæ фæсмын хъуымæцтыл.

Сызгъæрин æмæ æвзист æндæхтæй аивгонд цыдысты къулыл ауындзгæ фæлындæнтæ: сахатæвæрæнтæ, сæрвасæнтæ, фыстæджытæн дзыпгæндтæ, хуызистытæн фæлгæттæ, чысыл гауызтæ, судзиндæттæ æмæ а.д.

Къулыл ауындзгæ фæлындæнтæ сæ хуыд æмæ формæмæ гæсгæ кæрæдзийæ бирæ нæ хицæн кодтой, уымæн æмæ аивгонд цыдысты сызгъæрин хуыдæй кæнæ аппликацийæ. Хуыйæг-иу сæрак кæнæ хъæбæр гæххæттæй ралыг кодта бындур æмæ-иу ыл бахуыдта дзыпгонд. Уыцы бындур-иу лыггонд уыд къалиуы, дзабыры, саджы, фысы кæнæ галы сæры хуызы, кæнæ дæргъдымбыл. Хъæбæр гæххæттæй ныв цæмæй хуыздæр зындаид, уый тыххæй йæ æмбæрзтой бæмбæгæй кæнæ фæлмæн цыллæйæ, æмæ-иу ын йæ кæрæттæ æрхуыдтой хуымæтæг хъуымацæй, уый фæстæ та – хъæдабæ кæнæ хуызджын цыллæйæ. Цæттæ бындурыл фидаргонд цыд дзыпп, уый хицæнæй хуыдтой сызгъæрин æмæ æвзист

ӕндӕхтӕй. Дзыпп аив кодтой зайӕгойты кӕнӕ геометрион хӕххытӕй конд орнаментӕй, сырдты ӕмӕ цӕрӕгойты нывтӕ та аппликацитӕй хуыдтой. Дзыппӕн йӕ алывӕрс дӕр хуыйӕг аив кодта зайӕгойты ӕмӕ сырдон орнаментӕй кӕнӕ ӕрттивӕнтӕ ӕмӕ дзындзытӕй.

Зӕгъӕм, къулылдаргӕ чысыл гауызыл ӕрсыты симгӕ кафты ныв у аппликацийӕ конд. Ныв фӕзынд арсӕн табу кӕныны нысанӕн. Уый тыххӕй таурӕгъ зӕгъы, раджы кӕддӕр Цымытийы цуанон Дзиго кӕй цард. Дзирийы дзуары бын ӕрцахста арсы лӕппын. Сахуыр ӕй кодта хъӕбысӕй хӕцын. Бӕрӕгбӕтты рӕстӕг-иу фӕсивӕд йемӕ хъӕбысхӕстӕй сӕхи ирхӕфстой. Иухатт бӕрӕгбоны куывды бадджытӕм ӕндӕр зӕххӕй кънйаз ӕнӕнхъӕлӕджы ӕрбабырста. Ӕнӕхӕцӕнгарз адӕмы хъуамӕ фӕцагътаид. Фӕлӕ уалынмӕ тыхгӕнджытӕ адӕмы уарзон арсы фӕцӕф кодтой. Цӕф арс ӕфсадыл йӕхи ныццавта, кънйазы бӕхӕй раппӕрста ӕмӕ йӕ къабазгай акодта. Тыхгӕнджытӕ цалынмӕ сӕ кънйазы фервӕзын кӕныныл архайдтой, уӕдмӕ адӕм агӕрзифтонг сты ӕмӕ знагӕн ныхкъуырд радтой.

Уӕлахизы кадӕн, арсы лӕппыны кӕм ссардӕуыд, уыцы дзуары кувӕндоны дурӕй снывӕстӕуыд арсы ныв. Уӕдӕй фӕстӕмӕ бынӕттон цӕрджытӕ кувгӕ-кувын сӕ уӕларвон дзуарӕй дарддӕр кодтой, адӕмы лӕбурӕг-тыхгӕнджытӕй чи фервӕзын кодта, уыцы тохгӕнӕг арсы кой дӕр. Уый тыххӕй куырттатӕгтӕм не ‘мбӕлд арсы дзидза хӕрын.

Нывӕфтыдтӕ ӕмӕ аппликацитӕй аив кодтой сынтӕгӕмбӕрзӕнтӕ, чысыл базтӕ, хызынтӕ, топпыты агъудтӕ, ӕфтаугӕтӕ, фатдонтӕ ӕмӕ а.д. Фӕлӕ уӕлдай рӕдаудӕрӕй сызгъӕрин хуыдӕй аивгонд цыдысты сылгоймаджы национ бӕрӕгбоны дарӕстӕ. Уыдон ма уыцы иу рӕстӕг чындздзон дарӕстӕ дӕр уыдысты.

Рагзаманты сылгоймӕгты дарӕс нӕлгоймӕгты дарӕсӕй тынг нӕ хицӕн кодта. Сылгоймӕгтӕ дӕр дардтой, гуырыл ӕнгом чи бадт, ахӕм куырӕттӕ. Куырӕтты ӕдде дардтой разкъӕрткъабайы ӕнгӕс дарӕс, ӕрмӕст дзӕвгар цыбырдӕр.

Риуы къӕндзытӕ раздӕр хуыдтой куырӕты кӕрӕттыл дыууӕрдыгӕй ӕмӕ сӕ ӕргъӕвджыты хуызы пайда кодтой. Уый фӕстӕ къӕндзытӕн ӕмӕ куырӕтӕн йӕхицӕн дӕр йӕ раздӕры нысаниуӕг нал уыд, ӕмӕ систы сылгоймӕгты бӕрӕгбоны дарӕсы аивгӕнӕнтӕ.

Куырӕты бын дардтой уымӕй ӕмӕ къабайӕ тӕнӕгдӕр хъуымацӕй хуыд дӕллаггуыр. Разӕй йыл кодтой рог нывӕфтыдтӕ ӕрттивӕнтӕ

æмæ дзындзытæй. Куырæты æдде цы къаба дардтой, уый разæй уыд уæлейæ суанг йæ кæрæттæм къæртт.

Сылгоймаджы куырæт йæ рагон хуызы махмæ не 'рхæццæ, баззад ма дзы æрмæст уæллаг хай лифы хуызы æмæ йыл къæндзытæ хуыйын райдыдтой. Куырæты раззаг кæрæттæй та куыдфæстæмæ рауад разæй къæртт раздарæн, бастой йæ къабайы бын. Уыцы раздарæн хуыдтой цыбыр куырæт. Кодтой йыл зынаргъ нывæфтыдтæ, уымæн æмæ-иу къабайы бынæй зынд, уæлдайдæр кафты рæстæг. Хуыдтой йæ цыллæ кæнæ хъæдабæйæ.

Къабатæ хуыдтой хъæдабæ æмæ цыллæйæ, хатгай фæсмын хъуымацæй дæр, æмæ сæ аив кодтой сызгъæрин æмæ æвзист æндæхтæй нывæфтыдтæй æмæ хæрдгæбыдтæй.

Разкъæрт къабайыл сæйраг дыууæ дысæй уæлдай ма уыд дыууæ хуызы уæлæмхасæн дыстæ дæр.

Уæлæмхасæн дысты фыццаг хуыз арæхдæр хуыдтой къабайæн йæхи хъуымацæй. 60–62 см дæргъæн сæйраг дысмæ уæхсчытыл хуыдтой 90–95 см дæргъæн дыккаг дыс. Куыд дæлæмæ, афтæ уæрæхдæргæнгæ цыд, æмæ йæ бинаг хай уыд 40–60 см уæрхæн. Хуыдтой йæ æрмæст 10–15 см бæрц бынмæ, йе 'ннæ хай хуыд нæ уыд. Дысты кæрæттæ уыдысты дæргъдымбыл, æмæ сæ аив кодтой хæрдгæбыдтæй кæнæ сызгъæрин æмæ æвзист æндæхтæй нывæфтыдтæй, æрттивæнтæй æмæ дзындзытæй. Уыдонæй уæгъд бынæтты дыстыл кодтой стъалыты, дидинджыты сыфты, цъиуты фæдты хуызы рог нывæфтыдтæ, дзындзытæй хуыдтытæ.

Уæлæмхасæн дысты дыккаг хуыз – уæлармдыс, бастой йæ цонгыл. Хуыдтой йæ уæззау æмæ бæзджын хъуымацæй, арæхдæр тарсырх, хатгай – тарæрвхуыз æмæ кæрдæгхуыз хъæдабæйæ, кодтой йыл хъæздыг нывæфтыдтæ.

Дзаума дардтой, йе 'взист æргъæвджытæ хæрдгæбыдтæм фидаргонд кæмæн уыдысты, ахæм ронимæ. Уыдис æнæхъæнæй дæр æвзистæй конд геометрион хæххытæ æмæ зайæгойты нывæфтыдтæ æмæ алыхуызон дуртæй аивгонд рæттæ дæр.

Сылгоймæгты национ уæлæдарæсы иу хай, æнæмæнг, уыд худ. Ралыг-иу æй кодтой хъæбæр гæххæттæй, сæракæй, хъуымацæй-иу æй æрбатыхтой, бæмбæг кæнæ къуымбилы лыстæг фæлмимæ, уый фæстæ-иу ыл бахуыдтой хъæдабæ кæнæ бæзджын зæлдаг хъуымац. Аив æй кодтой сызгъæрин æмæ æвзист æндæхтæй, хæххытæ кæнæ зайæгойты нывæфтыдтæй, хуыдтой йыл хæрдгæбыдтæ.

Цымыдисаг сты алдымбыдтæ хуыйæг Андиаты Ассæйы чызг Фатимæйы конд худтæ. Ис сыл æнæмаргджын кæлмытæ нывгонд, уымæн æмæ уыцы кæлмытæн, ирон адæмы уырнынадмæ гæсгæ, уыд бæркад æмæ зонынджындзинады нысаниуæг.

Тынг диссаг сты, къæсæры дзуары нывæфтыдтæй цы чысыл худтæ фæлыстой, уыдон дæр. Ирæттæ йын табу кодтой рагзамантæй фæстæмæ. Уыцы бардуагæн йæ ныв кодтой цалдæр хуызы; кæрæдзийыл ныхæстæй адæймæгты сæртæ, кæнæ дыууæ базырджын саджы, кæнæ та дыууæ бæхы сæртæ.

Адæймаджы æргом сæхимæ здахынц чындзыты худтæ цъиуты, арæхдæр бæлæтты нывтимæ дæр.

Цыллæ кæлмæрзæнтæ аивгонд уыдысты геометрион хæххытæй æмæ зайæгойты орнаменттæй, уыимæ, кæлмæрзæнæн йæхи æндæхтæй.

Зæлдаг æмæ цикъæ хъуымæцтæй кæлмæрзæнтыл кодтой зайæгойты æмæ геометрион хæххытæй нывæфтыдтæ цыллæ, сызгъæрин æмæ æвзист æндæхтæй. Сау зæлдагыл ныв æфтыдтой сызгъæрин хуыдæй.

Сылгоймæгты дзабыртæ хуыдтой сæракæй. Уыдис-иу сыл сызгъæрин æмæ æвзист æндæхтæй хуыд аивгæнæнтæ кæнæ хæрдгæбыд нывæфтыдтæ. Хатгай сæ хуыдтой хъæдабæ æмæ сгæлладæй, æмæ уыдон дæр уыдысты афтæ аивгонд. Фенæн ма сыл уыд алы хуызты сæрачы гæппæлтæй аппликацитæ дæр.

Ирон нæлгоймаджы национ дарæс сызгъæрин хуыдæй, хæрдгæбыдтæй æмæ æндæр ахæмтæй парахатæй аивгонд нæ цыд, фæлæ, зæгъæм, бæрæгбоны дарæсыл уыдæттæ фенæн уыд.

Нæлгоймаджы бæрæгбоны дарæсы хæйттæ сты: йæ гопп сызгъæрин хуыд æмæ хæрдгæбыдтæй фæлыст кæмæн уыд, ахæм бухайраг уæлдзарм худ, бæрзонд æфцæгготджын, гуырыл æнгом хуыд куырæт – уæрджыты онг разæй уыди къæртт. Куырæтæн йæхи хуыз синагæй æргъæвджытæ æвæрд уыдысты астæуы онг. Æргъæвджытæ æлхынцъбыд кодта хуыйæг йæхæдæг. Куырæт хуыдтой алы хуызы хъуымæцтæй, нæлгоймаджы купмæ гæсгæ. Куырæты æдде дардтой разæй астæумæ къæртт цухъхъа. Уый аивгонд уыд æвзист кæнæ стæгæй нывæфтыд бæрцытæй. Цухъхъа æнгом бадт гуырыл, уыдис ыл дыууæ, æртæ кæнæ цыппар æргъæвæджы. Ацæргæ лæджы цухъхъайы æфцæггот æмæ, къæртт кæм уыд, уыцы рæтты аивгонд уыд дзаумайæн йæхи хуыз быдæй, æрыгæтты цухъхъа та – æвзист кæнæ сызгъæрин хæрдгæбыдтæй.

Цухъхъа дардтой, æвзист æмæ сызгъæрин нывæфтыдтæ кæуыл уыд, ахæм ронимæ. Ауыгъд-иу ыл уыд æвзист кæрддзæмимæ хъама æмæ нывæфтыдгонд сæрак агъуд. Цухъхъайы æдде хъуырыл ауыгътой алдымбыд сахатæн æмæ хæрдгæбыд дамбацайæн; уыдысты сызгъæрин æмæ æвзист æндæхтæй нывæст.

Национ уæлæдарæсы æнæфæхицæнгæнгæ хай уыдысты басылыхъхъ æмæ нымæт. Басылыхъхъы кæрæттæ аивгонд цыдысты йæхи хуызæн цыллæ кæнæ сызгъæрин æмæ æвзист æндæхтæй хæрдгæбыдтæй; нымæты кæрæттæ æмæ æфцæггот дæр аив кодтой алдымбыдтæй.

Къахыдарæсæн нæлгоймæгтæ дардтой дзабыртæ æмæ зæнгæйттæ кæнæ та ма фæлмæн цырыхъхъытæ – хæдбынтæ. Къахыдарæсыл арæхдæр фенæн уыд сæракæй аппликаци, хатгай – нывæфтыд сызгъæрин хуыдæй.

Æмткæй райсгæйæ, нæлгоймаджы дарæсы нывæфтыдтæ æмæ æндæр аивгæнæнтæ уыдысты, цæст сыл æргом куыд нæ хæца, афтæ уæздан конд. Хуызджын æмæ тæмæнкалгæ аивгæнæнтæ фенæн уыд æрмæст сывæллæттыл.

Лæппуйыл-иу æртæ азы куы сæххæст, уæд-иу æй цоггаджы бон æхсæнадмæ ракодтой. Уыцы зæрдылдарæн бонмæ йын-иу бацæттæ кодтой цоггаджы дарæс кæнæ фæлыст.

Хъæдæй-иу ын скодтой хъама алыхуызон нывæфтыдтимæ. Кодтой йын цоггаджы фат дæр. Арæзт уыд хъæды лыггагæй. Йæ сисгонд кæрон-иу ын саив кодтой цæргæс тæхгæ-тæхын, стай згъоргæ-згъорын кæнæ гал цæугæ-цæуыны нывæфтыдтæй.

Уыцы бонæй фæстæмæ лæппуйы ахуыр кодтой хæдбарæй цæрын. Сылгоймæгтимæ-иу раздæрау арæх нал уыд, фылдæр рæстæг æрвыста нæлгоймæгтимæ. Уыдон æй ахуыр кодтой бæхыл бадыныл, дуртæ æмæ фат æхсыныл, фæлтæрдтой йæ.

Ирон орнаменталон аивад бæрæг у архитектурæйыл, алыхуызон хъæдын предметтыл, хæдзары дзауматыл æмæ а.д.

Махмæ чи ‘рхæццæ, уыцы тæккæ рагондæр арæзтад у Рекомы кувæндон. Йæ фæлгуыртыл цæджындзтæ аивгонд сты геометрион хæххыты орнаментæй.

Арæхдæр орнамент фенæн уыд хæдзæртты хъæдын хæйттыл: уæлкъæсæртыл, тарвазтыл, балкъонтыл, цæджындзтыл.

Хъæддæснытæ арæхстысты предметтыл зайæгойтæ æмæ геометрион хæххытæй орнаменттæ кæнынмæ, хуры нысантæ, стъалытæ, цъиуты нывтæ аразынмæ.

Хæдзары дзауматæй нывæфтыдтæ кодтой тымбыл æртæкъахыг фынгтыл, арынгтыл, даргъ бандæттæ æмæ къæлæтджынтыл, сынтæджытыл, ауындзæнтыл, дзаумæттæ æфснайæн чырынтыл, хъæдын къæртатыл, хъалацтыл, хъæдын тæбæгътыл, сивыртыл, музыкалон инструменттыл.

Нывæфтыдтæй уæлдай ма хæдзары дзауматæ аивгонд цыдысты лыстæг дуртæй дæр дыууæ мадзалæй.

Фыццаг мадзал: хъæдын дзауматыл æвæрдтой орнамент кæнæ сауæй ахуырст нывæй аивгонд æвзист цъар. Зæгъæм, ахæм цъар цы кружкæйыл уыд, уым раст æмæ æддæгмидæг цæуæг хæххытæй нывгонд уыд, сæ мидæг æхсæзтигъон стъалытæ кæмæн ис, ахæм тымбылæгтæ.

Дыккаг мадзал: хъæддæсны раздæр ныв скæны предметыл, стæй æвзист тæнæг цъар ныллыгтæ кæны лыстæг зæгæлты хуызы. Уый фæстæ ныв слыг кæны æмæ йын йæ бынаты æвзист зæгæлтæ ныххуыйы 1,5–2 мм æрфæн, цæмæй дзаумайы æмвæз уой. Ацы мадзалæй кодтой геометрион хæххытæй конд, зайæгойты, хуры нысанты æмæ сырдон орнаменттæ.

Хуымæтæгдæр у хъæдыл нывæфтыдтæ сырх зынг телæй кæныны мадзал. Раздæр дзаумайыл скæнынц ныв, уый фæстæ йыл зынг телæй æрзилынц. Урсгонд хъæдыл нывæфтыд рауайы тарморæхуыз.

XIX æнусы кæрон – XX æнусы райдианы Куырттаты комы зындгонд



Ирон худ æмæ йæ хæйттæ хæрдгæ æндахæй конд цъæх сгæлладыл. Скодта йæ Андиаты Ф.

хъæдгуыстгæнджытæ уыдысты Колыты æфсымæртæ – Елза (1860–1929) æмæ Астархан (1865–1940). Сæ куыстытæ сын фенæн уыд комы алы хæдзары дæр. Дзæуджыхъæуы цæрæг Андиаты Забейы фырт Федыр (1867–1925) хъæдыл нывтæ кодта æвзистæй, Беджызаты Елбыздыхъо та – нывæфтыдтæ хъæдыл уыгæрдтæй.

Заманхъулы хæдзæрттыл фæлындæнтæ кодта Тадеты Хаджумар; Хъарман-Сындзыхъæуы хъуыстгонд уыд Едзиты Сослæнбег – йæ куыстытæ сты республикæйы Аивадон музейы æмæ йæ хъæуккæгты хæдзæртты. Сырх Дыгуры хæдзæртты хъæдын хæйттæ аив кодта Хъараты Боцъойы фырт Федыр.

Заманхъулы ма Тадейы-фыртæй уæлдай хъæддæснытæ уыдысты Туаты Гæбылайы фырт Изæпбег, Тедтаты Мæхæмæты фырт Хаджумар, Зæнджиаты Асæго, Чсиаты Хандже (уый ма арæзта хæцæнгæрзтæ дæр).

Хуымæллæджы хæдзæртты хъæдын хæйттæ нывæфтыд кодтой Басаты Тепсарыхъо (1849–1943), Гугкаты Будти (1858–1954), Безаты Дзамболат та ма нывæфтыдтæ кодта хæдзары дзауматыл дæр. Беслæны хъæдгуысты дæснытæ уыдысты Фриаты Ибрагим, Андиаты Хъазджери, Дзгойты Дзамболат æмæ бирæ æндæртæ.

Æрыдоны зындгонд хъæдгуыстгæнджытæ уыдысты Дзанайты Сопро, Уырымты Состыкк, Зæнджиаты Муссæ (1855–1950), Хъуылаты Дадык (1845–1925), Илаты Алыксандр (1855–1920), йæ фырт Дзатте æмæ иннæтæ. Уыдон нывæфтыдтæ кодтой куыд хæдзары дзауматыл, афтæ бидаркæтыл, сæргътыл, ехсытыл æмæ а.д. Джызæлы арæхстджын хъæдгуыстгæнджытæ уыдысты Галазты æфсымæртæ Дзыццыл (1843–1920) æмæ Дрис (1860–1910), Салиты Мишæ (1894–1946) æмæ иннæтæ.

Йæ рæстæджы тынг парахат уыдысты дурыл нывæфтыдтæ дæр. Дурыл къахт хуымæтæг орнаменттæ фенæн ис хæстон мæсгуыты архитектурæйы. Дзуæртты, цыппаркъуымонты нывтæ æмбæлынц Дæллагхъæу-Хæкъуынайы, Лæцы, Андиатыхъæуы, Цымытийы æмæ æндæр рæтты мæсгуытыл. Цæргæсы систы хуызы къæхтытæй аивгонд у Цымытийы Æгкацаты мæсыджы дуары сæрмæ дур. Уым ма хуссар-ныгуылæн тигъыл ис дыууæ нæлгоймаджы нывы. Ахæм орнаменталон цыртдзæвæнтæ Ирыстоны бирæ баззад.

Вазыгджын, алывæрсыг æмæ цымыдисаг сты цыртыты орнаменттæ. Лыстæг æмæ ставддæр нывæфтыдтæ скæнын бантыст дуры куысты дæснытæн. Уыдоны æвдыст цæуы адæмы цардæй ист цаутæ, фæткон

ӕгъдӕуттӕ, сырдты, цъиуты, хӕдзарон цӕрӕгойты нывтӕ, хуры нысантӕ ӕмӕ ӕндӕр ахӕмтӕ, геометрион хӕххытӕ ӕмӕ зайӕгойты орнаменттимӕ иугондӕй.

Нӕ рагфыдӕлты уырныдта Мӕрдты бӕсты цард. Цӕмӕй, чи амард, уыдон иннӕ дунейы «хорз уавӕрты» уой, уый тыххӕй-иу сын сӕ бинонтӕ хъӕздыг марды кӕндтытӕ фӕкодтой, мацы хъуаг уой, зӕгъгӕ, кӕд-иу арӕх сӕхӕдӕг ӕрмӕгуыр сты, уӕддӕр.

Куыд нӕлгоймӕгты, афтӕ сылгоймӕгты дӕр ныгӕдтой ног уӕлӕдарӕсы, семӕ сын ӕвӕрдтой сӕ хуыздӕр дзаумӕттӕ, сӕ хӕзнатӕ ӕмӕ алы зынаргъ фӕлындӕнтӕ.

Нӕлгоймагӕн фӕлдыстой, йӕ цӕргӕйӕ цы бӕхыл бадт, уый. Дзырдтой, зӕгъгӕ, мӕрдтӕм дӕр хъуамӕ ууыл ацӕуа. Фӕлдыст бӕхы-иу амардтой ӕмӕ йӕ ныгӕдтой йӕ хицауы фарсмӕ, бӕхифтындзӕнтӕ дӕр ӕвӕрдтой нӕлгоймагимӕ. Фӕстӕдӕр бӕх ӕмӕ алыхуызон зынаргъ дзаумӕттӕ ныгӕныны фӕтк нал уыд, фӕлӕ бӕх фӕлдисыны ӕгъдау баззад. Уый цыртыты орнаментты зыны ифтыгъд бӕхы ӕмӕ марды дзаумӕтты, хӕцӕнгӕрзты, уӕлӕдарӕсы ӕмӕ мигӕнӕнты нывты.

Транспорты ног хуызты фӕзындимӕ цыртытыл ныв кӕнын райдыдтой велосипедтӕ, хӕдтулгӕтӕ ӕмӕ а.д.

Сылгоймӕгты цыртытыл ныв кодтой дарӕс, къухмийы ифтонггӕрзтӕ, фӕндыр ӕмӕ а.д.

Къона ӕмӕ къонайы рӕхыс ирӕттӕм нымад уыдысты табуйагыл, бинонты цардвӕндаджы ӕмӕ ӕппӕт хӕдзары амонды нысаныл.

Хӕдзары-иу нӕлгоймаджы номыл куы ничиуал баззад, уӕд-иу сылгоймаг къонайы рӕхыс рафтыдта, йӕ астӕуыл-иу ӕй ӕрбатыхта ӕмӕ-иу афтӕмӕй марды фӕдыл уӕлмӕрдмӕ ацыд. Уый нымад уыд зӕрдӕхъыджы стырдӕр нысаныл. XIX ӕнусы дыккаг ӕмбисӕй фӕстӕмӕ уыцы ӕгъдау нал уыд, фӕлӕ ма йӕ уынӕм цыртытыл рӕхысы нывты хуызы.

Нӕ рагфыдӕлты уырныдта, дунейы кӕй ис табуйаг ӕппӕтзонӕг цъиутӕ – Семургъ ӕмӕ Быдыргъ. Семургъ каст фидӕнмӕ, Быдыргъ – ивгъуыдмӕ. Къухӕй ӕмӕ хъӕдгуысты дӕснытӕ сӕ арӕх ӕвдыстой кӕрӕдзи ныхмӕ лӕугӕйӕ кӕнӕ кӕрӕдзийыл ныхӕст фӕсонтимӕ. Афтӕмӕй сӕ ӕвдыстӕуы цыртытыл дӕр. Фӕлӕ куыдфӕстӕмӕ сӕ нысаниуӕг адӕмӕй рох кӕнын райдыдта, ӕмӕ сӕ нывтӕ систы зайӕгойты орнаменты иу хай. Афтӕмӕй сӕ уынӕм иуӕй-иу цыртытыл.

Заманхъулы хъуыстгонд уыдысты дурыл нывгӕнджытӕ Кулаков

Цыртдзæвæныл нyв Дæргъæвсы

Цыртдзæвæныл нyв Хуымæллæджы

Уæсмæны фырт Агуыбечыр, Сидахъаты Псийы фырт Саламджери, Есерыхъуаты Джериханы фырт Алихан æмæ йе 'фсымæр Гази, уый фырт Ибрагим, Чеджемты Хасæхъойы фырт Зæкæриа, Фриаты æфсымæртæ Салам æмæ Сабаз, Фриаты Сабаны фырт Умар, Хъæстуаты Хъызылбеджы фырт Мурти, Хъуысаты Темболаты фырт Знауыр, Айларты Хадзымæт, Милдзыхты Хасæхъойы фырт Ламазан, Хъæстуаты Бæби æмæ иннæтæ. Сæ куыстытæ æмбæлынц æппæт Ирыстоны дæр.

Дурыл уыгæрдтæй конд нывтæ ис Ирыстоны иннæ хъæуты дæр. Кодтой сæ, зæгъæм, Хуымæллæджы – Дауыраты Иван, Зилгæйы – Мысыкаты Фæнди, Елхоты – Мысыкаты Темболат æмæ Бигъаты Асæхъо, Цымытийы – Æгкацаты Малсæг. Дзæуджыхъæуы зындгонд уыд Еналдыты Аврамы фырт Георги.

Ирон адæмон орнамент йæ ирд национ хæдхуызздзинады фæрцы равдыста адæмы цардыуаджы миниуджытæ. Айдæны кæсæгау дзы зыны сæ культурæйы æмвæзад, сæ аивадон дæсныдзинад. Ныртæккæ уыцы орнаментæй спайдагæнæн ис архитектурæйы, тынуафæн къабазы, гауызтæ, хæдзары дзауматæ кæнгæйæ, æрмиады. Культурæйы ацы хæзнатæ сты уæлмонц æнкъарæнты удæгас суадон Ирыстоны нывгæнджытæ æмæ архитектортæн.

Чиныг «Осетинский орнамент» ног цард федта 2023 азы Хъозиты Алексей æмæ Тамарæйы руаджы

КÆХЦЫ ЗАРДЖЫТÆ

* * *

Уæлæ къулыл – дидитæ,
Рахæссут нын, зæгъы, чъиритæ.
Сой цæуы, сой; алы аз дæр ардæм цæуы.
Бур хъуг – къæлæсы,
Кæсут-ма, се ’фсин къуыммæ фæлæсы.
Сой цæуы, сой; алы аз дæр ардæм цæуы.
Уæлæ, зæгъы, хъæды – давонджын,
Чи райгуырди – амондджын.
Сой цæуы, сой; алы аз дæр ардæм цæуы.
Уæлæ се ‘лхуыйыл – тæбинаг,
Рахæссут нын цыхтытæн сæ бинаг.
Сой цæуы, сой; алы аз дæр ардæм цæуы.

Радзырдта йæ Дауыраты Къæлæуы фырт Хуысинæ, 100-аздзыд.
Ныффыста йæ Цагъаты Анастасия, Ламардон, 28 июль, 1959 аз.
ЦИГСИИ-йы архив

* * *

Сой цæуы, сой, алы аз дæр – ардæм,
Фидæнмæ дæр – ардæм.
Уæлæ быдыры – тæбинаг,
Чи уын райгуырди – цæринаг.
Доййатæм – Дикка.
Рахæссут нын дзыкка.
Хъыргъатæм – Ила,
Рахæссут нын дзидза.
Уæлæ быдыры – тæбинаг,
Цыхтытæй нын – сæ бинаг.
Сæ къултыл – дидитæ,
Рахæссут нын чъиритæ.
Арыхъхъы – фæдис,
Уæ уæрыкк нын – æмбис.
Сæ дуармæ – хъæдтæ,

Мах стæм лæгтæ.
Сæ къонайыл – нæл гæды,
Рахæссут нын бæгæны.
Сæ уæларты – аджы дзаг,
Рахæссут нын авджыдзаг.
Уæлæ цары – мыст, мыст,
Се 'фсины сæр – сыст, сыст.
Сæ къæбыла рæйаг у.
Се 'фсин кæрдзыныл кæуаг у,
Сæ чъылдыммæ – хæрисджын,
Рахæссут нын хæбизджын.
Къала къуса къæлæсы,
Се 'фсин къæбицмæ фæлæсы.
Сой, сой,
Сой та цæуы, сой!
Фæлвæра фæлмæн дзулджын цыхт,
Сой цæуы, сой!

Радзырдта йæ Хадыхъаты Хадзымуссæйы фырт Кум,
60-аздзыд.
Ныффыста йæ Пагæты Хасанбеджы чызг Еленæ,
Дзæуджыхъæу, 1972 аз.
Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты
уырыссаг литературæйы кафедрæйы архив

ХÆЙРÆДЖЫТЫ ХАБÆРТТÆ

САНДЫРЫ СУСÆГДЗИНАД

Къобаг лæг Абайты Сандыр, зæгъгæ, иу бон хъæдмæ суг ласынмæ ацыди. Сугтæ æрцæттæ кодта æмæ сæ уæрдоны амайын райдыдта. Уæззау сугыл иу кæрон схæцы, æмæ, мæнæ диссаг: иннæ кæрон йæхæдæг йæхи сисы, цыма йыл исчи схæцы.

Ай цы диссаг у, зæгъгæ, лæг фæтарст æмæ сдзырдта:

– Цы зæд, цы дуаг дæ? Æз дæ фæдзæхст, ма мæ фесаф!

Уæд æм сылгоймаджы хъæлæс сдзырдта:

– Æз зæд дæр нæ дæн, æмæ дуаг дæр. Æрмæст мæ тæрсгæ ма фæкæн, æмæ дын мæхи фенын кæндзынæн. Айфыццаг доны уылæнтæй цы лæппуйы фервæзын кодтай, уый ме 'фсымæр уыдис. Мах та хæйрæджытæ стæм. Уæдæй фæстæмæ кæмдæриддæр вæййыс, уым дын не 'ххуысы хай бакæнæм, фæлæ йæ ды нæ бамбарыс. Кæд нæ фæтæрсдзынæ, уæд дæм мæхи равдисон?

Сандыр исдугмæ æдзæмæй лæууыди, стæй афтæ:

– Нæ фæтæрсдзынæн, равдис-ма дæхи.

Уайтагъд йæ разы февзæрд диссаджы рæсугъд чызг æмæ дзуры Сандырмæ:

– Кæд мæ дæхицæн æмбалæн акæнай, уæд мæ æрмæстдæр ацы хуызы уындзынæ, стæй дæ цард дæр хуыздæрæй-хуыздæрмæ цæудзæн. Æрмæст æй макæмæн зæгъ.

Сандыр сразы ис æмæ йæ йемæ акодта. Уæдæй фæстæмæ æрмæст Сандыр нæ, фæлæ æнæхъæн хъæуæн дæр сæ цард размæ цæуын райдыдта.

Афтæ бирæ азтæ рацыди, æмæ ус-хæйрæг амардис.

Æхсæвы адæм хъуыстой, бирæ адæм хъарæггæнгæ, кæугæйæ Сандырты хæдзармæ куыд цыдысты, уый, фæлæ сæ уынгæ ничи кодта.

Уæд адæм базыдтой, Сандыры ус хæйрæг кæй уыди, мæрддзыгой та – хæйрæджытæ.

Зæххыл цыфæнды сусæгдзинадæн дæр бамбæхсæн нæй, искуы æнæмæнг рабæрæг уыдзæн. Афтæ Хуыцауæй конд у.

Радзырдта йæ Абайты Ленæ, 77-аздзыд.
Ныффыста йæ Дзуццаты Хасан, Дзæуджыхъæу, 2008 аз

ХÆЙРÆДЖЫ АРФÆ МУРАДИЙÆН

Хъудыкоймаг лæппу Боцынты Муради арæх цыди балцы. Сæрæн, ныфсхаст лæппу, æмгæрттæн – уарзон. Цымыдис лæппуйы тынг фæндыд, æндæр бæстæты куыд цæрынц, уый базонын. Уырысы бæстæмæ дæр арæх цыдис, уыдис ын дзы зонгæтæ. Базыдта сын се 'взаг, гыццылтæ зыдта чиныджы кæсын дæр.

Чызджыты зæрдæмæ куыд нæ цыдаид ахæм лæппу! Баминæвар кодта сæ хъæуккаг чызг Замирæтмæ, æмæ уый дæр «нагъ» нæ загъта. Чындзæхсæвы бон снысан кодтой. Муради йе 'мбæлттæм фæдзырдта:

– Цомут-ма, Гуырдзыйы сахармæ абалц кæнæм, хъæздыг æй хонынц. Кæд дзы Замирæтæн дæр зæлдаг дзаумæттæ балхæнин.

– Æмæ цæуылнæ цæуæм? – загъта йæ хуыздæр æмбал, Замирæтæн къухылхæцæг кæй скодтой, уый, фидар зондыл хæцæг Гагуыдз.

Лæппутæ сæ бæхтыл абадтысты, сæ бинонтæн хæрзбон загътой æмæ хъæлдзæгæй араст сты. Дзæвгар куы ауадысты, уæд Гагуыдз йе 'мбæлттæм дзуры:

– Цæй, æмæ нæ фæндаг ацыбыр кæнæм.

– Уый та куыд? – бафарста Муради.

– Чи заргæ кæнæд, чи аргъау радзурæд, чи таурæгъ кæнæ та исты цымыдисаг хабар ракæнæд.

Лæппутæ, цыма дзырд бакодтой, хæйрæджыты кой райдыдтой.

– Ныр æдылы ныхæстæ цы кæнут, цавæр хæйрæджытæ ис? – загъта Муради. – Æз сыл æууæндгæ дæр нæ кæнын, тæрсгæ дæр сæ нæ кæнын.

Афтæ, хъæлдзæг ныхæстæ кæнгæйæ, дзæбæхæй бахæццæ сты Гуырдзыйы стыр сахармæ. Зонгæ сын дзы разынди æмæ сæ суазæг кодта. Фæзылдысты сахарыл, федтой йын йæ цæрæнтæ, балхæдтой, цы сæ хъуыди, уыдон. Сæ хордзентæ се 'дзæгтæй сæ бæхтыл бабастой æмæ хъæлдзæгзæрдæйæ фæстæмæ раздæхтысты. Йæ рæзты стыр цæугæдон размæ кæм бырста, ахæм хъæумæ æрбахæццæ сты. Сæ зонгæйы кæрты сæ бæхтæ абастой, сæхædæг доны был кæрдæгыл сæхи æруагътой, нæ фæллад суадзæм, зæгъгæ.

– Кæсут-ма, уæртæ доны фаллаг фарс цы стыр куывд ис. Дæр-

гъæй-дæргъмæ стъолтыл бирæ хæринаг, бирæ адæм, – сдзырдта Гагуыдз.

– Æмæ мах куы ницы уынæм, – загътой дисгæнгæйæ лæппутæ.

– Ау, куыд нæ сæ уынут? Аджы бын арт цыренæй куыд судзы, уый дæр нæ уынут?

– Уæдæмæ та хæйрæджытæ дæ цæстытыл уайынц, æнæрай сæ фæкæнай.

Уыцы дзырдтимæ чидæр Мурадийы хъусы бадзырдта: «Ныр дæ бауырндзæн». Стæй йын йæ цонгыл фæхæцыд æмæ йæ ивылд æрра доны уылæнтæм фехста.

Муради ленк кæнын нæ зыдта æмæ доны бын фæци. Хъуамæ йæ дон аластаид. Гагуыдз донмæ йæхи фехста, уылæнтимæ хъуырдухæн кæнгæйæ йæ тыххæй рацахста. Уæдмæ сæм се ‘мбæлттæ дæр фæцарæхстысты æххуысмæ, æмæ фервæзтысты.

Уæдæй фæстæмæ Муради хæйрæджыты кой нал скодта, донмæ та хæстæг дæр нал цыди.

Радзырдта æмæ йæ ныффыста Скъиаты Зоя, 68-аздзыд, Дзæуджыхъæу, 2009 аз

ЗНАГÆН БАСÆТТÆН ИС, НАЛАТ УСÆН – НÆЙ!

Уырыз ус ракуырдта. Фыццаг бонты йæхи уæздан, сабыр дардта. Фæзындис ын дыууæ сывæллоны. Стæй йæ цыма фæлдахгæ акодтой, афтæ фæци. Хистæрты ницæмæуал дардта, фæстæмæ къæпп-къæпп кодта. Бинонты ныппырх кодта. Сыхаг, хæстæг сæм нал цыдис. Æрмæст йæхи цы фæндыд, уый кодта. Уырыз æм фæлмæнæй дзырдта, хыл дæр æм кодта, йæ къух дæр-иу æм систа. Фæлæ цъаммар, гуымиры сылгоймаг къæрттæй цъула не ‘ппæрста.

Лæг куы нал фæрæзта, уæд æй фесафыны фæнд скодта. Ацыд хъæдмæ, скъахта арф уæрм æмæ йын йæ сæр къалиутæ, сыфтæртæ стæй кæрдæджытæй сæхгæдта. Йæхæдæг сын сæ уæлæ сырхварс фæткъуытæ бакалдта. Цалдæр фæткъуыйы сæхимæ æрхаста. Йæ ус æй фæрсы, кæм дын уыдысты адон, зæгъгæ. Хъæды, дам, иу бæласыл зайынц. Ус ыл фæхъæр кодта:

– Æнæсæр, ницæйаг, бирæ дзы цæуылнæ æрхастай?

– Ацу, æмæ дзы дæхæдæг æрхæсс, – загъта Уырыз, – æз дын фæндаг бацамондзынæн.

Акодта йæ хъæдмæ, æмæ ус уæрмы ныххаудта. Лæг æй уым ныууагъта æмæ сæхимæ æрцыд. Иу къуыри сæ хæдзарæй нæ хъæр, нæ загъд, нæ æлгъитын нал райхъуыст! Къуырийы фæстæ лæг ацыд, ус цы баци, уый базонон, зæгъгæ. Куы бахæццæ, уæд хъусы, æмæ уæрмæй чидæр хъæр кæны: «Фервæзын мæ кæнут, баххуыс мын кæнут». Кæсы, æмæ дæлæ йæ ус иу хæйрæджы скъуыдтæ кæны, нæмы йæ!

Хæйрæг дзуры Уырызмæ:

– Фервæзын мæ кæн ацы сылгоймагæй, æмæ дын хорздзинад ракæндзынæн, æрмæст иу хатт. Дыккаг хатт мæ ма ракурай! Уæд та – фыдбылыз.

Фæтæригъæд ын кодта, æмæ йæ сласта. Загъта, кæд, мыййаг, ус фæзонддджындæр ис. Фæлæ уый уæрмæй ахæм дзых байгом кодта, æмæ та йæ уым ныууагъта, ноджыдæр ма ахъуыды кæн, зæгъгæ, кæд дæм фæсмон æрцæуид.

Хæйрæг лæгæн раарфæ кодта:

– Дæ цард куыд уыди, афтæ æнæмаст суæд.

Радта йын мæнæуы гагатæ:

– Адон байтау, æмæ дын диссаджы мæнæу æрзайдзæн. Æрмæст дæ тыллæгæй æрдæг мæнæн ратдзынæ.

Бирæ рæстæг рацыд. Уырыз та хъæдмæ ацыд йæ бинойнаджы бæрæг кæнынмæ. Фæлæ уæрмы усæн йæ фæд дæр нал разынд. Цин кæнгæ сæхимæ æрцыдис. Уæдмæ мæнæу сцæттæ, æмæ хæйрæг æрбацыд йæ хаймæ. Уырыз мæнæуæй адих кодта æмæ загъта:

– Ныртæккæ нæ усы дæр ардæм хъæуы!

Хæйрæг, уый айхъусгæйæ, уайтагъд фæцыдæр!

Уырызæн мæнæу йæхицæн баззад. Алы аз дæр дзы мыггаг уагъта, æмæ-иу диссаджы фæллой æрхаста. Хæйрæг дæр æм нал фæзынд.

Налат сылгоймагæн басæттæн нæй!

Радзырдта йæ Дзуццаты-Козырты Залихан, 86-аздзыд.
Ныффыста йæ Скъиаты Зоя, Зилгæ, 1978 аз

ДИССАДЖЫ ФЫН

Ацы хабар иу-фынддæс азы размæ æрцыд. Карз нозт æмæ, дам, наркотиктæ хæйрæджытæ æрхъуыды кодтой, цæмæй адæм æрра кæной, хъусой уыдонмæ æмæ сæфтмæ цæуой. Æмæ уый æцæгдæр афтæ у. Фæлæ, кæд хæйрæг цыфæнды тыхджын у, уæддæр Хуыцау уымæй тыхджындæр у. Æмæ дзы сыгъдæгзæрдæйæ æххуыс чи бацагуры, уымæн æнæмæнг баххуыс кæны.

Мæ хæлар сылгоймаг Ритæйæн сæнтыст диссаджы дзæбæх лæппу Темыр, зæгъгæ. Кафаг, алы куыстмæ арæхсаг. Йæ мады зæрдæ дзы рухс уыди.

Иурæстæджы Темыр фыдхуыз кæнын райдыдта, йæ рæсугъд цæсгом тымбыл къухы йас йеддæмæ нал уыд. Хæдзармæ дæр арæх афоныл нал цыдис.

Мад мæты бацыдис.

– Цы кæныс, мæ хъæбул? – бафарста йæ лæппуйы.

Уый скуыдта æмæ афтæ:

– Куыд нæ йæ æмбарыс, мамæ, æз рæдыд фæндагыл ацыдтæн. Иубон мæ зонгæ лæппутимæ тигъыл амбæлдтæн. Иу дзы афтæ: «Иу хатт судзин сараз, æмæ куыд хорз у, уый фендзынæ». Æз нæ куымдтон, фæлæ мын чидæр мæ хъусы бадзырдта: «Ма тæрс, иу хаттæй йыл нæ сахуыр уыдзынæ. Скæн, скæн!» – нал мæ уагъта. Æз дæр скодтон, æмæ йæ мæ бон нал у ныууадзын. Баххуыс мын кæн, мамæ. Ссар дохтыр, æз алцæуыл дæр разы дæн.

Мады зæрдæ куыд нæ аскъуыди, ахæм æвирхъау хабар куы базыдта, уæд. Райдыдтой хос агурын. Рынчындоны йæ цалдæр хатты схуыссын кодтой, адæмон хостæ йын кодтой, фæлæ ницы. Йе 'мбæлттæ дæр æй иу ран нæ уагътой, æмæ та-иу судзин скодта.

Иубон мад загъта:

– Цом-ма аргъуанмæ, Хуыцаумæ скувæм, кæд дын баххуыс кæнид.

Ацыдысты, цырæгътæ ссыгътой, фæкуывтой. Дыккаг бон Темыр райсомæй йæ мадмæ дзуры:

Диссаджы фын федтон, мамæ.

– А-ма, цы федтай?

– Дысон мæм мæ фыны Чырысти æрбацыд урс дарæсы. Афтæ

рæсугъд уыди, æмæ мæнмæ дзырдтæ фаг нæй уый радзурынæн. Бæстæ иуулдæр ныррухс и. Сдзырдта мæм: «Темыр, иу къахдзæф мæ размæ ракæн, æмæ дæм æз та дыууæ къахдзæфы акæндзынæн!» Ныр мæм тых, ныфс фæзынди, кæй сдзæбæх уыдзынæн.

Уыцы бонæй фæстæмæ Темыр йæхиуыл фæхæцыд, райста йæ раздæры хуыз. Йæ мадимæ æдзухдæр арфæ кæнынц Чырыстийæн.

Афтæ Хуыцау фæуæлахиз йæхи конд хæйрæгыл.

Радзырдта æмæ йæ ныффыста Скъиаты Зоя, 68-аздзыд,
Дзæуджыхъæу, 2009 аз

ДЫУУÆ АМОНДЫ

Таурæгъ

Уыди тынг хъæздыг лæг æмæ загъта, куы ацæуин хæтæнты æмæ быдырты, куы бабæрæг кæнин, цымæ ма ме 'мсæр адæм искуы и. Бæхыл саргъ сæвæрдта æмæ абалц кодта. Цæуынтæ байдыдта, цæуынтæ байдыдта, æмæ йыл æрталынг и. Кæсы, æмæ быдыры кæронæй рухс цæуы, æмæ йæм йæхи сарæзта. Уым уыди иунæг ус – уымæн дæр йæ лæг хæтæны уыди. Ус та æвгъæды бадти. Лæг фефсæрмы, йæ бæх бабаста, йæхæдæг цармæ схызти. Уым лæууы, æмæ зæдтæ ноггуырдæн дæттынц амонд. Сæ иу дзуры:

– Мæнæн уал бар раттут!

Уыдон ын афтæ:

– Дæ хорзæхæй!

Уæд уый дзуры:

– Уæдæ нæм уæлæ царæй чи хъусы, гъе уый амонд ацы лæппуйы фæуæд!

Лæг уый куы бамбæрста, уæд ыл хуыссæг нал хæцыд. Райсом раджы фестад æмæ йæ хæдзармæ, уыцы мæстæй судзгæйæ, ацыд.

Уый фæстæ ма сæмбæлд уыцы хæдзары.

Лæппу хъазынхъом куы фæци, уæд ыл бæрæггæнæнтæ скодта. Лæппу рæзыди. Йæ ускурын афон куы 'рцыди, уæд йæ амонд уыд уыцы лæджы чызг.

Лæппу бæхыл саргъ сæвæрдта æмæ чызгмæ усгур рацæуы. Ныр æй лæппу цæмæй зыдта, уыцы лæг йæ амарыныл кæй архайы, уый. Чызджы фыд дæр та рацæуы, цæмæй уыцы лæппу йæ къухы бафта марынмæ. Сæмбæлдысты лæджы хъæумæ хæстæг. Уым ын марæн нæ уыди. Лæппу ницы зоны æмæ йын салам радта. Лæг æй фæрсы:

– Кæдæм цæуыс?

Лæппу бацамыдта уыцы лæгæн йæхи хæдзар. Лæгæн та ма уыцы чызгæй уæлдай уыди дыууæ лæппуйы. Йæ фырттæм гæххæтт афыста: «Ацы лæппу куыддæр бацæуа, афтæ йын йæ сæр акъуырут, кауы михыл æй æркæнут, йæхи та йын хуырты бын бакæнут!»

Куы бахæстæг и лæппу, уæд, цы чызгмæ цыди, уый та донмæ рацыди. Кæрæдзиуыл фембæлдысты æмæ кæрæдзимæ бахудтысты. Чызг зонынджын уыди. Лæппуйы фæрсы, кæдæм цæуыс, зæгъгæ.

Лæппу йын загъта. Уæд ын чызг бамбарын кодта, уыдон мах стæм, зæгъгæ. Чызг базыдта, уый йæ мойаг кæй у, уый.

Лæппу йæм гæххæтт радта, æмæ йæ чызг айхæлдта. Куы йæ бакаст, уæд æй аскъуыдтæ кодта. Йæхæдæг та, цыма йæ йæ фыд фыссы, афтæ лæппутæм афыста: «Ацы лæппу куыддæр бахæццæ уа, афтæ, мæнмæ ма фæкæсут, фæлæ йын уæ хойы раттут æмæ чындзæхсæв скæнут!»

Æфсымæртæ ныхъхъæр кодтой хъæуыл, нæ хойы моймæ дæттæм, зæгъгæ. Кусæрттæ акодтой æмæ чындзæхсæв скодтой. Фыды æрцыдмæ чызг æмæ лæппу иумæ цæрын райдыдтой.

Фыд æрбацыд æмæ сæ фæрсы:

– Гъы, куыд бакодтат?

Уыдон ын загътой:

– Куыд загътай, афтæ. Чындзæхсæв скодтам, æмæ уæртæ ныртæккæ дæр нæ хо æмæ нæ сиахс уаты бадынц.

Уæд фыд хъуыды кæны: «Цы хин ын саразон, цæмæй йæ амарон». Йæхи рынчын скодта æмæ йæ лæппутæм дзуры:

– Ацæут дзæбæхгæнæн суадонмæ. Ахсæв уым сбадут. Чифæнды дæр уæм бацæуа, амарут æй æмæ йæ хуырты бын ныккæнут.

Лæппутæ сæ хъыримæгтæ сифтыгътой, ацыдысты, сæхицæн бынæттæ æркодтой æмæ æнхъæлмæ кæсынц. Уый фæстæ фыд йæ сиахсмæ фæсидти æмæ йын афтæ:

– Гъæйтт, мæ сиахс, мæлын! Ахсæв дзæбæхгæнæн суадонæй дон куынæ 'рхæссай, уæд мын фервæзæн нал и.

Лæппу уымæй куы рацыди, уæд æй йæ ус фæрсы.

– Цы дæ кодта мæ фыд?

– Рынчын у æмæ мæ 'рвиты дзæбæхгæнæн суадонмæ донмæ.

– Ацу æмæ уæлæ уаты схуысс.

Лæппу уаты схуыссыд. Æфсымæртæ æхсæв-бонмæ суадоны раз хъыримæгтæ æргъæвдæй фæбадтысты. Фыд та фенхъæлмæ каст, ныр мæм æрбадзурдзысты, амардтам æй, зæгъгæ. Æрæгмæ куы цыдысты, уæд лæг сыстад æмæ йæхæдæг араст суадоны былмæ, уæдæ сæ бабæрæг кæнон, афонмæ йæ хуырты бын ныккодтой, зæгъгæ. Куы бахæстæг и, уæд æй лæппутæ ныггæрах кодтой, æмæ лæг фæуæлгоммæ.

Æрбацыдысты, лæгыл схæцыдысты æмæ, сæ фыды куы базыдтой, уæд лæппутæ кæрæдзимæ фесты æмæ сæ кæрæдзи амардтой.

Райсомæй хабар хæдзармæ куы æрбайхъуыст, уæд мадæн йæ зæрдæ аскъуыд.

Афтæмæй хъæздыг лæджы мулк баззади йæ чызг æмæ сиахсæн. Æмæ дзы уыдон амондимæ цæргæ баззадысты.

Радзырдта йæ Кучиты Тимофейы фырт Никъала.
Ныффыста йæ Цагъаты Анастасия, Тиб , 24 июль, 1960 аз.
ЦИГСИИ-йы архив

ГУЫРДЗИАГ КЪÆРНЫХ ÆМÆ ИРОН ХУЫСНÆГ

Таурæгъ

Иуахæмы гуырдзиаг уазæгуаты æрцыди йæ ирон æрдхордмæ. Рагæй нал федтой кæрæдзи. Сæ цинтæн, сæ мондæгтæн кæрон нал уыди. Куы ‘рсабыр сты, уæд ирон æрдхорд фæрсы гуырдзиаджы:

– Хуры уынды хуызæн мын – дæ уынд, фæлæ кæд исты хъуыддаджы тыххæй, мыййаг, æрцыдтæ.

– Нæ рæдийыс, – загъта гуырдзиаг æрдхорд, – ныронг рæстæй фæцардтæн, мæхи фæллойæ дарддæр фысы комæй хал дæр никуы раластон. Ныр мæ зæрдæ райста давын, уæнгæл мын фестад кусын. Сахуыр мæ кæн къæрных кæнын: давынæй æндæр мæ зæрдæ ницыуал зæгъы.

– Æндæр хорз хъуыддæгтæ зын сты, фæлæ давын сахуыр кæндзыстæм.

Цæйбæрц рацыдаид, чи йæ зоны, фæлæ иубон ацыдысты хæтынмæ. Кæсынц, æмæ хъæддзау дыууæ галыл суг æрбаласы, сæ уæлæ бадгæ æмæ æхситтæй заргæ.

Гуырдзиаг дзуры:

– Уæртæ нæ уыцы дыууæ галы куы уаиккой.

– Дæ хуыздæрау фæуай, кæд дзæгъæлы цы дзурыс! Сугты сæр бады нæртон саглæг, уыцы цыдæй цæуынц йæ дыууæ галы; хъæддзау уыдонмæ кæсын, уыдон тæрынæй æндæр ницы кусы, – уæд уыдон къухы куыд бафтой? Хæйрæг куы фестай, уæддæр сын ницы амал æрцæудзæн.

– Фенд зоны, – загъта гуырдзиаг хуыснæг æмæ фæндаджы разæй

фæци, йæ иу дзабыр фæндагмæ баппæрста, йæхæдæг фæсвæндæгты йæ цыд кæны; æмæ та иудзæвгар рауад, афтæ та иннæ дзабыр дæр фæндаджы астæумæ фехста.

Хъæддзау, гъæйгæнгæ, уæрдоны сæрæй хъахъхъæны йæ развæндаг.

Уалынмæ æрбахæццæ раззаг дзабырмæ. Лæг дзуры йæхинымæры: «Иу дзабыр уæрдоны сæрæй ахизыны аргъ дæр нæу», – æмæ дарддæр йæ цыды кой кæны.

Дыккаг дзабырмæ куы ’рбахæццæ, уæд «гъо, гъо, къобортæ!», зæгъгæ, галтæ æрурæдта, уæрдонæй æрхызт, дзабыр фелвæста æмæ иннæмæ фæцæуы.

Гуырдзиаг къæрных галтæ феуæгъд кодта уæрдонæй æмæ сæ фæсвæндаг амбæхста.

Лæг дыууæ дзабыры систа æмæ уыдонимæ æнæ суг, æнæ галтæ сæ хæдзармæ æрфардæг.

Фæдис кодта ирон хуыснæг гуырдзиаг къæрныхыл æмæ загъта:

– Мæ хæлар, дæ арæхст куыд у, уымæ гæсгæ дæ хуыснæгыл бирæ ахуыр кæнын нæ бахъæудзæн.

Бадынц æмæ та фæлгæсынц сæ рындзæй. Уæд та дын дæлæ хъæдгæрæтты иу лæг фæндагыл сæгъ фæласы, синаг йæ хъуырыл, афтæмæй, сæгъы фæстæ згъоры йæ сæнык.

Æмæ та гуырдзиаг къæрных дзуры ирон хуыснæгмæ.

– Дæлæ мын уыцы лæджы сæгъ æмæ сæнык æнæ радавгæ нæй.

– Уый та куыд уыдзæни? – загъта ирон, – бæндæн – сæгъы ‘фцæгыл, бæндæныл лæг хæцы йæ къухтæй.

– Фендзыстæм, – загъта гуырдзиаг, – æмæ та фæауон, лæджы разæй пыхсыты фæци, æрбадти рындзыл æмæ кæсы лæгмæ. Бирæ нæ фæбадт, уайтагъд лæг æд сæгъ æрбахæццæ йæ размæ.

Гуырдзиаг пыхсы къалиутæ сæныкмæ бадардта фæсвæдæй. Сæнык уыдонмæ куыд фездæхт, афтæ, дæ фыдгулы базайраг – уыйау, гуырдзиаг рацахста сæныччы, кæрдæджы гуцъула йын йæ дзыхы атъыста, цæмæй ма уаса, йæ къæхтæ йын мæцкъорæй æрбаста æмæ йæ пыхсыты баппæрста. Уыйадыл та фезгъоры пыхс-пыхс размæ фæндаджы былтыл.

Лæг иудзæвгар куы рауад, уæд сæгъ бауасыд йæ сæныкмæ. Лæг фæстæмæ фæкаст, æмæ сæнык – нал. Лæдзæг фæндагыл

ӕрсагъта, сӕгъы йыл абаста, йӕхӕдӕг «цы дӕлдзӕх та фӕци», зӕгъгӕ, фезгъоры фӕстӕмӕ.

Гуырдзиаг къӕрных ӕндӕр цы хъахъхъӕдта! Сӕгъмӕ фӕлӕбурдта ӕмӕ йӕ пыхсы арфгомау амбӕхста.

Лӕг сӕныкк дӕр нал ссардта, сӕгъӕй дӕр ӕнӕ хай фӕци.

– Абонӕн уал нын ӕгъгъӕд фӕуӕд, – загъта гуырдзиаг.

– Дӕ арӕхстӕн ницы у, мӕ хӕлар, – загъта ирон, – хъуыддаг ӕнӕкъуылымпыйӕ афтӕ куы цӕуа, уӕд истӕмӕйты нӕхи дардзыстӕм, стӕй дӕ мӕн ахуыр кӕнын дӕр нал бахъӕудзӕн.

Ирон хуыснӕг царди ӕлдары хъӕуы, хъӕуы астӕуты цыди дон, донил иу ран – хид. Ӕлдар уыди тынг хъӕздыг. Йӕ дыууӕ мӕсыгӕй иуы – сызгъӕрин кӕри, аннӕйы – ‘взист. Дыууӕ хӕлары зыдтой уыцы хабар, фӕлӕ сын бӕлвырдӕй бӕрӕг нӕ уыди, кӕцы мӕсыджы ис сызгъӕрин кӕри.

Иубон куы уыд, уӕд та гуырдзиаг дзуры иронмӕ:

– Мӕ хӕлар, ӕлдары сызгъӕринӕй фӕфос кӕнӕм.

– Фӕлтау дӕ куынӕ ссыдаид ахӕм ныхас: сырӕзӕн цы хъуыддагӕн нӕ уа, уый кой кӕнын дӕр не ‘мбӕлы лӕджы хуызӕн лӕгӕн.

– Ӕмӕ уӕд цӕуылнӕ хъуамӕ сырӕза хъуыддаг, бафӕрсон дӕ?

– Иуӕй, ӕлдары мӕсгуытӕм маргъ дӕр нӕ батӕхдзӕн, иннӕмӕй, бӕрӕг нӕу, сызгъӕрин кӕри кӕцы мӕсыджы ис.

– Уыдӕттӕ уал фӕуадз, фӕлӕ мӕм ӕнувыдӕй ӕрбайхъус. Цом ӕмӕ доны дыууӕ фарсы нӕхи фӕкӕнӕм; хидырдӕм нӕхи сараздзыстӕм ӕмӕ цӕугӕ-цӕуын кӕрӕдзимӕ ӕртхъирӕн кӕн- дзыстӕм, алывыдтӕ дзурдзыстӕм, быцӕу кӕндзыстӕм. Хидыл куы баиу уӕм, уӕд нӕ кӕрӕдзимӕ фӕлӕбурдзыстӕм ӕмӕ, нӕмыс ма – нал, зӕгъгӕ, кӕрӕдзи фӕрстӕ ахъаззаг базгъалдзыстӕм. Адӕм ӕрбафӕдис кӕндзысты иргъӕвынмӕ, фӕрсдзысты нӕ, нӕ хылы сӕр цӕуыл у, уымӕй. Ӕмӕ-иу уӕд ды зӕгъ: «Мӕнӕ ацы гуырдзиаг хӕрӕг афтӕ зӕгъы, ӕлдары сызгъӕрин уӕллаг мӕсыджы ис, ӕз та йын афтӕ зӕгъын, ӕмӕ дӕллаг мӕсыджы ис». Афтӕмӕй рабӕрӕг уыдзӕн сызгъӕрины ӕвӕрӕн. Утӕппӕт адӕмӕй искӕмӕн ӕнӕ зонгӕ нӕ уыдзӕн сызгъӕрин ӕвӕрӕн.

Гуырдзиаг куыд загъта, афтӕ бакодтой. Иу – донӕн йӕ иуӕрдыгӕй, аннӕ – иннӕрдыгӕй ӕртхъирӕнтӕгӕнгӕ хидыл баиу сты ӕмӕ кӕрӕдзиуыл ралӕууыдысты. Хидыл цӕуджытӕ сыл ӕрӕмбырд сты ӕмӕ сӕ иргъӕвынц, уайдзӕфтӕ сын кӕнынц.

– Ӕмæ куыннæ! Хæрæг дæр æм мæстæй тъæпп ахаудзæн ацы гуырдзиаг хæрæгмæ! Ӕз ын афтæ зæгъын, æлдары сызгъæрин уæлæ мæсыджы ис, уый та мын афтæ, нæ, дæлæ мæсыджы ис.

– Искæй фос кæм сты, уый базоныны тыххæй уын кæрæдзи афтæ бафхæрын не ‘мбæлди, хæлæрттæ, – загътой сын иргъæвджытæ, стæй сын бацамыдтой, кæцы мæсыджы ис æвæрд æлдары сызгъæрин кæри.

Ай-уый нал фæкодтой, фæлæ дыууæ хæлары, цы агуырдтой, уый куы ссардтой, уæд сæ хæдзары цингæнгæ балæууыдысты. Хъæугæрон уыди тар пыхсытæ, ауон рæттæ. Дыууæ хæлары уырдыгæй зæххы бынты къахыныл ныллæууыдысты. Мæсыджы бынмæ куы бакъахтой, уæд дзы æхсæвыгон рахастой, цæйбæрц фæрæзта иу læг хæссын, уый бæрц.

Ӕлдар – фосуарзаг лæг, зыд лæг – алы бон дæр бæрæг кодта йæ хæзнатæ се ’ппæт дæр. Иурайсом æм афтæ фæкасти, цыма сызгъæрин кæри фефсæрста. Ӕрбасидти хистæр адæммæ æмæ сæ фæрсы:

– Цымæ, сызгъæрин кæри ‘фсæра?

– Ӕфсæрдзæн, – загътой хистæртæ, – уый тыххæй æмæ тынг уæззау у сызгъæрин.

Къулбадæг усмæ дæр барвыста фæрсæг.

Къулбадæг ус загъта:

– Ӕфсæргæ нæ ныккодта, фæлæ æлдары сызгъæринæй давгæ ачынди. Ӕнæдон сасм ауадз мæсыджы, æмæ уæд сбæрæг уыдзæн мæ дзырдты æцæгдзинад.

Ӕлдар афтæ бакодта: æнæдон сасм ауагъта, сызгъæрин кæри кæм уыди, уыцы ран.

Рацыдысты дыууæ хæлары сызгъæрин хæссынмæ æлдары мæсыгæй. Ирон лæууы бацæуæны æмæ хъахъхъæны, гуырдзиаг бацыди мидæмæ æмæ æнæдон сасмы астæу ныссагъди. Ракæ-бакæ ма кæны, фæлæ, цас фылдæр архайдта, уыйбæрц фылдæр сагъди æнæдон сасмы.

Ӕрæгмæ куы зынди гуырдзиаг мæсыгæй, уæд æм йæ хæлар хæстæгдæр бацыд æмæ йæм дзуры:

– Цы фæдæ? Цæй æрæгмæ зыныс?

– Мæнæ бæргæ дæн, фæлæ мæ азмæлæнтæ мæ бар нал сты, ардыгæй мын аирвæзæн нал ис. Фæлæ Хуыцауы хатыр, дæ мад, дæ

фыды хатыр бакæн æмæ мын мæ сæр ралыг кæн æмæ йæ искуы бафснай.

– Амæлæт уыдзæн, уæддæр уый нæ бакæндзынæн. Мæ хæлар, ме 'рдхордæн æз мæхи къухтæй йæ сæр ракæнон? Хуыцауы зæрдæ мыл фæхуддзæн, мæ зæрдæ дæр æй нæ бакомдзæн.

– Кæуынæй мæ мауал буц кæн, райсоммæ мæ уæлæ куы баззайа, уæд мын цы бакæндзæн æлдар, уый нæ зонын... Хæлар мын нæ уыдзынæ, кæй дын зæгъын, уый куынæ бакæнай, уæд.

Æнæбары, кæугæйæ ралыг кодта ирон йæ хæлары сæр, рахаста йæ æмæхсæвæджы æмæ йæ бафснайдта йæ ныккæнды.

Райсомæй айхъуысти хъæубæстыл: «Æлдары сызгъæрин фæдавта æнæсæр лæг».

Уæд къулбадæг ус загъта æлдарæн:

– Хуыснæгæн уыди сæр, фæлæ йын æй рачынди. Æлдар баздæх æмæ æнæсæр лæджы, авд фæндаджы кæм баиу вæййынц, уырдæм ахæссын кæн, хъахъхъæнджытæ йын скæн. Æмæ сын бафæдзæхс, мардыл хъыггæнæг, тæригъæдгæнæг йæхи чи скæна, уый куыд æрцахсой. Уый дæ зонын хъæуы, æмæ йын йæ сæр чи ахаста, уый йын йæ гуыр дæр нæ ныууадздзæн, зындзæн æм.

Марды скъахтой, авд фæндаджы кæм баиу сты, уым æй æрæвæрдтой æмæ йæ хъахъхъæнынц.

Ирон хуыснæг фехъуыста йæ хæлары хабар. Хæрд, нозт сцæттæ кæнын кодта, хæрæгыл сæ сæвæрдта, нымæты гæбазæй сæ æрæмбæрзта. Хæрæджы къæлæуы ныккæнды бабаста æмæ бафæдзæхста йæ мадæн. «Цыдæриддæр афон дæм нæ фæзына хæрæг, уайтагъд-иу æй ныккæнды афснай йæ къæлæуы раз æмæ йыл дуæрттæ сæхгæн». Уыйадыл хуыснæг араст йæ хæдзарæй.

Æризæр, афтæ, авд фæндаджы цы ран баиу вæййынц, уырдæм бахæццæ.

– Уæ изæр хорз, – дзуры марды хъахъхъæнджытæм.

– Дæ фæндаг раст, – дзуапп ын радтой æнæсæр лæджы хъахъхъæнджытæ.

– Цы ми кæнут ацы ран?

– Мæнæ, æлдары сызгъæрин чи фæдавта, уый хъахъхъæнæм.

– Фыддæртæ дæр ма йын хъæуы уыцы Хуыцауы æлгъыстæн. Нæ йæм кæсут, не 'лдары сызгъæринтæ давгæ сбадт.

– Ӕмæ уæд ды та кæдæм цæуыс?

– Мæнæ маргас хæссын мæрдты тыххæй. Хорз уаид, æмæ рухс куы зæгъиккат мардæн. Ануазут фæйнæ нуазæны, кæдæм æй хæссын, уым дæр уæлдай хъуыддаг нæ уыдзæн.

Цæуылнæ ануæзтаиккой хъахъхъæнджытæ марды рухсаджы тыххæй? Лалымтæй уадзын байдыдта арахъхъ, бæгæны æмæ дæттæ, хатгæ – хъахъхъæнджытæм. Уыдон – нуазгæ æмæ хæргæ.

Уалынмæ сыл баæнафон.

– Ныр цон хæссон мæ маргас.

– Кæдæм ма фæцæуздзынæ айхуызæн мæйдары. Ам лæуу, райсом афæндараст уыдзынæ.

– Тæрсгæ кæнын.

– Ӕмæ уæд цæмæй?

– Мæ хæрæг мын адавдзæн æнæсæр лæг, æмæ ма уæд мæ хæдзар цæмæй фæдардзынæн?

– Ма тæрс, махæй халон стæг дæр нæ фæхæсдзæн. Намæ дын ыл исты куы ’рцæуа, уæд дзы нæ сæр – нæ фиддон.

Ӕхсæвы уым баззад. Йæ нымæты гæбазæй йæхи æрæмбæрзта æмæ уайтагъд йæ хуыр-хуыр ссыд.

Иуафон куы уыди, уæд нымæт феппæрста æмæ рахъахъхъæд-та алырдæм. Ӕнæсæр лæджы хъахъхъæнджытæ нозтвæлладæй мæрдфынæй баисты.

Лæг фæгæпп кодта уæлæмæ, æнæсæр лæджы хæрæгыл авæрдта æмæ хæрæджы æрцæфтæ кодта. Хæрæг базмæлыди æмæ сæ хæ-дзары дуармæ æмæхсæвæджы уасгæ-уасгæ балæууыди. Хуыснæджы мад æм разгъордта æмæ йæ ныккæнды фæмидæгæй кодта.

Марды хъахъхъæнджытæ райсомæй æрыхъал сты. Кæсынц, æмæ мард дæр, хæрæг дæр уым – нал. Хæрæджы хицау хуыссы хуыр-хуы-рæй, нымæт йæ уæлæ, афтæмæй. Зивæг æм кæнынц райхъал кæнынмæ.

Райхъал маргас хæссæг æмæ бардиаг кодта, йæ хæрæг уыцы ран куы нал разынди, уæд.

– Бабын мæ кодтат, царæфтыд фæуæнт уæ хæдзæрттæ. Нæ уын дзырдтон, фыдæбоны æнæсæр лæг мын адавдзæн мæ хæрæг! Цæмæн мæ баурæдтат, куынæ лæууыдтæн?

Лæг нал æмæ нал сабыр кæны. Хъахъхъæнджыты дæр мæт куыд нæ бацыдаид. Дыууæрдæм рауай-бауайыл фесты.

Хуыснæг йæ нымæты гæппæл йæ уæлæ баппæрста æмæ сæ хæдзармæ йæхи айста.

Хъæубæстыл айхъуысти хабар. Адæм дзырдтой:

– Æнæсæр лæг, фыццаг уыди, æмæ æлдары сызгъæринтæ фæдавта, ныр та хæрæг адавта æмæ, цы фæци, уый бæрæг нал ис.

Æлдар æрбасидти къулбадæг усмæ æмæ йын загъта:

– Уæддæр афтæ загътай, æнæсæр лæг, дам, нæ фæдавта мæ сызгъæринтæ. Кæс-ма, ныр та хæрæг дæр адавта.

– Хъæлæкк ницы адавта æнæсæр лæг, фæлæ дын куыд загътон, афтæ ‘рцыди хъуыддаг: йæ сæр ын чи ралыг кодта, йæ гуыр дæр ын уый бафснайдта.

– Æмæ ма йæ цы амалæй ссардæуа?

– Дыууæ теуайы дæм ис. Ахсæв сæ æнафоны раскъæр æмæ, кæй кæрт сфаджыс кæной, уый у дæ къæрных.

Æрæхсæв, афтæ æлдар æнафоны раскъæрдта дыууæ теуайы. Теуатæ уайтагъддæр хуыснæджы кæрты балæууыдысты æмæ дзы сфаджыс кодтой. Лæппу рацыди кæртмæ æмæ куы ‘ркаст теуайы æууæлтæм, уæд тасаг уис фелвæста æмæ сæ райста йæ фыццаг.

Дыууæ теуайы куы иу кæрты, куы иннæ кæрты балæууын кæны, афтæмæй сæ иу къорд уынджы æрзилын кодта. Теуатæ алы кæрты дæр сæ фæд ныууагътой фаджысæй, стæй сыл рахъæр кодта æмæ сæ йæ ныккæнды бакодта.

Куы сбон, уæд æлдар арвыста лæгтæ, цæмæй сбæрæг кæной зылыны. Бацæуынц иу кæртмæ теуаты фæд-фæд æмæ дзы – фаджыс, бацæуынц иннæмæ, уым дæр – афтæ. Уыцы хуызæнæй басгæрстой бирæ кæртытæ, æмæ алы ран дæр – дыууæ теуайы фæд æмæ ног фаджыс.

Æрвыст лæгтæ баздæхтысты фæстæмæ æлдармæ æмæ йын радзырдтой, æлдары дзырд кæй сæххæст кодтой, стæй кæртыты цы разынд.

Смæсты æлдар. Æрбасидти къулбадæг усмæ æмæ йын дзуры:

– Хынджылæггаг мын скодтой мæ сæр. Мæ айразмæйы зиантæ мын æгъгъæд нæ уыдысты, фæлæ ма мæ дыууæ теуайы дæр дæу руаджы кæйдæр хай баисты. Мæ маст мын æнæ райсгæ нæй дæуæй – марын дæ хъæуы.

– Æлдар, æлдар, дæ зæд, дæ фарны стæн! Тагъд ма бакæн. Æз дын никуыдæм алидзинаг дæн ацы бæстæй. Иу ма дын зæгъын: бирæ зиантæ баййæфта дæ сæр, фæлæ мæ уырны, фæстаг хатт ма

бавзар, кæй дын зæгъон, уый. Куы ницы дзы рауайа уымæй дæр, уæд дæ бар нæ дæн, нæ!

– Цы зæгъынмæ ма хъавыс?

– Къæрныхæн нæй æнæ ссаргæ. Баздæх æмæ дæ чызджы арвит, авд фæндаджы кæм баиу вæййынц, уыцы ранмæ. Сæдæ барæджы йын арвит хъахъхъæнджытæн. Дæ чызгмæ ратт болат хæсгард. Æлдар, уыцы митæ дын чи бакодта, уый дын дæ чызгмæ дæр зындзæн авд фæндаджы баиу кæнынмæ. Æмæ бафæдзæхс дæ чызгæн, цæмæй къæрныхæн аивæй йæ зачъе алыг кæна рахизфарсырдыгæй. Дзырд дын дæттын, уæд, кæй агурыс, уымæн нал бауыдзæн йæ бон бамбæхсын.

Сарæзта æлдар йæ иунæг чызджы, болат хæсгард æм радта, хæсгардæй цы бакæнын хъæуы, уый чызгæн бамбарын кодта. Сæдæ барæджы æвзаргæ адæмæй арвыста чызгимæ. Æлдары чызг æмæ сæдæ барæджы æрæнцадысты, авд фæндаджы кæм баиу вæййынц, уыцы ран.

Æризæр, афтæ ахæм тымыгъ скодта, æмæ сæдæ барæджы, цы фæуыдаиккой, уымæн сæ сæрæн хос нал ардтой. Сæфынæй куыд фæтарстысты сæхицæн, афтæ дзы алчидæр йæхи сæры кой бакодта, бафснайдтой сæхи.

Ирон хуыснæг рауагъта йæхи æмæ чызджы уайтагъддæр ссардта.

Цас фæуыдаиккой иумæ, чи зоны, фæлæ къæрных иуцъусдуг авæрдта кæрæдзиуыл йæ цæстытæ. Æлдары чызг болат хæсгард фелвæста æмæ дзы хуыснæджы зачъе рахизæрдыгæй алвыдта.

Нæма æрбабон, афтæ лæппу фехъал æмæ араст йæ хæдзармæ. Цæйбæрц ауадаид, чи зоны, афтæ йæ къухтæ йæ зачъетыл æрхаста.

«Бынтон куы бацарæфтыд дæн ай, – мæ зачъейы æмбис мæ уæлæ куы нæуал ис. Цæй ми мын бакодта, цæй! Фæлæ мыл лæджы ном ма уæд, æз исты фæрæз куынæ скæнон, цæмæй фесæфа мæ фæд».

Фæстæмæ балæууыд æлдары чызгмæ.

– Хæрзæхсæв дын нæ загътон æмæ ма уый тыххæй фездæхтæн, стæй, æнхъæлдæн, тагъд нæма сбон уыдзæн.

Афæстиат та æлдары чызгимæ. Чызг афынæй. Лæппуйы æндæр хуыздæр ницы хъуыди. Болат хæсгард ын йæ нывæрзæнæй фелвæста.

Фынæй адæмыл разылд æмæ сын сæ рахиз æхсæрвæрстæ болат хæсгардæй алвыдта. Уыйадыл æнцад-æнцойæ сæ хæдзармæ бафардæг æд болат хæсгард.

Ӕлдар йæ маст уромын нал фæрæзта.

– Мæ фос дæр давды фесты, мæ сæр дæр æгады бынатмæ æрхауди. Утæппæт адæм мын кæд мæ иунæг чызгæй фæхынджылæг кодтой, уæд æм бæрæг уыдзæн! Сар мын кæны дæ къона, къулбадæг ус! Фыдбылызæй, æгаддзинадæй цы бавзæрстон, уыдон æгасæй дæр – дæу тыххæй. Ды мын уыдтæ, ды!

Ӕмæ басидын кодта къулбадæг усмæ.

– Дæхи ницæмæйуал сраст кæндзынæ – маргæ дæ кæнын.

– Ӕлдар, дæ зæд, дæ фарны стæн! Раст загътай: æз мæхи нал сраст кæндзынæн æмæ раст дæр нал кæнын мæхи. Фæлæ дæ бафæрсон: мæн куы амарай, уæд дын дзы цы пайда æрцæудзæн?

– Мæ маст ссæудзæн.

– Ӕлдар, дæхи фæтæригъæдджын кæндзынæ дзæгъæлы, дæуыл æмбæлы дæ уды кой бакæнын. Фæлтау баздæх æмæ дæ чызджы саккаг кæн, уыйбæрц чи сарæхсти, уыйбæрц лæджыхъæдтæ кæмæ разынди, уымæн. Сиахсæн дын бæззы.

Уæлдай нал загъта æлдар. Дзырд радта, æлдарæн уыцы митæ чи бафæрæзта, уый йæм фæзынæд, æмæ йын ратдзæн йæ чызджы.

Къæрных фæзынди. Ӕлдар чындзæхсæв скодта æмæ йын йæ чызджы радта. Къæрных æрсабыр, йæ сæрмæ нал хæссы давын, æнæгъдау- дзинæдтæ, æмæ ма ныр дæр цæрынц «а æмæ о»-йæ æлдары чызгимæ.

Радзырдта йæ Рæмонты Гаспо.
Ныффыста йæ Ӕмбалты Цоцко. Ӕрыдон, 9 ноябрь, 1922 аз.
«Ирон адæмы таурæгътæ, кадджытæ æмæ аргъæуттæ», æртыккаг хай, Дзæуджыхъæу, 1928, 83–90 ф.

ЛӔППУ ӔМӔ ЧЫЗГ КУЫД БАФИДЫДТОЙ

Таурæгъ

Иу æлдар фæцæйцыди йæ хæдзармæ. Фæндагыл æлдарыл амбæлд иу лæппулæг. Салам радтой кæрæдзийæн. Лæппу-барæг йæ бæх æрцавта æмæ æлдары галиу фарс цæуын байдыдта. Цæуынц, цæуынц æмæ æлдар лæппулæгæн «аздæх» нæ зæгъы. Цæйбæрц

фæцыдаиккой, фæлæ уалынмæ фæндаг фесæфт пыхсбыны. Лæппу дзуры хистæрмæ:

– Фарн дæм дзурæд, мæ бæрзонд хистæр, фæлæ мын бар куы раттис, уæд дын æз фæндаг акæнин.

Ницы сдзырдта æлдар, йæ цыды кой кæны, къудзитыл, бындзæфхæдтыл къуырттытæгæнгæ сæхицæн фæндаг амалтæй арынц. Фæндаг куыдфæстæмæ зындæрæй-зындæр кæны, афтæмæйты иу цъыфдзастмæ бахæццæ сты. Лæппу та дзуры хистæрмæ:

– Мæ бæрзонд хистæр, фарн дæм дзурæд, фæлæ мын бар ратт, æмæ æз хид акæнон.

Æлдар йæ бæх æрцæфтæ кодта æмæ цъыфдзасты фæлæгæрды, уæдæ цы уыдаид. Бирæ нæма рацыд, афтæ дзы ныхсын байдыдта.

Лæппу йæ бæх бæласы цонгыл абаста, йе ’ддаг дарæстæ феппæрста æмæ фыццаг цъыфдзастæй раласта лæджы уæлбылмæ. Уый фæстæ та басæррæтт ласта цъыфдзастмæ, бæхæн йæ къæхтæ хæрдмæ фæцарæзта æмæ йæ раласта йе рагъыл.

Фæсалæй басыгъдæджытæ кодта барæджы, бæхы, сбадын æй кодта, æмæ та араст сты.

Цæуынц, цæуынц, æмæ мæнæ дуне адæм мард фæласынц.

Сæ бæхтæй æрхызтысты бæлццæттæ, æрлæууыдысты, мардæн æгъдау радтой. Уæд лæппулæг фæрсы:

– Бахатыр кæнут, фæрсæг сонт у, фæлæ уæ мард хæдзары мард, хъæуы мард æви комы мард у?

Адæмæй иу рахицæн æмæ дзуры:

– Мард у комы мард, æмæ ком уый тыххæй сызмæлыд.

Лæппулæг, ахæм дзуапп куы фехъуыста, уæд марды уæлхъусмæ кæугæ бацыд, йæ сæр ехсæй нæмгæйæ.

Араст сты сæ бæхтыл æмæ иуафон æлдары кæрты дуармæ æрхызтысты. Æлдар уазæджы уазæгдонмæ бакодта, йæхæдæг бацыд йæ хæдзармæ.

Æлдарæн уыди иунæг чызг, фæцинтæ кодта йæ фыдыл, стæй йæ фæрсы:

– Дада, æмæ уæд уазæг та ма чи у?

– Æмæ чи у?!. Фæндагыл мыл амбæлд, мæ галиу фарс цæуæг йæхи акодта; иу хъæдбынмæ куы ‘рхæццæ стæм, уæд мын дзы хъавыди фæндаг кæнынмæ, цыма мæн уыдæттæм æвдæлди...

– Дада цæра, æмæ, кæд уæ фæндаг æвзæр уыди, уæд уый хъавыди пыхсы фæндаг рацагурын, цæмæй æдыхстæй цыдаиккат уæ фæндагыл.

– Нæ цыды кой куыд кодтам, афтæ иу цъыфдзастмæ бахæццæ стæм. Уыцы ран та мын уыцы æрра кæд хъавыди хид ацаразынмæ, цæмæй мæ бæхы сæфтджытæ дæр сыгъдæгæй баззадаиккой...

– Дадайыстæн, уый дын фæндаг агурынмæ хъавыди, æмæ дын æй фæсномыгæй æмбарын кодта. Ды йæ коммæ нæ бакастæ æмæ лæсæны ныссагъдтæ...

– Æмæ йæ уæд ды та цæмæй базыдтай, уым, мыййаг, куынæ уыдтæ?..

– Дада цæра, хъуыддаг афтæ рауад, æмæ дæм уый йæхи фæфистæг кодта æмæ дæ цъыфдзастæй раласта, мæлæтæй дæ фервæзын кодта æд бæх.

– Дарддæр мард фæласынц, уый мæрддзыгойы фæрсы: «Мард хæдзары мард уыди, хъæуы мард æви комы мард?» Ахæм æнæмбаргæ никуы федтон... Æмæ йын адæмæй иу афтæ: «Мард уыди комы мард». А фæстаг дæр уыйбæрц æмбаргæ нæ разынд, æндæра ма комæн та цæй мард и?

– Дада цæра, дæ уазæг афтæ зæгъынмæ хъавыд: æмхуызон не сты лæгтæ: чи дзы хорз у, чи – æвзæр. Дарддæр хæрзтæ дæр æмхуызон хæрзтæ нæ вæййынц; ис ахæмтæ, æмæ йæ хæдзар цудын ницæмæй уадзы, мыды къусчы хуызæн æй дары, архайы йæ тыхмæ, йæ фадатмæ гæсгæ йæхи хæдзарæн, йæ бинонтæн. Æндæр дарддæр дзы ницы æфсæрм ис... Уый у хæдзары лæг, хæдзарæн хорз лæг, хæдзардарæг. Ис æндæр хорз лæг дæр: рох дзы нæу йæ хæдзар уымæй дæр, фæлæ ма уый йæ хæдзарæй дарддæр стыр пайда у æгас хъæуæн дæр, йæ зонд, йе 'фсарм æмæ йе 'хсарæй. Уый у хъæуы лæг, хъæуы хорз лæг, йæ мард та – хъæуы мард. Комы мард та ахæм лæджы мард уыдзæн æмæ æгас комы дзыллæмæ йæ зонд, йæ фæнд кæмæн æххæссы; æгас комы рæсугъд фæндагыл чи арæзы, фыдбылызæй сæ чи хъахъхъæны. Уый у комы лæг, уый у стыр лæг йæ дзыллæйæн...

– Куы базыдта мæ уазæг, ме 'мбал, лæг дзыллæйы, комы лæг кæй уыди, уый, уæд баздæхт æмæ йæ зæнгойы хъусæй ехс сласта æмæ мардмæ йæ сæр хойгæ, æрдиаггæнгæ бацыд. Æрра у, бынтон æрра, æндæр æй цы хъуыддаг ис адæмы мæрдтимæ?

– Дада цæра, æмæ æгас адæм, комы адæм кæмæ хъусой, æгас дзыллæ кæй фæндæй, кæй зондæй самондджындæр уой, уый æцæгæлон мард нæ уыдзæн, нæ, уымæн æмæ уый дзыллæмæ æцæгæлоны цæстæй нæ кæсы, фæлæ алкæуыл дæр у мæт æмæ сагъæсгæнæг, æмæ кæд афтæ у, уæд уыцы лæгæй алкæмæ дæр хъуамæ цæуа хай: йæ цинæй дæр, йæ зианæй дæр... Ныр мын, дада, аккаг скæн, æмæ йын æз æгасцуай зæгъон уазæгдоны, нæ цæхх, нæ кæрдзынæй куыд сахода.

– Кæд дæ уыйбæрц фæнды, уæд, куыд зоныс, афтæ бакæн. Æрмæст та дын зæгъын: йæ зонд йæхимæ кæмæн нæй, уый ахæм адæймаг у.

Æмæ чызг арæвдз кодта алы хæринаг, алы нуазинаг. Йæ фыды кой акодта. Уый фæстæ фынг ахаста уазæгдонмæ. Æрæвæрдта фынг æмæ салам зæгъы уазæгæн. Уазæг сыстад æмæ лæууы.

– Æрбад, дæ хорзæхæй æмæ нæм исты саход.

– Уазæгæн нæй сбадæн, цалынмæ дзырд рацæуа æхсинæй.

– Ис дын бар, æрбад.

Уазæг сбадт. Чызг рауагъта иу нуазæн æмæ йæ радта уазæгмæ. Уазæг бануæзта нуазæн æмæ йæ атылдта уазæгдоны зæххыл. Чызг систа нуазæн, байдзаг æй кодта æмæ та йæ радта лæппулæгмæ.

Уый бануæзта нуазæн æмæ йæ фæнычы баппæрста. Чызг нуазæн систа, ныссæрфта йæ æмæ та дзы рауагъта нозт. Уазæг бануæзта æртыккаг хатт æмæ баздæхт, æмæ нуазæн къонайы дæлтъурыл ныххафт ласта, нуазæн базгъæлæнтæ, йе згъæлæнтæ фæнычы стæлфыдысты.

Чызг нуазæны згъæлæнтæ æрæмбырд кодта, сыгъдæг сæ ныссæрфта йæ кæрдæнæй, иу тигъ дзы аскъуыддзаг кодта, стæй сæ йæ роны арф бафснайдта.

Уазæгæн йæ хæрд йæхи куы фæуа, уæд дуармæ кæсы. Чызг фынг афснайдта, бæхыл саргъ авæрдта. Уазæг сбадт бæхыл æмæ йæ рахиз къухæй фæндаджы ’рдæм ацамыдта. Чызг систа йæ къух æмæ йæ рхаста йæ дадалитыл. Лæппулæг ехс барцыл адаудта, стæй йæ дæс æнгуылдзы равдыста чызгмæ.

Афардæг уазæг, чызг хæдзармæ бацыд. Фыд æм æлхынцъæрфыгæй дзуры:

– Амалтæй ма баурæдтон мæхи нæ уазæгмæ, фæлæ йын ды куыд ныббарстай, уый мæм дис кæсы. Мæ цæсты зул дардтон

уазæгдонмæ. Дæ нуазæн дын иу хатт зæххыл атылдта, аннæ хатт æй фæнычы баппæрста, æртыккаг хатт нын хæрзпырх нылласта нæ нуазæн. Нуазæны састыл афтæ хъыг нæ кæнын – бирæ зиан нæу, фæлæ æфхæрд у мæнæн дæр æмæ дæуæн дæр... Цыбырхъуыр куы уыдаин, уæд уыцы къулбадæгæн, лæг циу, лæджы хæдзар, уый бацамыдтаин! Фæлæ йæ амонд хуыздæр фод. Уазæджы хатыр ын.

– Дадайыстæн, æфхæрынмæ нæ куы хъавыдаид йæ митæй, уæд æй æз дæр æнæ бамбаргæ нæ фæцадаин, æмæ йын уæд дæ чызг дæр, цы æмбæлдаид, уый бакæнын бафæрæзтаид. Фæлæ мын бахатыр кæн, дада, нал дын æй басусæг кæндзынæн, дæ уазæгæй мæн астæу цы ’рцыди, уый.

– Æмæ дзы уанæбæрæджы уæд цытæ æрцыдаид, мæ цæсты зул уæм куы дардтон æз дæр?

– Дада цæра, дæ уазæг афтæ æдылы адæймаг нæ разынд: уый дзырдта фæсномыгæй, æмæ дæ чызг дæр чысыл гæзæмæтæ æнæмбаргæ нæу фæсномыг ныхас. Бар мын кæд уыдзæн, уæд радзурдзынæн, цы зæгъынмæ хъавыди дæ уазæг, æмæ йын цы дзуапп лæвæрдта дæ чызг.

– Цæй-ма, цæй, уæдæ, хъусын дæм.

– Дæ уазæгмæ куы рацыдтæн, куы йæм бакастæн, уæд мæ уазæг уайтагъд бамбæрста, мæ зæрдæмæ кæй бацыд. Фыццаг нуазæн куы атылдта, уæд уый уыди мæ зæрдæйы курдиатæн ахæм дзуапп: «Тулгæ дурыл хъуына нæ хæцы, ома мæгуыр дæн, ницы мæм ис, дзæгъæлдзу дæн». Æз ын нуазæны асæрфтытæй бамбарын кодтон фæстæмæ: «Ницы кæны, ссардзыстæм». Фæныкмæ нуазæн куы батылдта, уæд уымæй та загъта: «Æз чъизи адæймаг дæн, æнæгъдау, æнæфсарм». Æз нуазæн сæрттивын кодтон. Уымæй та йын æз загътон, хорз фæндагыл æй кæй сараздзынæн. Нуазæн дæлтъурыл куы ныппырх ласта, уæд мын уымæй дзырдта: «Нуазæнæн куыд нал ис саразæн, афтæ нал ис мæнæн дæр саразæн». Стыр хæзнайау æз æрæмбырд кодтон нуазæны згъæлæнтæ æмæ сæ бафснайдтон арф мæ роны. Уымæй та йын æз загътон: «Цыдæриддæр нæ уай, æз дæ бавæринаг дæн зынаргъ хæзнайау». Уазæг бæхыл сбадт æмæ мын йæ къухы æвзыстæй амоны: йæ хæдзармæ уыцы сахат цæмæй ацæуон. Æз ын мæ дадалитæм æвнæлдæй загътон, мæ сæрæн худинаг кæй у æнæ ирæд; ирæд та, мæ дадалиты цал æрдуйы ис,

уал истæмæй, ирæд цæмæйты фæфидынц. Уæд уый ехс расæрфта бæхы барцыл, ома дадалитæ нæ, фæлæ бæхы барцы цал æрдуйы ис, уал. Равдыста мæм ноджы йæ дæс æнгуылдзы, ома дæс бонмæ не ‘мгъуыд.

Дæс афæдзы фæзындысты æмгъуыды дæс боны æлдары чызгмæ. Дæсæм бон аивæй айста йæхи фæндагмæ, къухы ауyонæй кæсы, кæд, мыййаг, цæуæг фæзынид. Кæсы, æмæ бæстæ рæгъæуттæй – бæх, гал, хъуг, фысвос рæгъæуттæй – байдзаг æмæ æлдары хæдзармæ сæ ных сарæзтой.

Ныррухс кодта чызг йæ цæсгом, æрбацыд йæ хæдзармæ, дзуры йæ фыдмæ:

– Дада, акæс дуармæ: дæ сиахс дын дæ ирæд – мæ сæры аргъ – æрбатæры, быдыртæ алыхуызон фосæй змæлæг систы.

Радзырдта йæ Хъаныхъуаты Бадджe.
Ныффыста йæ Æмбалты Цоцко, Дзæуджыхъæу, 22 сентябрь, 1926 аз.
«Ирон адæмы таурæгътæ, кадджытæ æмæ аргъæуттæ», цыппæрæм хай, Дзæуджыхъæу, 1930 аз. 63–66 ф.

АХУД ÆМÆ ФЫЛДÆР ФÆЦÆРАЙ ХОРЗ МÆРДДЗЫГОЙ

– Кæдæм цæуыс, Бимбол?

– Мардмæ цæуын, нæ фехъуыстай – уæлæ Хъуыдайнат амарди...

– Æмæ дæлæ Елбыздыхъойы фырт дæр куы амарди, сæрæй.

– Фехъуыстон æй, бæргæ, фæлæ Елбыздыхъомæ ницы æргæвст ис, адæм дæр дзы уыйас нæй.

– Æмæ æниу цы аргæвда Елбыздыхъо, кæд йæ цъæх куыдз?..

– Хъуыдайнатмæ та цы ‘ргæвст ис?

– Цы та цы хоныс: дыууæ стуры, иу фыс, арахъ тынг арæх. Хъæу æгасæй дæр уым сты.

– Фæлæуу мæм, уæдæ, дæ хорзæхæй, мæ кард æмæ мæ лæдзæг радавон.

– Хорз, сабыргай цæудзынæн, раййаф-иу мæ.

Ныффыста йæ Цомайты Хадзырæт, 1926 аз.
«Отрывной календарь». ЦИГСИИ-йы архив

ЙÆ ФЫРТТÆН ФИДИС НЫУУАГЪТА

Раджы Джызæлы уынгты Æлбегаты Кыти фæцæйтардта уæрыччытæ уæймæ. Уый уыди зæрдæвæрæнмæ æвважс. Ныхасы лæгтæ йæ æрурæдтой, æмæ уым йæ уæрыччытæй иукъорд фæуæй. Боциты дуармæ куы ‘рхæццæ, уæд йæ размæ фæци Хъæрæсе æмæ йæ нал уадзы:

– О, Кыти, дæ сæныкк мын ратт æртæ абазийыл.

Уый карз сомытыл схæцыд æмæ йын загъта:

– Хуыцауыстæн – сомырдæг, асламдæр æй ницæй тыххæй ратдзынæн.

Ууыл Кытийы фырттæн абон дæр ма фидис кæнынц, йæ сæныкк æнæ сомырдæг æртæ абазийыл чи нæ лæвæрдта, уый фырттæ, зæгъгæ.

Ныффыста йæ Цомайты Хадзырæт, 1926 аз.
«Отрывной календарь». ЦИГСИИ-йы архив

СÆТТИ ÆМÆ БÆТТИ

– Уæд мын амæлай, Тега, кæд ды расыгæй æрра куыдзы хуызæн нæ вæййыс!

– Уæд мын, Къардо, дæ бинонтыл гуыбынниз ныххæца, кæд ды ноздзжынæй базырджын зæд нæ дæ!.. Æмæ дæуæй æррадæр чи вæййы?! Иргъæвæг дын иргъæвынæн куы ницыуал фæфæразы! Афтæмæй æвронгæй та сæтой къамбецæй хъауджыдæр куы нæ вæййыс?..

– Тега, кæд æз расыгæй хылгæнаг дæн, уæддæр дæуау цъыфты ратул-батул нæ кæнын æмæ мæ сывæллæттæ хынджылæг нæ кæнынц.

Ныффыста йæ Цомайты Хадзырæт, 1926 аз.
«Отрывной календарь». ЦИГСИИ-йы архив

ДÆСНЫ ДОХТЫР

Иу рынчынмæ касти дохтыр. Куы та йæм æрцыди иубон, уæд æй рынчын фæрсы:

– Дохтыр, куы сулæфын, уæд мæ фарсы цыдæр фæлæууы, æмæ дзы мæлынмæ æрцæуын. Цы хос ис уымæн?

– Æмæ уымæй та цы тæрсыс: цæмæй нал улæфай, уый бакæн, æмæ дын – мæ быгъдуан, кæд ма дын срисса, – загъта йын дохтыр.

Ныффыста йæ Цомайты Хадзырæт, 1926 аз.
«Отрывной календарь». ЦИГСИИ-йы архив

СТОНГ ЛÆГ

Иуахæмы Стыр Дыгурæй рацыдис фистæгæй иу зæронд лæг. Уыдис уарын рæстæг, æмæ æвзæр фæндæгтыл тынг бафæлмæцыд. Зæронд лæг тынг сæххормаг ис æмæ ма тыхамæлттæй Æхсæрысæрмæ æрхæццæ. Ам зæронд лæгæн разындис йæ хæстæг, æмæ уырдæм сарæзта йæ ных. Дуар бахоста, æмæ йæм ацæргæ ус ракастис: уый уыд йæ зонгæйы æфсин. Мидæмæ загъта зæронд лæгæн æмæ йæ æрбадын кодта.

Хæдзары æфсин фæндаггоны йæ кастæй уайтагъддæр бамбæрста, стонджы йын кæй у, уый, æмæ йæ афарста:

– Дæ фæндаг – дард фæндаг, æмæ æххормаг уыдзынæ...

– Нæ, бузныг, афтæ æххормаг нæ дæн, знон Стыр Дыгуры ахордтон.

Ныр йæхицæн хæринаджы коймæ йæ комыдæттæ æруадысты, æмæ сæ аныхъуырдта.

Хædзары æфсин фынгыл æрæвæрдта дынджыр къусы дзаг æхсыр æмæ гуыдыны æрдæг кæрдзын, фефсæрмхуыз æмæ загъта:

– Хъаст нæ ма ракæн, æндæр ницæмæй рæвдз стæм, лæг та, дæхæдæг æй уыныс, ам нæй.

Зæронд лæг бузныг загъта, йæхæдæг бавнæлдта хæрынмæ. Иугыццыл куы ахордта, уæд йæ сæры фæзындис хин хъуыды, æмæ йæ кæрдзыныл ауæрдын райдыдта. Æхсыр фæцис уайтагъддæр. Зæронд лæг куы йæ афтид къусмæ ныккæсы, куы та йæ кæрдзыны уæлдаймæ бакæсы, фæстагмæ йæхи нал баурæдта æмæ хъæрæй сдзырдта:

– Мæ кæрдзыны фаг ма мын æхсыр...

Сылгоймаг та уæзданæй æркодта къусы æхсыр, ахæр, ахæр, зæгъгæ.

Ныр та фæндаггон ауæрдын райдыдта йе 'хсырыл, æмæ кæрдзын уайтагъддæр фæцис, йæхи та нал баурæдта æмæ бакой кодта:

– Ме 'хсыры фаг ма мын кæрдзын...

Æфсин та йын радта кæрдзыны 'рдæг, æмæ та зæронд лæг фæстауæрц кæнын байдыдта йæ кæрдзыныл, цæмæй та ног æрцагура æхсыр. Иу цалдæр хатты афтæ куы бакодта уазæг, уæд æфсин йæхи фæтар кодта, февнæлдта æмæ фынгыл æрæвæрдта, къæртайы ма цы æхсыр аззадис, уый, стæй дынджыр æртæ кæрдзыны æмæ йын хъæрæй загъта:

– Хæргæ, мæ хур, хæргæ, кæд нытъттъæпп кæнис!

Ныффыста йæ Хъазыбегты Хъазыбег.
Йæ радзурæг бæрæг нæу. ЦИГСИИ-йы архив

ЦАЙЫ АГУЫВЗÆ

Иуахæмы, дам дын Æрыдонмæ ныццыдысты усгуртæ. Хорз сæ куыд нæ федтаиккой! Цалынмæ минæвæрттæ дзырдтой, уæдмæ сæнафон ис, æмæ сын сыхаг хъæумæ байрæджы. Хистæрты фæндонмæ гæсгæ минæвæрттæн æмæ уыдонимæ та усгурæн дæр уым лæугæ æрцыдис. Усгурæн дæр хъуыдис хæринаг раттын: уый лæууыдис æдде, цалынмæ минæвæрттæ ныхæстæ кодтой æмæ хорз минас кодтой, уæдмæ.

Чызджытæ загътой, уæдæ, нæ сиахс чи уыдзæн, уымæй ахынджылæг кæнæм. Æрбадын æй кодтой фынджы уæлхъус æмæ йын рахастой цай. Цайыл барæй сæкæр нæ ныккодтой. Усгур цай змæнты, æмбары, сæкæр ыл кæй нæй, уый, æмæ уидыг агуывзæйы фæрстыл

хойы. Уæд чызджытæй сæ иу йæхи фæкъæйных кодта æмæ, хъæрæй ныххудгæйæ, дзуры:

– Къукъускæ ссæуы Бехъаны бydырты!

Уæд лæппу бахудтис æмæ зæгъы:

– Уый, æвæдза, йемæ сæкæр æрбаласы.

Ныффыста йæ Хъазыбегты Хъазыбег.
Йæ радзурæг бæрæг нæу. ЦИГСИИ-йы архив

МÆГУЫР ЛÆГ ÆМÆ УС

Цардысты æмæ уыдысты мæгуыр лæг æмæ ус. Иуахæмы дын лæг афтæ зæгъы йæ усæн:

–Гъеныр нæм бæх куы уаид, уæд ыл-иу хъæдæй сугтæ æрдавин.

Ус нал фæлæууыд, æмæ дын уый дæр афтæ куы бакæнид:

– О, о, æз дæр-иу ыл мæ цæгатмæ бауаин æмæ-иу дзы исты æрбадавин.

Лæг къух дард фæхаста æмæ усы уадул ныццавта:

– Кæдæм ма дзы цæуыс ды та фæллад бæхыл?!

Радзырдта йæ Икъоты Клавдия, 68-аздзыд.
Ныффыста йæ Бирæгъты Изæ.
Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты
уырыссаг литературæйы кафедрæйы архив

ИУХАТТ ИУ ЛÆГ ХÆТÆНЫ АЦЫД

Иухатт иу лæг хæтæны ацыд. Фæстæмæ цæугæйæ йыл йæ хъæуккаг фембæлд, æмæ йæ лæг фæрсы:

– Нæхимæ цы хабæрттæ ис?

Уый йын афтæ:

– Уæ куыдз амардис.

– Цæмæй амард?

– Йæ хъуыры стæг фæныхстис.

– Ау, æмæ мах куыдз æддæмæ куынæ фæцæуы.

– Æмæ уæхи галы стæг уыди.

– Уæу-уа, мæнæ диссаг, æмæ нæ галыл та цы ‘рбамбæлд?

– Хистæн æй аргæвстой...

–Цавæр хистæн?

– Рухсаг уа, уæ мад куы амардис.

– Куыд амардис?!

– Уæ хæдзар фехæлд æмæ йыл аххæрæг æрхауд....

– Мæ хæдзар бынтондæр куы бабын ис, уæд мын æй ай та нæ куыдзы сæфтæй дзурын куы райдыдта, уæу-уа!

Радзырдта йæ Датиты Дуня, 63-аздзыд.
Ныффыста йæ Гæлуаты Маргаритæ Павелы чызг, Лабæ, 1976 аз.
Цæгат Ирыспюны паддзахадон университеты
уырыссаг литературæйы кафедрæйы архив

АМАРД СÆДÆАЗДЗЫД НИКЪО

Амард сæдæаздзыд Никъо. Зианы рахастой, зианхæсджытæ кæрæдзи ивтой.

Иосифæй ахъазæм, зæгъгæ йæ ничи ивта, уæд сын уый афтæ: «Марадзут-ма, æз дæр æй нæхимæ нæ хæссын».

Радзырдта йæ Кучиты Иосиф Сабиайы фырт, 65-аздзыд.
Ныффыста йæ Гæлуаты Маргаритæ
Павелы чызг, Октябрыхъæу, 1976 аз.
Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты
уырыссаг литературæйы кафедрæйы архив

ÆХХОРМАГ ЛÆГ

Дзимыры, дам, иу хæдзармæ æххормаг лæг бацыдис. Хæдзары ’фсин уазæгыл баузæлыд, стæй уæд йæхинымæр батыхст хæринагыл уазæгæн. Уазæгмæ бакаст æмæ дзы хатыр ракуырдта, æз, дам, куыроймæ ныууайон ссинагимæ, кæннод нæм ссад нæй. Æфсин ацыд. Уазæг бады, куы иу къуыммæ бакæсы, куы – иннæ къуыммæ, æнхъæлмæ кæсы, стæй уæд ахъуыды кодта: адон кæд куырой сдзысты, кæд æй хæдзармæ хæсдзысты се ссад æмæ дзы кæд кæрдзын фыцдзысты. Фæлтау цæуон а хæдзарæй.

Радзырдта йæ Персаты Алыкси.
Ныффыста йæ Цакойты А., Змейкæйы хъæу.
Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты
уырыссаг литературæйы кафедрæйы архив

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***9 июны*** республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло фыссæг Наталья Куличенкойы схорзæхджын кодта «РЦИ-Аланийы адæмон поэт»-ы кадджын номæй. 21 июны та Национ наукон чиныгдоны уыд поэты юбилейы кадæн сфæлдыстадон изæр.

► ***12 июны*** Кæсæг-Балхъары Республикæйы уыд зындгонд фыссæг, «Кавказы фысджыты клуб»-ы бындурæвæрæг Салих Гуртуевы номыл бакастытæ. Ирыстонæй дзы архайдта Хетæгкаты Оксанæ.

► ***19 июны*** РЦИ-Аланийы Оперæ æмæ балеты национ паддзахадон театры уыд УФ-йы сгуыхт артист Гæлæуты Анатолийы чиныг «Мæ уды сагъæстæ»-йы презентаци. Чиныджы нывгæнæг – Цæллагты Виктор.

► ***24 июны*** Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты уыд «Ирон Нартиадæйы энциклопеди»-йы презентаци.

► ***12 – 13 июлы*** Дзæуджыхъæуы уыд II Æппæтдунеон медиафорум «PRO Кавказ». РЦИ-Аланийы Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитеты хъæппæрисæй арæзт мадзалмæ æрбамбырд сты журналисттæ æмæ рауагъдадон кусджытæ Уæрæсейы Федерацийы регионтæй æмæ фæсарæнтæй. Форумы куысты архайдта нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло. Конкурс «Идея PRO»-йы уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцыдысты æхцайы премитæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй.

Переводчик А. В. ЗОЛОЕВ
Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике
Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 7. 2023 г.
Подписано в печать 16.07.2023 г. Выход в свет: 26.07.2023 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 298. Цена свободная.

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Индекс 73247
12+